МАХ ДУГ

2018 9

Фыдлæгтæн сæ фауæнтæ дæр сты æппæлæнтæ.

Сенека Луций Анней (Кæстæр)

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Казбек МАМУКАЕВ

Редакция

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ
Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

МАХ ДУГ

9
2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

НОМЫРЫ ИС:

БУЛКЪАТЫ МИХАЛ: 90 АЗЫ

Михалы тыххæй дзурынц 6

БУЛКЪАТЫ Михал. **Кæфци** 9

КЪИБИРТИ Амурхан. **Байгон уй арви дуар.** Æмдзæвгитæ 41

ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 80 АЗЫ

ХЪОДАЛАТЫ Герсан. **Цыбыр радзырдтæ, æмдзæвгæтæ** 54

БЫГЪУЫЛТЫ Къола. **Æлвæст хъуыдытæ** 67

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. **Мысдзынæн дæ дардæй.** Æмдзæвгæтæ 70

ИВАН ТУРГЕНЕВ: 200 АЗЫ

Иван ТУРГЕНЕВ. **Прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ, хъуыдытæ** 74

ГАГЛОЙТЫ Анатоли. **Цыппар æмдзæвгæйы** 86

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

Санаты Сем 88

МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ 100

УИДÆГТÆ

ХЪАНТЕМЫРАТЫ Эльбрус. **Алайнаг така** 111

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ХОЗИТЫ Петр. **Сусæг революцийы æргом фæстиуджытæ** 114

АРВИСТОН 128

УÆЛÆМХАСÆН

Петр ВАЙЛЬ. **Ермоловский камень** 138

БУЛКЪАТЫ МИХАЛ: 90 АЗЫ

МИХАЛЫ ТЫХХÆЙ ДЗУРЫНЦ

* * *

Зынгæ ирон фыссæг, тæккæ хуыздæр ирон историон романты автор Булкъаты Михалы тыхх æй дзургæйæ, зæгъын хъæуы – йæ романтæ «Теркæй – Туркмæ», «Дæ фыдæлтæ – рухсаг», «Нарты Сосланы æвдæм балц», йæ историон уацаутæ æмæ радзырдтæ ирон аив литературæйы æрттивынц цæхæркалгæ стъалытау.

Булкъаты Гаврилы фырт Михал райгуырд 1928 азы Ахметайы районы, Къахеты. Астæуккаг скъола каст фæци 1943 азы. Фæстæдæр йæ ахуыр адарддæр кодта Калачы, æфсæнвæндаджы инженерты институты эксплуатацион факультеты. Каст æй фæци 1953 азы. Райста, уæд бæллиццаг чи уыдис, ахæм дæсныйад – ссис æфсæнвæндаджы инженер.

Æртæ азы бакуыста Донбассы. Цалынмæ нæ ахастдзинæдтæ нæ сыхаг гуырдзиæгтимæ нæ фехæлдысты, уæдмæ, 1991 азмæ, куыста Самтредийы. Ссис æфсæнвæндаджы вагзалы директоры хæдивæг. Фæлæ йын уыцы уавæрты кусыны нæ, фæлæ цæрыны бар дæр нал уыдис æмæ æд бинонтæ тыхх æйты æрбаирвæзт Цæгат Ирыстонмæ.

Нæ хуыздæр фысджытæй иу – Булкъаты Михал, – йæ уд кæмæн снывонд кодта, нæ уыцы фыдыбæстæйы баззад гом арвы бын. Мæнузæгъæг ын нæ разынд, æмæ 1993 азы амард.

1961 азы журнал «Фидиуæг»-ы фыццаг уацмыстæ «Иу цæссыг», «Трактор æмæ гутоны зарæг», уæлдайдæр «Нæмыгдзæф фæндыр» куы фæзындысты, уæд ирон чиныгкæсæгæн фадат фæцис Булкъайы-фырты сфæлдыстадимæ базонгæ уæвынæн.

Уыцы радзырдтæй сæ иуæй иннæ у хуыздæр, сæ иуæй иннæ – нуарджындæр, фæлæ нæ «Нæмыгдзæф фæндыр»-ы фæрцы æцæгæй бауырны, Фыдыбæстæйы хæсты йæ туг чи калдта, уыдонæй, фæсчъылдым чи баззад, уыцы адæмыл хуыздæр бон кæй нæ уыдис. Фыссæг ахæм реалистон цаутæй, детальтæй пайда кæны, – мадæй йæ зынгхуыст ныфсы мæлæт, стæй нæмыгдзæф фæндыр куыд æмбæхсынц, – æмæ сæм æнæныккæрзгæ нæ фæуыдзæн цыфæнды дурзæрдæ адæймаг дæр. Уацмыс чи бакæса, уый йæ никуыуал ферох кæндзæн.

Уый у, Михал уæлæнгай ныхасмæ æмхиц кæй нæ уыд, фæлæ

æцæг нывгæнæг кæй уыдис, ууыл дзурæг. Аивад ын уыдис цардбарæн, дунейы диссæгтæ æвдисæг.

Михалы арф зонд æмæ зæрдæйæ, йæ удуæлдай фæллойæ рантыст диссаджы аивадон роман – «Нарты Сосланы æвдæм балц». Фыссæджы бон бацис царды фарн сныв кæнын, йæ хъæнтæ йын хурмæ рахæссын, æмæ сæ абон дæр уыны ирон чиныгкæсæг. Уый, уæлдайдæр уыцы рæстæджы, тынг зын уыдис – нæ цард дзæнæт у, зæгъгæ, нæ ахуыр кодтой; Михал та раргом кодта, æхсыры цады кæй надтой, уыдоныл рох низ куыд æфтыдтой, цæмæй сæ бон хъуыды кæнын ма уыдаид. Афтæмæй уæд ахæмтæ дзурæн, фыссæн нæ, ской кæнæн дæр нæ уыд.

Фыссæг æппынæдзух тырныдта, цæмæй йæ алы уацмысæй дæр нæ литературæмæ хастаид ног дзуринæгтæ, адæймаг кæй иувæрсты нæ ахиздзæни, тынг зæрдæбынæй кæуыл бацин кæндзæни, нæ аив литературæйы æнтыстыл кæй банымайдзæнис, ахæмтæ. Æмæ уыдон иууылдæр бафтыдысты йæ къухы, кæд царды бирæ зынтæ бавзæрста, уæддæр. Мæнгæй нæ акæнынц: чи цы агуры, уый ссары. Михал йæ уд нывонд кодта литературæйæн, адæмы рæгъмæ цы хаста, уый арæзта йæ тугæй фыссæгау æмæ йын æнтыст бирæ алæмæтон уацмыстæ ныффыссын.

Уæддæр Булкъаты Михалæн æцæг фыссæджы стыр ном æрхастой йæ романтæ «Теркæй – Туркмæ» (дилоги, 1970, 1979), «Дæ фыдæлтæ – рухсаг» (1982), «Нарты Сосланы æвдæм балц» (1988).

Хъазиты Мелитонмæ *ræсгæ*

* * *

Ирон æвзаджы уæззау хъысмæтыл Михал æдзухдæр стыр зæрдæрисгæйæ дзырдта. Йæ сонты бонтæй фæстæмæ йæ уарзон Ирыстонæй иппæрд лæгæн уый иунæг удæнцой басгуыхт. Уымæй уагъта йæ мондæгтæ, уый зæринмыр зæлланг ын зæххы къорийы æппæт хæрзтæй зынаргъдæр уыд.

Кæд бирæ азты дæргъы кæйдæр æвзагæн лæггад кодта (Гуырдзыстоны телеуынæны дзыллон конкурсы бацахста фыццаг бынат), уæддæр йæ ирон удыхъæд нæ фесæфта. Йæ дард балцыты рæстæг йæ фæндаггон рифтаджы дардта Къостайы «Ирон фæндыр». Зын сахаты-иу ын йæ бур сыфтæ куы фæлдæхта, Иры æнусон хæрзгæнæджы зæрдæбын сагъæстæ дамгъæгай, рæнхъгай куы фæзмыдта, уæд-иу йæхи иунæгæй æмæ æнамондæй нал æнкъардта. Йæ бæллицты базыртыл-иу атахт йæ

фыдæлты уæзæгмæ, фыццаг хурыскаст кæм федта, йæ мады хъарм хъæбысы «А-лол-лай»-ы зарджытæм кæм хъуыста, уыцы æрдхæрæн дунемæ.

Ирыстонмæ æрбаздæхгæйæ куы федта, ирон æвзаг цы дæлдзиныг, æфхæрд уавæрмæ æрхауд, уæд йæ фæллад зæрдæйы тугтæ ныттагъди: «Æхсæнадон æмбырдты, съездты, ныхасы, телеуынæны, радиойы, мыхуыры фылдæр уырыссагау куы фæдзурынц, уæд сын æргомæй ничи бауайдзæф кæны: гормæттæ, ирон мад уæ куы ныййардта, уæд иронау цæуылнæ дзурут? Цæмæн æвæрут фæсдуар, уæ хъуыды уын æппæты фыццаг чи ссыгъта, уыцы æвзаг? Кæд уæ нæ тыхтонайы дуджы æгъдау æрцахста, уæд Къостайы искæцы æмдзæвгæйы иу рæнхъ райсут стырдæр ныфсы хосæн. Кæйдæр зарджытæ уал фæуадзут æмæ уæ мадæлон æвзагыл иунæг Стыр Хуыцаумæ иронау ныккæут, ныббогъ, ныххæкъуырцц кæнут æмæ æрлæуут, дæлбар уæ цы тыхтæ кæнынц, уыдоны ныхмæ!..

Уæвгæ, мæ ныхас мигъмæ дзурæгау у. Æндæр æвзагыл (уырыссаг, гуырдзиаг, фæсарæйнаг – уæлдай нæу) хъуыды кæныныл ахуыр чиновник йæ куысты гæххæттытæ иронау ныффысса, кæнæ йе ‘мкусджытæм иронау сдзура æмæ сын информаци иронау ратта, уый мæ нæ уырны. Не ‘взаджы хъысмæт ын йæ зæрдæ куынæ агайа, уæд ыл йæ сæр цæмæн хойдзæн?»

Диссаг та куыд нæ у! Æнусты размæ царды тыгъдызæйтæ æндæр бæстæм кæй фæхастой, уыдон, стæмтæй фæстæмæ, нæ ферох кодтой се ‘взаг, цæстыгагуыйау æй хъахъхъæдтой, ардбахæрдау æй лæвæрдтой хистæрæй-кæстæрмæ. Абон дæр уыдонæй бирæтæ дзурынц рæсугъд æмæ сыгъдæг ирон æвзагыл. Уæд мах чердыгон адæмыхатт стæм? Куыд æнцонæй сисæм нæ къух нæ рагфыдæлты стырдæр культурон хæзна – ирон æвзагыл? Æви нæ бынтондæр ферох, бæласæн йæ уидæгтæ куы алыг кæнай, уæд хуыскъ кæй кæны, уый?..

Мурасты Эльбрус

БУЛКЪАТЫ МИХАЛЫ ТÆФÆБОН

Бафынæй... Фыд фын... Уынгæг хæст... Зæрдæ –
Масты фурды судзгæ нау – фæдæлдон...
Не знæгтæн сæ рад: фыццаг – æвзæрдæр,
Махæн та – хæрзæджы сæфт – фыдæлтæй!..

Хъæц, фæраз!.. Æз дæр æй зонын, зонын!..
Фæлæ уый мæ кæстæр уыд, æфсымæр!..
Уæд мæ уд цæуыл лæууа, цы ‘фсоныл?
Зонд ныггоби, дзурæн дзых ныссымæр...

Бирæтæн сæ къодахыл дæр ногæй
Зайы тала, арвы цъæхмæ ‘ххæссы.
Æз – зæронд, къуызыр бæлас – мæ цонгæй
Нал фæразын асæрфын мæ цæссыг.

Бирæтæн сæ цæсты рухс – мынæгыл,
Гъе, уæддæр бæзхъуын кæны сæ хæлын!..
Æз – бæлас, уæлгъæдæй хус мæ зæнгыл, –
Ме ‘нхъæлцау, мæ ныфсы цæнгтæ згъæлынц...
Уæд цы кæнон?..

1993

Нафи

БУЛКЪАТЫ Михал

КÆФЦИ

«...Æнæмæнг хъæуы алырдæм дзырдхæсджытæ фервитын. Уыдон хъуамæ сæ уæлæ скæной хотыхдарты, сæудæджерты, хосуæйгæнджыты, стæй дервишты дарæс æмæ цыдæриддæр фехъусой, уый уайтагъд паддзахмæ фæбæрæг кæной».

Низам Аль-Мульк.
«Сиасет-Наме».

Тæрхоны уаты бадтысты дыууæйæ – фæтæг Æмбазыг æмæ Борæты Кæфци. Зæрæхсиды милтæ æрбахъуызыдысты уатмæ, æддейæ мæсыгхъахъхъæнджыты æгуыппæг уынæр хъуыст. Æмбазыг фынг æрбахаста йæхæдæг, йæ уæлæ йын æрæвæрдта ронгæй йедзаг хъуырау, къуымæл, сурфых дзидзайы кæрдихтæ æмæ цæхх. Фынджы фисыныл ныхæст цырагъы рухс бандзыг.

Дыдзы рухсмæ фæтæджы цæсгом пергаментау фæлурсæй зынд.

Хингондау касти Кæфци Æмбазыджы æрхæндæг цæсгоммæ, дис ыл æфтыд: стæры нæ фæкъуыхцы сты, нæдæр сау сынтытыл æвæрд хæсгæ мæрдтæй байдзаг сты Дур-чъыры[1] сахары уынгтæ. Цæуыл сагъæс кæны фæтæг, науæд Кæфцимæ цæмæн фæсидтис ацы изæр?

– Куырмæджы архайгæйæ цъысымы куы бахауæм, мыййаг! – загъта æнæнхъæлæджы Æмбазыг.

Цъæтау здыхт дзæбидыры сыкъайы хуылфæй Кæфцимæ ронджы цæллахъ æрбайхъуыст, фысымы ныхæстæ йæ зæрдæйы схъисау фæныхстысты.

Чысылæй Сыгъдæджы сахары чырыстон аргъуаны цумайы лæппуйæ фæхатт Кæфци, родосаг сауджыны фæрцы бердзенаг æвзаг æмæ дины чиныг кæсын базыдта. Æмæ ныр дæр хаттæйхатт згъæрты бæсты бердзенаг сауджыны дарæс скæны, æнцой рæстæджы Хъырымы стыр армукъатыл азилы. Солхат, Кафу æмæ Сыгъдæджы сахарты бердзенæгты, туркæгты æмæ монголты цæсты раз тезгъо фæкæны алайнаг хъæбатыр хæстон. Хатгай-иу йæ дзыппы иу дирхем[2] нæ уыд, афтæмæй-иу Херсонесы константинополаг æмæ багдадаг сæудæджерты каруансараты[3] смидæг. Кафуйы-иу чъизи ханакаты[4] пысылмон дервиштимæ дурæй хъæбæрдæр хоры къæбæр æхсыдта. Зыдта хъæбатыр хæстон: армукъатæм æрмæст зынаргъ дзаума æмæ цагъайрæгтæ нæ ластой фæсарæйнаг сæудæджертæ. Сусæг дзырд сызгъæрины аргъыл уæй кодтой персаг, мысыраг, туркаг æмæ итайлаг базаргæнджытæ. Алайнаг хæстон уыцы зынаргъ «фос» æлхæныл нæма фæцалх æмæ- иу æй хатгай тыхæй байста тæппуд сæудæджертæй.

– Фæтæг, Борæтæ сæ нæлгоймæгтæй хæстонтæ хъомыл кæнынц, – загъта тызмæггондæй Кæфци.

Æмбазыг ыл йæ къух ауыгъта:

– Кæсаг ленк кæнын зоны, зæгъгæ, мын уый бæлвырд кæныс!

– Цъысымы куы фæцæйхауын, уæд мæ мæхи уды мæт нал

---

[1] Дур-чъыр – Хъырымы, Бахчисараймæ æввахс ис, алантæ кæй сарæзтой æмæ кæм цардысты, ахæм рагон сахар Чуфут-къале. Иуæй-иу автортæ йæ хонынц «Каргир». Уый араббаг дзырд у æмæ нысан кæны: «Дур-чъыр».

[2] Дирхем – *(араб.)* монголты дуджы æвзист кæнæ æрхуы æхца.

[3] Каруансара – рагзаманы базаргæнæн агъуыст.

[4] Ханака – *(араб.)* Дервишты æмæ цоппайгæнджыты хатæн, хæрæндон.

вæййы. Бæрæг дæм куынæуал фæхæццæ уа, уымæй фæтæрсын. Авд арды азар мæ басудзæд, кæд раст нæ зæгъын.

– Æрбад, зонын æй: фадат уæвгæйæ монголты ханы уæцъæф хурмæ рафæлдахис, йæ зæрды цы ис, уый базоныны сæрапонд.

– Уæд та дын дæ хъуыды не ‘рцахстон, – загъта Кæфци.

– Хабар базоныны агъоммæ нæм æгæр æрбаввахс вæййынц ацы уæнгæлтæ. Афтæмæй нæ сæ азар куы басудза...

– Бæргæ, тæрхоны семæ куы бадиккам сыстхортæн.

– Æгас Хъырымы сæхицæн хъалондар скодтой, мах та сæ нæ къæсæрæй дурадзагъдæй аскъæрæм фæстæмæ. Батайдзæн нын ацы быцæу? – Сагъæсдзыд цæстыгæ Кæфцимæ фæцарæзта.

– Барынтæ нæ зонынц уыдон... Цы бачындæуа, уый зæгъ, фæтæг! Фысым ын дзаг сыкъа йæ къухты фæсагъта.

– Сыгъдæджы сахары наулæууæн байдзаг мысыраг æмæ сириаг сæудæджерты наутæй, – йæ хъуыдыты хал ныппырх, афтæмæй дзырдта уый.

– Уый зонын, Æмбазыг, мæхæдæг дын æй куы загътон.

– Сæ наутæ цæмæй байдзаг кæндзысты, уый мын нæма загътай.

– Зæгъдзынæн дын æй, кæд мын нæ бæсты бардуæгтæ мæ цæрæнбонтæ нæ байсой, уæд.

Æмбазыг хъынцъымы мыртæ рахатыдта йæ разы бадæджы хъæлæсы, йæ зæрдæйы схъисау фæныхстысты уыцы мыртæ.

– Къæпсыхорæй ницы бæрæг ис... Сæнгибанæй.

– Уый нæма зонын, фæтæг.

– Знон хъуамæ æрбахæццæ уыдаид Дур-чъырмæ теуаты чырæ: Сæнгибаны куырдадзы цагъд хæцæнгæрзтæ хъуамæ æрбаластаид. Нырма дзы ницы бæрæг ис... Фыдбылыз куы нæ бахоид куырды дуар!..

– Хуыцау бахизæд! – фæтæджы æрхæндæг цæсгоммæ скасти Кæфци; цæхгæр загъта:

– Мæнæй хуыздæр бæрæгдзау кæм ссардзынæ? Стæры цæуыны агъоммæ æрбаздæхдзынæн.

– Сыгъдæджы сахармæ ныццу, – цырагъы рухсмæ æдзынæг кæсгæйæ загъта Æмбазыг.

Фæуыргъуыйау Кæфци, фæтæг сæнттæ цæгъды, зæгъгæ, фенхъæлдта.

– Сæнгибан Къæпсыхоры цæры, Сыгъдæджы цы агурын?

– Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, Кæфци: Къæпсыхоры аразинаг

цы уыд, уый сарæзтой тæтæр æмæ ды æнæхъуаджы цæуыс уырдæм.

Йæ зæрдæ йын адихтæ кодта Æмбазыджы хъæлæсы уаг.

– Уæдæ цы бачындæуа?

– Сыгъдæджы сахар ды хорз зоныс.

– Йæ дуртæ дæр мын нымад сты.

Чысыл фæкъуылымпы, стæй цадæггай загъта Æмбазыг:

– Цумайы лæппуйæ-иу цы чырыстон аргъуаны уыдтæ, уырдыгæй нарæг уынг, фат куыд фехсай, афтæ ныббыцæу денджызгæронмæ.

– Итайлаг сæудæджертæ йæ Меркурийы уынг хонынц.

– О!.. Аргъуанæй анымайгæйæ галиуырдыгæй фарс æвдæм хæдзары кулдуар бахой. Цуркбоцъо дын бакæндзæни кулдуар.

– Цы йын зæгъон?

– «Хъуырæуттæ уæйййаг дæм нæй?»

– Уый мын цы зæгъдзæн?

– «Ис мæм, фæлæ чъырсудзæны сыгъд нæма сты».

– Хорз.

– Сæнгибаны хабар дæр кæд уырдыгæй базонæм, уый йеддæмæ йæ Къæпсыхоры монголтæ йæ раны куы ныууагътаиккой, уæд афонмæ бæрæг уаид куырдæй.

– Хорз. Кæд мын ратдзынæ Дур-чъыры сахарæй ацæуыны бар?

– Тæккæ райсом. Æртæ бонмæ дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн фæстæмæ. Тагъд-иу цу, бæхтыл ма бацауæрд.

Фæцæйцыд, дуары цурмæ ма йæм адзырдта:

– Мысыраг æмæ сириаг сæудæджертæ сæ науты цы ласдзысты, уый базон æнæмæнг... Чи зоны, искуы мах дæр бахъæуа ахæм фæндагыл ацæуын.

Дзыхълæуд фæкодта Кæфци, цæстæй абарста фæтæджы.

– Стæй базайраг аласын кæмæн бахæс кæндзынæ?

– Дæуæн, – æнæферхæцгæйæ йын загъта Æмбазыг.

Федзæм ис Кæфци:

– Ма кæ, мæнæн мæ мыггаджы хистæртæ кардæй архайын йеддæмæ ницы бацамыдтой.

– Гуыбынæй ничи ницы рахæссы. Кæмфæнды у, дыууæ хъуыддаджы дæ зæрдыл дар! Иу уал уый, æмæ калмæн йæ сæрмæ хъуамæ бахъавай. Дыккаг та – дæ фæсчъылдым æгас Хъырымы алантæ лæууынц!

Кæфци йæ сæрæй акуывта, дуарыл рахæцыд.

– Мæнæ уый демæ ахæсс, пæлæзы бын æй нытъæысс.

Дыкомон чысыл кард йæ ронбасты атъыста Кæфци æмæ нарæг здыхт асиныл ныуад.

* * *

Кæхцгæнæны мæйы æнтæф хур ныккаст Хъырымы æрдæгсакъадахмæ. Фадхъулмæ рыджы лæгæрста Кæфцийы бæх, йæ фæрсты фынк калди. Зæхх ныскъуыдтæ, кæрдæг бахус быдырты. Арвгæроныл арт сирвæзт æмæ пиллон калдта.

Кæд монголтæй æдас нæ уыд, уæддæр йемæ никæй ракодта, сæ къухы куы бахауон, уæд ма исчи цæмæн фесæфа, зæгъгæ. Иунæгæй цæуын уарзта, хынджылæг скъæрын: «Монголты хан мæ Солхатмæ фæхуыдта, уазал хъуымызæй мæ хорз федта». Науæд та: «Бей Яшлауимæ лæскъ дардтам æмæ абон байуæрстам».

Стæры цæуынæй дарддæр цы арæзта, уый ничи зыдта, фæлæиу Борæты Кæфци Дур-чъыры сахары уынгты куы фæзынд, уæд-иу раивылдысты гом кулдуарæй стæры цæуæг хæстонтæ.

Чи зоны, ныр дæр ма Сыгъдæджы аргъуаны дзæнхъа астæрд йе ‘взагæй стæрид Кæфци. Æнæнхъæлæджы кæцæйдæр Æмбазыджы фыд Базыг фæзынд, лæппуйы гом фæрсчытыл йæ цæст авæрдта. Цумайы лæппуйы бызгъуырты бæсты уый ныр йæ уæлæ згъæртæ хъуамæ дара, зæгъгæ, загъта фæтæг. Хуыцаумæ кувынæй, дам, Хуыцауы къахæргæвдджыты цæгъдын стырдæр хъуыддаг у. Бар никæмæй ракуырдта, Дур-чъыры сахармæ йæ ракодта. Æмбазыг ма уæд хуымæтæджы хæстон уыд, Кæфци æмæ Æнæрисимæ сын иумæйаг уыд рын æмæ цин. Стæй сæ лæгты карæнмæ бахæццæ сты лæппутæ, Æнæрис куырды дзæбуг систа йæ къухмæ, Æмбазыг та æгас Хъырымы аланты хъысмæт æрбайста йæ уæхсчытæм. Кæфци та? Уый нырма Сыгъдæджы сахармæ æрвиты йæ фæтæг, уый фæстæ цы уыдзæн, уымæн а бæсты дзуæрттæ – йæ дæсны.

Сыгъдæджы сахары цард йæ былтæй калд. Наулæууæны-иу сæ науæнгуыртæ ныппæрстой венециаг, генуйаг, родосаг, константинополаг, хатыйаг, мысыраг æмæ трапезундаг наутæ. Ныгуылæйнаг сæудæджертæ Хъырыммæ ластой цæхх, хъуымац, бæмбæг, пырындз, сапон, итайлаг сгæллад, лыстæг гæнæй уæфт хæдойнаг хъуымац, букарон[5], æхсаргардаг æндон, рæсугъд ныв-

[5] Букарон – рог зынаргъ хъуымац.

æфтыд кæрдтæ, сæн. Скæсæйнаг сæудæджертæ итайлæгтимæ быцæуæй сæ бицъынæг скъуыдтой æмæ Хъырыммæ æфтауц кодтой персайнаг гауызтæ, хиндийаг зынаргъ дуртæ, хатыйаг атлас, адæймаг кæй фендæй сонт кодта, ахæм бирæ алыхуызон дзаумæттæ. Уый хыгъд-иу сæ науты трюмтæ байдзаг кодтой цагъартæй, мæнæуæй, кæсагæй, цæрмттæй, къуымбилæй, мæскуыйæ, хъæдæрмæгæй, мыдæй, бæхтæй. Хæлоф кодтой удæгас базайрагыл æмæ афтæмæй йæ уд ластой Хъырымы æрдæгсакъадахæн.

Бæхарцджын хъарагъулты иувæрсты ныйивгъуыдта Кæфци, сахары сæйраг кулдуарæй мидæмæ баирвæзт. Йе уæхсчытæ айтынг кодта, бæх дæр атындзыдта адзалæй йæхи иуварсгæнæгау. Цагъарты базары дзолгъо-молгъо Понт-Эвксины уынæргъынимæ схæццæ. Йæ хъустæ йын хуынчъытæ кодтой науæгуырты уæззау рæхысты дзыгъал-мыгъул, уаргъæвæрд теуаты зæрдæхалæн богъ. Кæфци, бæх йæ фæдыл идадзæй ласгæ, сæтой теуаты мукъуты бынты фæцæйбырыд, удæгас базайрагæй кæм базар кодтой, уырдæм йæхи æввахсдæр ласта. Теуаты мицъыра æмæ æмбыд кæсаджы смагæй йе ‘мбудæнтæ фæцæйтыдтой. «Галы бындз æмæ цагъартæ æлхæнæг сæудæджертæй байдзаг сты армукъатæ», – хъуыды кодта хинымæры.

Хидимæ хæццæ рыг ын йæ цæстытæ къахта, дзынгаты гуывгуывæй йæ хъустæ æмыр кодтой. Базары цъымара йæ фæсчъылдым фæуагъта, скæсæны къаннæг кулдуармæ сарæзта йе ‘ргом. «Изæрмилты бахой В Меркурийы уынджы æвдæм хæдзары кулдуар», – фæдзæхста йын Æмбазыг. Йæ зæрдæ нал фæлæууыд, бæх йæ фæдыл ласгæ Меркурийы уынджы галиуварс хæдзæрттæ нымадта. Æвдæм хæдзары хъæдын кулдуар тымбыл къухæй бахоста, ныхъхъуыста, банхъæлмæ каст. Мидæгæй къахдзæфты нæргæ уынæр райхъуыст, цыма боцкъайы фарс дæлфадæй хостæуыд.

Кулдуар гæзæмæ бачындæуыд æмæ цуркбоцъо радардæуыд зыхъхъырæй. Цыма дыууæ дзыхъхъы джынасуйы æртæхтæ ныттагъдæуыд, уыйау зылдысты цæстытæ.

«Цуркбоцъо!»

– Хъуырæуттæ уæййаг дæм нæй? – афарста чъызгæ.

Джынасуйы дыууæ æртахы ноджы цырддæр сызмæлыдысты, лæг йæ цæсгом Хуыцаумæ сарæзта, кулдуар рахгæдта æмæ мидæгæй хъуыр-хъуыр райхъуыст:

– О Зевс, дæ азар ыл ныккал! Цæй хъуырæуттæ агуры ацы æнæхуыцау ам!..

Бердзенаг æмæ итайлаг дзырдтæ схæццæ кодта, Кæфци сæ уæддæр бамбæрста тыхамæлттæй.

Æгæр раджы цыд фæдæн, зæгъгæ, фæстæмæ раздæхт. Наулæууæнырдæм æй ласта цыдæр тых, базары цъымарайыл ын æнæныццæугæ нæ уыд.

Гарзджын басхъахътæ[6] уæлбæхæй разил-базил кодтой базары. Хъалон бафидыныл-иу дыууæ чи загъта, уый-иу æрцыты бырынчъытыл фелвæстой, кæнæ та-иу æй йæ саджилы онг æхсаргардæй ныффастой. Пысылмон сæудæджертæ армукъайы цалдæр æлмæрины хъуымац, кæнæ цалдæр джиранкайы цæххы аргъмæ онгвидар цагъартæ æлхæдтой. Уый фæстæ сæ Дамаск, Халеб, Трапезунд æмæ Багдады уæй кодтой сызгъæриныл.

Мысыраг хъæздыг сæудæджертæ дæсаздзыдæй къаддæр læппутыл цуан кодтой, уымæн æмæ зыдтой: султан Ал-малик аз-захир-Рунк-ад-дин Бейбарсы хъуыдысты мамлюктæн æмæ сыл сызгъæринæй дзаг чыссæтæ læвæрдта.

Адæргæй йæ цæстытæ бацъынд кодта Кæфци – магъз æмæ тугæй самæстæуыд армукъайы дурастæрд. Кæуылдæр йæхи скъуырдта гуырæй-гуырмæ, фестъæлфыд, мигъдзастæй йæм скаст, Йæ сæры хил суанг йæ сæвджын фæсонтæм кæмæн æххæссыд, ахæм бæзæрхыг цуркбоцъо læууыд йæ разы. Сыгъдæг сахары чырыстон аргъуаны къулыл конд бардуаджы нывы хуызæн æм фæкаст цæмæндæр. Цыма дзы исты айста, уыйау йæ фæдыл кæсгæйæ баззад Кæфци.

Чи йæ зоны, цал нæлгоймаджы фæхицæн кодтой сæ бинонтæй ацы æфсæст пысылмон сæудæджертæ. Науæд цал сабийы стыдтой мады хъæбысæй. Фæласдзысты сæ дунейы алы къуымтæм, хуымæтæджы æрттиваг дзаумæттыл сæ баивдзысты, фосау сæ ныууæй кæндзысты, Кæфцийы кæстæр æфсымæр Ферохы куыд ныууæй кодтой, афтæ.

Чысыл фæстæдæр сæ ныййарджыты ферох кæндзысты, мамлюкы дарæсы сæ сфæлынддзысты, ног мæйау къæдз æхсаргард æмæ хæстон бæх суыдзысты сæ бардуæгтæ.

Науæд сын сæ бæрзæйтыл ставд рæхыстæ сæвæрдзысты,

---

[6] Басхъахъ – *(монг.)* фæткæвæрæг хицæуттæ монголтæм.

хуры цæст фенымы фадат сын нал уыдзæн. Кæм ис цымæ Ферох, удæгас ма у? Афонмæ диссаджы хæстон суыдаид.

Чи зоны, йæхи цы цуркбоцъойыл скъуырдта, уый дæр цагъартæй базар кæны. Æфсæст цардæй сæ цæстытæ ныммынæг сты, се уæнгты зивæджы мигъ ныббадт æмæ æнæзæххон æндæргтау хилынц... Науæд, чи зоны, кæйдæр ехсы бын Ферох йæ уд систа æмæ йæм æнæхъуаджы æнхъæлмæ кæсы зæронд нана.

Дзæгъæлы йын нæ фæдзæхста Æмбазыг, утæппæт науты цы ласдзысты... уый базон, зæгъгæ. Цы ма баззаид Хъырымы алантæй, цалдæр хатты дзы, ахæм наутæ седзагæй куы аласиккой, уæд?

Ныртæккæ дунейы æппæты стырдæр низ монголтæ сты, фæлæ цагъартæй базар кæнын дæр уымæй къаддæр низ нæу. Афтæ у, æвæццæгæн: буары иу онг куы скæлæдздзаг вæййы, уæд иннæ низтæ дæр сæ сæртыл схæцынц.

Нæ, нал уыдзæн Ферох æмæ æнæхъуаджы у йе ‘нхъæлмæкаст зæронд нанайæн.

Фырмæстæй йæ ронбаст асгæрста Кæфци, йæ къух ницæуыл схæцыд, сæудæджеры атлас пæлæзы бын æфснайд чысыл карды йеддæмæ. Науæд згъæртæй фæлыст куы уыдаид, уæд цы йæ бон уыд? Йе знæгтæ йæ цæстыты раз змæлыдысты, йæ къухмæ хæцæнгарз райсын йæ бон нæ уыд. О авд арды, уæ азар ныккалут сыстхортыл!

Йæ цæстытæ ныттар сты, армукъайы адæм цыма мигъы къуымбилты тыхт уыдысты, афтæ йæм каст. Хуыцаумæ кувæгау схæцыд йæ рахиз къухыл, аивæй йæ йæ цæстыл æруагъта.

Змисбыдырты æвæлмас наутæ – уаргъæвæрд теуатæ – хуры цæстмæ læууыдысты, фæйнæрдæм сæ сæт калдтой. Холладжы баззайæццæгтæ, фосы фаджыс æмæ кусæрттæгты хуылфыдзаумæттæ сæмтъеры сты, куыйтæ кæрæдзи тыдтой рыджы змæст тъæнгтыл.

Даргъ рæхысæй кæрæдзимæ баст цагъарты йæ разæй рацæйскъæрдта мысыраг шкипер[7]. Сæ хицау сæ фæдыл уæзбынæй рацæйцыд, фæтæн, хуызджын ронæй æрбалхъывта йæ хытъын. Стуры нуæрттæй быд ехсы кæроныл баст æфсæйладжы тымбылтæ кафыдысты цагъарты тугамæст чъылдымтыл. Шкипер ногæй ныззылдта йæ нæмæнгарз. Кæфци læууыд иуварс, бронзæхуыз чъылдымтæ нымадта. Рыгхæццæ туджы нычъчъиу сты

[7] Шкипер – афтæ хуыдтой рагзаманы науты хицæутты.

раззаг цагъары сау боцъотæ, йæ уæнтæ хохы фахсау ныхъхъил сты чъылдымæй уæлæмæ. Адæргæй йæ цæстытæ сæ къусчыты рафæлдæхтысты. Йæ фæдыл чи цыд, уыдонмæ дæр бавнæлдта скъæрæг, ехс удæгас базайрæгты сæрмæ ниудта.

– Уæ хуызæн смаггæнаг куыйты бæсты мæ нау æмбыд кæсагæй куы байдзаг кодтаин, уæд æнæмастæй ахызтаин денджызы фаллаг фарсмæ!

Сæудæджер, æвæццæгæн, фæтарст, ехсы бын сæ исчи йæ уд куы сиса æмæ ме ‘хца æнæхъуаджы куы фесæфа, зæгъгæ:

– Ауæй кæныны онг базайраджы хъахъхъæнын хъæуы, Сеидагъа!

Сеид-агъайæн йæ хурсыгъд цæсгом ныззылын-мылынтæ:

– Куыдз къуылыхæй нæ мæлы, Салдух-агъа!

– Аллах дын дæ цонджы фылдæр тых бауадзæд æмæ дæ сæры та фылдæр зонд.

Йæ къухтыл нытту кодта шкипер, йæ сырдон ссыртæй йæ дæллаг был ацахста, æппæты фæстæгтæм авнæлдта ехсæй:

– Кæд мæ цонг тыхæй цух у, уæд фен!..

– Сæ удтæ сын ехсы бын куы сисай, уæд мæм Каиры стыр армукъайы хъуына кæрдзыны фаг æхца дæр нал баззайдзæн, – мынæг хъæлæсæй загъта Салдух-агъа. Мысыраг цагъарты наумæ схизæн асины цур баурæдта. Кæфци базыдта: ныртæккæ асины цур дыккаг базар сырæздзæн æмæ кæд Салдух-агъайæн исчи æфтиаджы аргъ радта, уæд йæ цагъарты Мысырмæ нал аласдзæн.

Нау хъеллау кодта, йæ фæрстæ йын рог уылæнтæ стæрдтой, цагъартыл æвæрд рæхысы дзыгъал-мыгъул хъуыст.

Æппæты фæсте цы æнахъом лæппу уыд, ууыл æрæвæрдта Кæфци йæ цæст, адæргæй йæ йæ армытъæпæнтæ схордтой. Æрбайрох æй сты «фæтæг» Æмбазыг дæр æмæ йæ фæдзæхст дæр.

«Ферох ныр уый цахъхъæн уаид!»

Карды лæппыны фистон ацагуырдта, фæлæ йæхи ныуурæдта. Æхсарæй архайæн нæ уыд, нæдæр æм утæппæт, цагъартæ балхæныны фаг æхца уыд.

Æлхæнæг нæ разынд, Салдух-агъа къухæй ацамыдта, æввахсдæр сæ æрбаскъæр, зæгъгæ. Йæ дзыппæй мыхуыр сласта, цагъайрæгты хъустыл гакк æвæрын райдыдта. Æфсæйнаджы лыггаг-иу, хъусы тугæй. ацамæст, шкипер-иу гаккæвæрд цагъары ехсы хъæдæй басхуыста, иннæты радыгай сæудæджеры размæ ласта.

Кæройнаг цагъайраджы рад æрцыди, лæппу алайнагау дзырдта сæудæджермæ:

– Эфенди-агъа! Эфенди-агъа!.. Гакк мыл ма сæвæр, мæхи ма адæммæ куыд равдисдзынæн...

Кæлмдзæфау фестъæлфыд Кæфци. Салдух-агъа лæппуйы бецыкмæ фæлæбурдта, йæхирдæм æй æрбаласта:

– Куыдзы хъæвдын!.. Цагъайраг æнæ гакк нæ фидауы, сералы[8] рæсугъд æнæ хъусцæг куыд нæ фидауы, афтæ.

Лæппу йæ къухтæ уæлæмæ сриуыгъта, сæудæджеры тымбыл роцъо ахъаззаг сцавта.

– О, аллах, дæ азар ныккал цъаммар цагъары сæрыл! – фæбогъ ласта Салдух-агъа. Фæцудыдта мысыраг, лæппу йæ фæдыл гæдыйау агæпп ласта, рæхысæй баст къухтæ йын йæ хъуырмæ къæпсыртау бахаста. Шкипер æм фæлæбурдта, Салдух-агъайæ йæ стыдта æмæ йæ фæстæмæ рахста. Рæхыс ныттынг ис, иннæ цагъартæ дæр фæдзой кодтой.

– Сеид, наухъилмæ ныббæтт ацы куыдзы хъæвдыны æмæ йæ ехсæй иу æмæ фондзыссæдз цæфы фæкæн! – хъæр кодта Салдух-агъа.

Сеид-агъайæн йæ даргъ рихитæ базмæлыдысты æмæ йæ цæстыты сырдон монц ссыгъд!

– Иу æмæ фондзыссæдз цæфы!

– Гуымсæджытæ гыбар-гыбур кæнæнт, куы йæ нæмай, уæд. Уæддæр ацы куыйты мыггаг хъæрзын нæ зоны.

– Аллах дæм хъусæд йæ налмас хъусæй!

Ехс ныкъкъæдз-мæдзытæ ис æмæ йæ цъæхснаг æхситт ссыд.

Борæты Кæфцийæн йæ бон кæсын нал бацис: «Гъенырмæ мын балæвар кодтой нæ бæсты дзуæрттæ цæрæнбон. Ныббарæд мын Æмбазыг, кæд ын йæ фæдзæхст нæ сæххæст кæнон, уæд».

Йæ пæлæзы даргъ фæдджитæ йæ ронбасты æрсагъта, уыциу сæррæтт аласта! Тымбыл къухы иу цæфæй Сеид-агъайы, къодахау, тугамæст дурастæрдыл атылдта.

Салдух-агъа йæ дзых аивæзта æмæ армукъайы æгъдауæвæрджытæм сидтис:

– Фæдис, сыр ханы фæткæвæрдыл сæ къух систой цъаммартæ!

Кæфци йын йæ мукъутæ фæцæф ласта æмæ мысыраг йæ дæндæгтæ тугимæ рату кодта. Рæхысæй баст цагъартæ базмæ-

---

[8] Серал – скæсæны бæстæты хицæутты галуаны æмбис, йæ устыты хатæн, гарем.

лыдысты, науæй урсдарæс мысыраг матростæ рагæр-гæр кодтой, хъаугъагæнджытыл æрбатыгуыр сты.

Кæцæйдæр басхъахъ фæзынд цалдæр хæстонимæ, куыдзау хъуынджын бæхтæ дæндагæй лæбурдтой цагъартæм. Къæдз æхсаргарды ком цагъайрæгтæй цалдæры сæры тенкатæ фæдыууæ кодта, иумæйаг рæхысæй баст цагъартæн æнæуд уаргъ сæ фæдыл ралас-балас фæзын.

Кæфци монгойладжы къухæй бæхарц стыдта, æвзидæджы риуыл æй комкоммæ ныццавта æмæ, йæ чъылдымæй хотыхы бырынкъ кæмæн акаст, уый æрра бæхы рагъæй разæбул.

Иннæтæ æрбатыгуыр сты алайнагыл, цæстыфæныкъылдмæ йæ æрцыты бырынчъытыл фелвæстаиккой, кæнæ йæ æхсаргардæй скарстаиккой.

Иу уысм уыд, иу ферттывд, Кæфцимæ афтæ фæкаст, цыма йын знæгтæ йæ сæргæхц рацамадтой æмæ цыма йæхи цæстæй уыдта, дурастæрдыл насау чи фæцæйтылд, уыцы сæры къуыдыр...

Æмæ ма ферттывта йæ сæры фæстаг хъуыды: «Цæй æнцон у искæй сæрыл амæлын!»

ПАЙЦЗА

«...æмæ йæ къухы фестади старц».
Мосейы чиныг «Рацыд». 4, 4.

Æрдæбон гуырæй-гуырмæ цы цуркбоцъойыл сæмбæлд, уый тар бæх æрбаскъæрдта. Йæ хъæрахст ехсы къæрццæй цъæхснагдæр уыд æмæ хъустæ фаста. Монгойлагау сдыгъал-дыгъул кодта, йæ тарæй цыдæр фелвæста, Кæфцийы дзыхъмард фæкæнынмæ чи хъавыд, уыдонмæ йæ фæдардта.

Пайцза! – уыцы иу хъæр фæкодтой тыхгæнджытæ æмæ сæ мидбынæтты хингондау асалдысты.

Хурау тымбыл сызгъæрин пайцзамæ каст Кæфци, хуры тынтæ хъазыдысты йæ уæлæ конд домбайы нывыл.

...Æмæ æвипнайды сафтид ис Борæты Кæфци. Нал ыл уæз кодтой маст, хъыг, кæнæ цин. Налдæр æй тасы æнкъарæн агайдта, афтид къæссайау срог ис æмæ йæ алфæмбылай никæйуал фиппайдта. Æрмæст иу хъуыды нынныхст йæ сæры: уæртæ уыцы цуркбоцъойы къухы цы тымбыл сызгъæрины къæртт ис,

уый æгæрон тых Борæты Кæфцийы мæлæтæй фæиртæста. Æмæ сæнтдзæфау бахудт Кæфци.

Сызгъæрин рæхысыл ауыгъд пайцза йæ тары ныппæрста, саргъы гоппыл ауыгъд ехс йæ къухмæ æрбайста, уæлдæф дзы скарста æмæ сау-сауид бæх йæ фæстæгтыл слæууыд. Ехсы хъæдæй Салдух-агъамæ амыдта, æлгъитгæ йæ кæй кодта, уый йæ цæстыты пиллоныл зынд.

«Хан Менгу-Тимуры» йеддæмæ дзы ницы бамбæрста Кæфци. Ханы ном дзургæйæ сызгъæрин пайцза хурмæ сдардта æмæ йын нымдæй апъа кодта. Ногæй ферттывта алæмæты сызгъæрины къæрттыл домбайы барц.

Мысыраг шкипер над куыдзау иуварс лæууыд, Салдух-агъа йе ‘нæдæндаг дзыхæй цъыс-цъыс кодта. Цуркбоцъо йæ дзурын нæ бауагъта: дардæй йæм ехсæй авнæлдта æмæ йæ кæрон йæ цæсгомыл куы аныдзæвд, уæд йæ сæрыл йæ къухтæ æртыхта мысыраг сæудæджер.

Стæй сулæфыны бон никæйуал фæцис. Æнахуыр хицау цыдæр нытътъæлланг ласта монгойлагау, æмæ Кæфци йæ цæстæй куы ракаст, уæд федта: цагъайраг лæппуимæ иу бæндæнæй баст уыдысты æмæ бæндæны кæрон цуркбоцъойы къухы уыд. Йæ сæр разылд æмæ йæ мæлын æрфæндыд. Лæппу цуркбоцъойырдæм йæхи фехста хъæрццыгъайау, фæлæ йæ ацахстой. Уæлбæхæй цыдæр радзырдта, уацайрæгтæн сæ цæстытæ хæцъилæй стухын кодта æмæ Борæты Кæфцимæ афтæ фæкаст, цыма йын йæ нуæртты æхсидгæ æндон ныччындæуыд.

Уалынмæ цуркбоцъо йæ фæтæнсин сау бæхы фæцагайдта æмæ дыууæ алайнаджы йæ фæдыл æлхæд стуртау аласта.

* * *

Кæдæм сæ ласы ацы цуркбоцъо, кæм аскъуыйдзæн Кæфцийæн йæ лæджы цард? Уаих фæуай, Æмбазыг, кæд ын искуы стæры лæгаулæгæй амæлын цы хæлæг кодтай! Кæд дауджытæ искуы худинагыл ном сæвæрдтой, уæд æгасæй Борæты Кæфцийы хай фæцис.

Басхъахъы бæхы сæфтджыты тъæпп-тъæпп цыд фæсте, фадхъулмæ рыг бæгъæввад къæхтæй змæста лæппу. Бæхы комытæф се уæхсчытыл ныдзæвд.

Раззаг йæ бæхы баурæдта. Кæцæйдæр æфсæйнаджы зæлланг ссыд, стæй та згæ æвдузæны къуырма дзыгъал-мыгъул.

«Æвæццæгæн ын цагъар йæ разы кулдуар байтыгъта!» Монгойлаг ныхас æмæ ехсы къæрццы фæстæ бæхты къæхты хъæр куы ‘рбайхъуыст, уæд балхынцъ кодта Борæты Кæфци: «Йæ фæдыл цы хъахъхъæнджытæ цыд, уыдон арвыста».

Кæртмæ сæ бассыдта, кулдуар сæхгæдтой.

«Ныр нæ искуы хъоргъы ныппардзæн», – йæ ронбасты тъыст карды лæппынył ма дардта Кæфци йæ зæрдæ, кæд ын æй ацы авдарды ælгъыст нæ байса, уæд.

Разæйцæуæг бæндæн уæлæмæ ивæзта, нарæг лабиринты къæпхæнтыл сцæйхызтысты цагъайрæгтæ. Кæфцийæн йæ цæстытæ баст уыдысты, фæлæ аивæй базыдта: кæуыл сцæйхызтысты, уыцы асин Дур-чъыры сæйраг мæсыджы асинау талынг æмæ здыхт уыд.

Уæрæх, райдзаст уаты сын райхæлдта сæ цæстыты баст. Венециаг хуызджын авджы мидæг луæрст хуры тынтæй байдзаг и хатæн. Скæсæн æмæ ныгуылæн бацардысты ам, цыма чырыстæтты æмæ пысылмæтты хуыцæуттæ фæбыцæу сты æмæ сын фысым иуварс лæугæйæ сæ хъæлæбайыл худтис.

Цыппар къуымы æвæрд шандалты[9] мидæг тъыст мыдадзын цырæгътæн сæ цæссыг ныссалд. Йæ уды тæригъæдтæ ссыгъдæг кæныны сæраппонд нæ, фæлæ алфамбылай æвæрд дзаумæтты хуызтæ равзарыны тыххæй ссудзы, æвæццæгæн, цырæгътæ æнахуыр фысым. Ныгуылæйнаг къуымтæй иуæй кастысты сызгъæрин сыфыл конд инкрустацигонд Мадымайрæм æмæ чысыл Чырыстийы ныв. Æрхæндæг уыди Хуыцауы мад, цыма йæ рохуаты кæй ныуагътой, ууыл хъынцъым кодта. Галиу къуымы ауыгъд Авраамы фæлгонцыл хуры цæст хъазыд, пехуымпарты пехуымпарæн йæ дæларм нывонд уæрыкк уыд, йæ къухы та – даргъ лæдзæг. Фалиау, къуымрæбын, туркаг фæлмæн сынтæджы цур донæй йедзаг тас, – æвæццæгæн, ныртæккæ чидæр дæргъвæтин куывды фæстæ йæ уды тæригъæдтæ уыцы донæй æрæхсадта. Тасы мидæг старцы хуызæн цыбыр æрхуы лæдзæг ныппæрстæуыд. Кæфци йæ базыдта: пысылмон лæгыл фæскуывд зивæг бафты æмæ йæм йæ ком ивазыны йедтæмæ дзурын нал фæцæуы. Исчи йæ куы бахъæуы, уæд старцæй тас æрхойы, афтæмæй йæм фæсиды.

Цы агуры Мадымайрæмы нывы раз хихсæн тас! Чи у сæ фысым: пысылмон, чырыстон, æви муртаккаг? Чи зоны, ден-

---

[9] Шандал – *(перс.)* егъау цырагъдарæн.

джызы абырæг у æмæ йæ нау сау тырысаимæ Понт-Эвксины денджыз дæргъытæ кæны æхсæвæй-бонæй. Уæд ма айхуызæн галуан цæмæн ныззылдта сахары бæстастæу! Йæ кæстæр æфсымæр Ферохы хъысмæтыл сагъæс кодта Кæфци, йæхæдæг дæр раст уый хуызæн цъысымы бахаудта.

Монголтæн æнæпайда нæ уыдзæн ацы цуркбоцъо, æнæуый йæ сызгъæрин пайцзайæ не схорзæхджын кодтаид стыр хан.

– Дæ ном цы хуыйны? – Кæфци æнæнхъæлæджы афарста læппуйы.

– Цагъар, – тызмæгæй загъта læппу.

Йæ зæрдæйы туасау фæныхст уыцы дзырд.

– Дæ номæй дæ фæрсын!

– Дзес...

Бамыр сты. Æддейæ уынæр нæ хъуыст.

– Дæ ном мын дæ фендæй уæлдай ницы зæгъы. Дæ фыд цы хуыйны?

– Уадз æй йæ бынаты, кæд дын ницы зæгъы, уæд, – йæ чъылдым æм фездæхта læппу.

– Дæу амæлын нæ фæнды, æвæццæгæн!..

– Лæгау амæлын мæ нæ бауагътат ды... æмæ уæртæ уыцы цуркбоцъо.

– Кæцæй дæ ракодта мысыраг сæудæджер?

– Къæпсыхорæй.

– Къæпсыхорæй, зæгъыс?.. Сæнгибаны зондзынæ, куырд Сæнгибаны?

– Сæнгибан йæ фæллой базармæ нæ ласта уæймæ, – ферттывтой læппуйы цæстытæ.

– Æмæ дæхи фыд та фæтæджы фæсидтмæ йæ гæрзтæ райсы æви æмбæхсгæ фæкæны? – мæстыйæ фæрсы Кæфци.

– Мæ фыд куырд у.

– Къæпсыхоры иу куырды йеддæмæ нæ зонын!

– Уый у..: мæ фыд, – йæ хъæлæс аскъуыд læппуйæн.

Фадат ын куы уыдаид, уæд Кæфци Дзесы ныхъхъæбыс кодтаид.

– Ма кæ!.. Кæм и Сæнгибан, цæмæн дæ ныууагъта иунæгæй?

Мæрдон æмырдзинад æржнцад уаты, æрæджиау загъта Дзес:

– Чидæр нойонмæ дзырд бахаста, Сæнгибан æмæ йæ фырт Дзес æнæсæттон æхсаргæрдтæ рацæгъдыны сусæгдзинад зонынц, зæгъгæ... Фондз боны размæ нæ Солхаты сахармæ ныл-

ласта монгойлаг минбаши, нойоны раз нæ тыххæй нæ зонгуытыл слæууын кодта. Нырма уал, дам мын иудзæвгар хæцæнгæрзтæ рацæгъд, стæй, дам мын дæ сусæгдзинад рауæй кæн, загъта куырдæн.

– Æмæ йын æй ауæй кодта?

Дзесы цæстытæ фырмæстæй адæнгæл сты.

– Алайнаг нæлыстæгæн йе ‘взаг калмы æвзагау саджил нæ вæййы.

Уыцы дзуаппыл дæр зынд, Дзес куырды фырт кæй уыд, уый.

– Стæй?

Лæппу куыдта, фæлæ дзы цæссыг нæ хаудта.

– Куы ницы дзы рантыст, уæд æй нойон хъилыл æрсагъта.

– Рухсаг уæд, лæджы мард акодта, – æрæджиау ма тыххæй загъта уый.

– Рухсаг!

Дзаумайæ йемыдзаг уаты гæзæмæ хъуыст Кæфцийы хъæлæс:

– Цы дын бафæдзæхста Сæнгибан?

– Дур-чъыры сахармæ бацæуын.

Йæ фыды амынд цырагъау хаста йæ зæрдæйы. Йæ адæмы пайдайаг сусæгдзинады сæрыл æрхаста йæ сæр къæпсыхораг куырд, æмæ йæ йæ фырт Дзес афтæ æнцонæн нæ ауæй кодтаид.

Чи зоны, згъæртæ æмæ æндон рацæгъдыны сусæгдзинад мæрдтæм йемæ ахаста. Уæд сæфт – дыууæ сæфты. Сæнгибаны рацæгъдгæ æндон ай-гъайдæр зыдтой æгас Хъырымы алантæ, фæлæ æнахъом лæппумæ разындзæн йæ фыды фарн йæ сæрмæ сисыны фаг лæгдзинад?

Дзесы йæ фæдыл аласта Кæфци, рудзынгæй акæсынмæ хъавыд, цы ран уыдысты, уый баэоныны тыххæй. Хуызджын авгæй ницы зынд, æрмæст дзы уардихуыз тынтæ хъардтой мидæмæ æмæ къулыл ауыгъд Мадымайрæмы æрхæндæг цæсгом туджы амæстой. Тыргъмæ ныхъхъуыста æмæ Дзесмæ сиды:

– Æввахсдæр ма рацу, – Дзес фæуыргъуыйау. – Тæрсгæ ма кæн, æз мысыраг сæудæджер нæ дæн.

Йæхи йæм æрбаласта, цымыдисæй йæм скаст.

– Фалæмæ аздæх... дæ сынæг мæм сыздах... афтæ!.. Гъеныр чысыл дæ гуыр дæлæмæ æруадз, дæ æрмттыл уæлæмæ схæц!.. Тæрсгæ ма кæн, арфдæр нытътъысс ме тары дæ къух!.. Ноджы фалдæр, ноджы!..

Йæ астæубосы тъыст карды фистоныл куы фæхæст, уæд фестъæлфыд.

– Ныр æй мæ дыууæ къухы æхсæн нытътъысс æмæ йæ бæндæныл æрсæрф!

Дзес та йæ коммæ бакаст, Кæфцийы къухтæ феуæгъд сты. Уайтагъд ын йæхи къухты баст дæр слыг ласта.

– Ныр лидзгæ, – дуарырдæм йæхи аивæзта Дзес.

– Фæлæуу, афтæ лидзгæйæ нæу. Хæдзар афтид нæ уыдзæн...

– Æрдæбон лæгау амæлыныл куы зарыдтæ, сæудæджер!

– Зарыдтæн! – фæстæмæ йæ рассыдта, йæ къухтæ йын йæ чъылдымыл сæвæрдта æмæ сыл бæндæн уæгъдæй æртыхта. Йæхæдæг дæр йæ фыццаг уавæры бандзыг. – Ма фезмæл, банхъæлмæ йæм кæсæм... Ам æй æнæсыбырттæй æрбаргæвддзыстæм.

Цуркбоцъо никуы зынд. Чи зоны, искуы цагъартæ æлхæнæг агуры!.. Искæйы ма куы æрбакæна, уæд цалдæримæ тох фæзындæр уыдзæн. Сæ иу уæддæр куы аирвæзид, Æмбазыгмæ фæхабар кæнид. Базонид аланты фæтæг, къæпсыхораг куырды сæрст хæцæнгæрзтæм йе ‘нхъæлмæ каст æнæхъуаджы кæй у.

– Ныр чердæм акæндзынæ дæ фæндаг?

Дзесы ивад цæсгомыл мидбылхудты хуызæн цыдæр ферттывта.

– Цыма нæ цуркбоцъо фысыммæ уазæгуаты стæм, уыйау мæ фæрсыс.

Згъæртæ йыл куы уаид, уæд дзы афтæ дард нæ ласид куырды фырт йæхи.

– Къæпсыхормæ дын ныццæуæн нал ис!

– Кæм ма ис Къæпсыхор!.. Тунгуз ын йæ пиллон скалдта, баззад ма дзы æртхутæг æмæ хъæууат... Фæтæджы фенын мын фæдзæхста Сæнгибан.

– Иумæ йæ фендзыстæм. Базайрагæй йедзаг чырæ Дурчъырмæ ласдзынæн, кæд аирвæзæм, уæд.

– Махæн нæ фæндаг иу нæу, – тардзæсгомæй загъта Дзес.

– Цæмæннæ?

Мысыраг сæудæджер дæр мæ Къæпсырхормæ ныллaсинаг уыд...

– Фæстæмæ та мысырагмæ бахаудзынæ. Науæд та куыддæр сахары уынгты фæзынай, афтæ дæ монголтæ ацахсдзысты. А нæ фысымæн дæр йæ зæрды цы ис, уымæн дауджытæ йæ дæсны!..

Ныхъхъус сты, тыргъмæ айхъуыстой, «фысым» никуы зынд.

– Цахæм дамгъæ уыд Сæнгибанæн?

Сæнгибаны дамгъæ Хъырымы алантæй æнæзонгæ ничи уыд, фæлæ йæ фæлварынæн афарста.

– Къардиуы былыл дзæбидыр йæ фæстаг къæхтыл лæууы.

– Цы ран-иу æвæрдтой Сæнгибан æмæ йæ фырт сæ дамгъæ?

– Цыргъаджы тæккæ рæбын, ком кæм фæци, уым.

Карды лæппын уæрæх дысæй райста, лæппумæ йæ радта:

– Фен мæнæ.

Æркаст æм, йæ цæстытæ фырцинæй ссыгъдысты:

– Уый Сæнгибаны куырдадзы рацæгъдгæ кард у. Кæмæн æй радта, уый ном дæр ыл ис фыст.

Æцæгдæр: карды æрхытæй иуы мидæг бердзенаг лыстæг дамгъæтæй уыд фыст: ÆМБАЗЫГ.

Лæппу кардмæ кæсгæйæ фæтархуыз æмæ ризгæ былтæй афарста:

– Зæгъ мын лæгау, удæгас ма у нæ фæтæг?

Кæфци федзæм ис. Æвæццæгæн, куырды фырт хъуыды кодта, чидæр Æмбазыджы амардта æмæ йын кæддæр Сæнгибан йæ ном цы кардæй ссардта, уый ацы хин сæудæджермæ æрхаудта, зæгъгæ.

– Сæрæгас у Æмбазыг, дæхи цæстæй йæ фендзынæ.

– Кæд?

– Кæд авдарды æлгъыст нæ фæуæм, уæд дыууæ боны фæстæ...

«Фысым» æрбаздæхт, йæ дзырд йæ былалгъыл асалд Кæфцийæн. Йæ къухы æлвæст хъама æрбахаста, дæлимонау худтис.

«Кæд нæ æргæвдгæ кодта, уæд ма нæ ардæм цæмæн ласта!»

Цуркбоцъо фæстæты æрзылд гæдыйы къахдзæфæй, Кæфцийы мылазон хъуыдытæ æвдæрзтой:

«Гъеныр мын мæ дыууæ уæны æхсæн ныццæвдзæн!.. Æвæццæгæн мын искуы хæсты æрдæгмардæй аирвæзт æмæ мæ ныр йæ маст исы!.. Баст лæджы марын ницы лæгдзинад у, мæ лымæн!»

Цуркбоцъо хъавыди, уæдæ бæндæныл æрсæрфон карды алмаси. Лыг куы разынди, уæд йæ бынаты андзыг.

«Бастæй мæ нæ мары, бынтон нæ фесæфт йæ лæгдзинад».

Уыцы иу зылд фæкодта Борæты Кæфци, цалынмæ «фысым» йе ‘муд æрцыдаид, уалынмæ йын тымбыл къухæй йæ дыууæ цæсты æхсæн фæцæф ласта.

– Уый уал дын ехсы цæфты аргъ!

Ныццух-мух ласта, Мадымайрæмы раз цы шандал уыд, ууыл бахауд. Мыдадзын цырæгътæ персайнаг гауызыл апырх сты. Дзес гæдыйау багæпп ласта йе рагъмæ. Ацахста йæ æцæгæлон, иуырдæм æй асхуыста.

– Джино, Джино, – фæхъæр ласта адæргæй.

– Ам дын пайцза нал баххуыс кæндзæн! – йæ дысæй кард фелвæста, комкоммæ йыл æй фехста. Фысым фæхæбæцц ис, цыргъаг къулы ныссагъд. Фæгæпп ласта, йæхи баскъæрдта алайнагыл, уалынмæ æртæйæ дуар æрбатыдтой æмæ сыл æрхъула сты.

Бирæ нæ ахаста сæ хъуырдухæн. Сæ къухтыл сын рæхыстæ сæвæрдтой, сæ цæстытæ сын сбастой æмæ сæ уатæй рассыдтой.

– Ныр нал аирвæздзыстæм цагъайраджы гаккæй, дзуры аивæй Кæфци Дзесы хъусы.

Æнæсаргъ бæхтыл сæ бапшæрстой, сæ къæхтæ сын хайуанты гуыбынтæм ныббастой. «Ацы цуркбоцъо мæнæй хиндæр рауад», хъуыды кодта Кæфци.

Кулдуарæй куы ахызтысты, уæд бæхты фæцагайдтой. Цæфхæдты уынæрæй базыдта Кæфци: дыууæйæ сæ ластой сæ фæдыл.

Æнауæрдонæй тардта цуркбоцъо, йæ ехсы цъыкк нæрыд Сыгъдæджы сахары уынгты. Цæфхæдты къупп-къупп бæстыхæйтты къултæй фæстæмæ нал схъиудта. Быдырмæ ахызтыстæм, зæгъгæ, бауырныдта Кæфцийы.

Æвиппайды раззæгтæ фæурæдтой, цуркбоцъо йе ‘мбалæн цыдæр загъта æцæгæлон æвзагыл æмæ сын сæ цæстытæ сыхæлдтой. Ныгуылæнырдæм тардтой сæ бæхты, кæдæм сæ ластой, уый нæ зыдтой алайнæгтæ. Кæфцийы фæрсты тардта цуркбоцъо йæ сау бæхы, йæ уацайраджы хъусы калмау сыф-сыф кодта:

– Цы дын баззад Сыгъдæджы сахары, цæмæн æрцыдтæ?

Кæфци йын бердзенагау радта дзуапп:

– Абон Сыгъдæджы сахармæ æрцыдтæн, райсом та Херсонесмæ уыдтæн цæуинаг. Сæудæджерæн йæ куыст уый у.

Фæрсæджы худын тыгъд быдыры Понт-Эвксины уылæнау атылд:

– Сæудæджер!.. Æз та дзы хатыйаг император!

Фырмæстæй бæхы къуыбыр хъустæ нал уыдта Кæфци:

– Цæуыл худыс?

– Алайнаг сæудæджерты æз номхыгъдæй зонын, семæ бæгæны æмæ ронг ностон... Демæ нырма балцы никуы ацыдтæн... сæудæджер!

– Хъырымы арæнтæй нæма ахызтæн. Фæсденджызмæ ахизыны фæнд мæм нырма ныр фæзынд.

– Цы ластай фæсденджызмæ?

Йе ‘взагыл цы ‘рбабадт, уый срæцыгъта:

– Цагъартæ... Мæхицæн æмбал агурынмæ æрцыдтæн Сыгъдæгмæ.

Ноджы тыхджындæр ныххудти цуркбоцъо:

– Алас, алас!.. Аланты фæтæг цагъартæй базар кæныны бар кæй нæ дæтты, уый дæ ферох ис, сæудæджер?

«Æвæццæгæн мæ дзырдæздæхтæй базыдта, алайнаг кæй дæн, уый».

Скъæрдтой. Быдираг дымгæ зарыд сæ хъусты. Дзес бæхы пыхцыл барцыл йæхи нындæгъта, сæ быны зæхх фæстæмæ куыд лыгъд, уымæ каст дзагъырдзастæй. Авдарды ныл сæ азар ныккалдтой, зæгъгæ, хъуыды кодта Борæты Кæфци. Йæ уды мæт æй нал уыди, фæтæгмæ хабар кæй нал схæсдзæн, ууыл тыхст. Меркурийы уынджы æвдæм хæдзармæ бацæуын дæр ын нал бантыст, гæдыйы лæппынау æй æрцахста ацы цуркбоцъо æмæ йæ кæдæм ласы, уымæн дауджытæ йæ зонæг.

– Кæдæм нæ ласыс?

– Дур-чъыры сахармæ. – Йе ‘мбалмæ адзырдта:

– Джино, тагъддæр скъæр! Сом куынæ бахæццæ уæм, уæд байрæджы уыдзæн.

Æрвгæронæн йæ пиллон нæма æрысыст. Бæхтæ æмæ барджыты хид лæдæрсти. Кæцæйдæр уæрццы былдыхъ-былдыхъ хъуыст. Бæхтæ фæндаджы рыг сæ сæфтджытæй змæстой, хуры сырх-сырхид тымбылæг денджызы сæрмæ тугæй амæст уартау æрцауындзæг. Дзесæн йæ цæстытыл Сæнгибан ауад: артæй зынг æфсæйнаг райста куырд, йæ цæсгом дæр уыцы æфсæйнаджы хуызæн ссис. Йæ æрмдзæфæй йæ зæрдæ барухс, хиды цæппузыртæ æрхуыхуыз буарыл налмас фæрдгуытау æрттивынц. Зоны йæ Дзес: куырдæн æндонæй йæ зæрдæ куы нæ барайа, йæ цæсгом ныттар уыдзæн чъырццæ æфсæйнагау.

Йæ цæстытæ æрæхгæдта лæппу, кæд Сæнгибаны æндæрг нæ фæтары уаид, зæгъгæ. Йæ фыды амынд йæ зæрдыл æрба-

лæууыд: алайнаг нæлгоймагыл кæуын нæ фидауы. Кæд Дзес лæгæн сбæзза, уæд нæ барвитдзæн мæрдтæм къæпсыхораг куырд Сæнгибаны фарн.

Кæфцийæн йæ фарсмæ цæуæджы фæстаг дзырдтæй нырмæ йæ сæр зылд. Дур-чъыры сахармæ, дам, цæуæм. Ныр æй æцæг дæр бастæй куы баласид Дур-чъырмæ! О авдарды, кæд ма уæм исты азар баззад, уæд æй а цыппар бæлццоны сæрыл ныккалут æмæ сæ дзыхъмард фæкæнут. Науæд цæмæн цæуы уырдæм?.. Цыма ацы нæлыстæг йæ зæрдæйы талынг къуымты цыдæр æмбæхсы. Сæудæджер цыма нæу, уымæн æмæ сæудæджерты ‘хсæн айхуызæн хъæбатыр нæлгоймæгтæ зын ссарæн сты. Стæй монголтæ сызгъæрин пайцза æнæхъуаджы нæ дæттынц, æвæццæгæн ыл стыр хан дæр дары йæ зæрдæ.

Æхсæвлæууæнты-иу сызгъæрин пайцза равдыста цуркбоцъо, монгойлаг гæстæ-иу ын уайтагъд йæ бæхтæ раивтой. Скъæрдтой Хъырымы хурсыгъд быдырты. Къæпсыхоры уынгты куы ныууадысты, уæд Дзес йæ бæхыл нымпылд.

Сæ цыд фæтагъддæр кодтой, афтæмæй Кæфцимæ хæрзæввахс бацыд цуркбоцъо æмæ йын фыдæнæн дзуры:

– Аланты фæтæг равзардзæн, чи кæдæм цыд, уый... йæ разы куы балæууæм, уæд.

Кæфци ницы загъта, уымæн æмæ йын цардæй-мæлæтæй хъауджыдæр нæ уыд.

Науæд сæ Дур-чъырмæ ласы ацы хин? Чи йын цы зоны?..

ВЕНЕЦИАГ СÆУДÆДЖЕР

«Мах дæр, гъе, уый фæндыди».

Хъуыран. XVIII, 63

Хур йæхи надта Понт-Эвксины æрвхуыз уылæнты, йæ зулаив тынтæ арт бандзæрстой доны иу хаххыл! Зæрин цæджындзау ныддаргъ ис уыцы арт, æрвгæроныл хур йæ былæй кæм æрынцад, уырдæм ныббыцæу йæ судзгæ бырынкъæй.

Херсонесы сахары стыр кулдуар æхгæд нæма уыд, монгойлаг тъæпæнфындз хъахъхъæнджытæ сæ бæхарцытæ дзуарæвæрд акодтой цыппар бæлццоны размæ. Цуркбоцъо йæ къандзолы тарæй

сызгъæрин пайцза фелвæста, дыууæ хæстоны сæ сæртæ æркъул кодтой сызгъæриныл конд фæранчы сæры раз æмæ хингондау гуыбыр-гуыбыр фæйнæрдæм алæууыдысты. Сæ ехсытæ ныззылдтой Джино æмæ йе ‘мбал, цагъарты мидæмæ бассыдтой. Уынгты бæхты къæхты уынæр анæрыд. Æваст сылгоймаджы цъæхахст æмæ æндоны зæлланг айгæрстой зæрæхсиды æмырдзинад... Фатау æмраст уынг йе ‘мбисыл алыг кодта фыдæлтыккон сахары, бæстыхæйтты гуылмыз æндæргтæ кæрæдзимæ сæхи ивæзтой. Кæфци базыдта: уый Фемидæйы уынг хонынц бердзенæгтæ, уымæн æмæ, дам, сахар дыууæ æмбисыл афтæ алыг кодта, æмæ дзы иу æлмæрин дæр уæлдай никæцырдыгæй ныууагъта.

Денджызы цæллахъ æрбайхъуыст хæрзæввахсæй, раззæгтæ сæ бæхты фæурæдтой. Æмæхгæд бæрзонд кулдуар æртæ хатты ехсы хъæдæй уæзбынæй æрцавта цуркбоцъо, ныхъхъуыста æмырдзинадмæ. Ноджы та æрцавта кулдуар ехсы хъæдæй æртæ хатты. Æнæуд уынæр райхъуыст кæртæй, æвæццæгæн рацæйцæуæджы къæхтыл хæлын дзабыртæ уыд.

Ацы изæр йæ уды сайтан кæмæн ныббырыд? – райхъуыст мидæгæй æндыгъд хъæлæс.

– Килирдж!

Бамыр мидæггаг, æрæджиау радзырдта:

– Нæй ам Килирдж!

Иæ былтæ кулдуарыл сныхæста æддаг:

– Килирдж, хъуырæуттæ уæййаг дæм нæй?

Кæфцийы ацарыдта уыцы сусу-бусу, йæхи уыцы иу æппæрст бакодта:

– Ис мæм, фæлæ чъырсудзæны сыгъд нæма сты, – скалдта уыцы иу сулæфтæн, чысыл ма бахъæуа, йæ зæрдæ дæр уыцы ныхæстимæ сæппара.

Фемдзаст æм ис цуркбоцъо, йæ рæхысмæ йын фæлæбурдта:

– О Зевс, ничи дын базондзæн дæ сусæгдзинæдтæ!

Уалынмæ Килирдж кулдуар байтыгъта æмæ сæм фæсидтис:

– О эфенди, дыхъусон хъуырæуттæ мæм ис, фæлæ чъырсудзæны сыгъд нæма сты.

– Мæхæдæг сæ сфæлтæрдзынæн чъырсудзæны.

Килирдж сæкæр фестад:

– Дæ хъæлæс дын нал базыдтон, исты амонд дыл æфтдзæн!

– Бафтдзæн мыл!.. Чи зоны, мæ монголтæ хъилыл æрсадзой æмæ мæ хурмæ бахус кæной хæдойнаг æрчъиагау.

Килирдж йæ хъустæ армытъæпæнтæй ахгæдта:

– Вæй-вæй-вæй, нæ дæ фехъуыстон! Ал-лах, ныббар ын, кæд йæ мæстыйæ фæрæдыд, уæд!.. Кæмæй та байстай ацы мæгуырты?

– Салдух-агъайæ!.. Фæлæуу, мæхæдæг дæр ын ницыма зонын. Джино, сæ къухтæ сын сыхал.

– О аллах, дæ азар ныккал цъаммарты сæрыл! Фадат сын куы фæуид, уæд Хъырымы æнæхъæнæй армукъайы ныууæй кæниккой.

Дзес джихæй каст зæрæхсиды гуымиры æндæргтæм. Бæхты згъæллаггæмтты мыртт-мыртт хъуыст. Джино æмæ Килирдж сæргътæ исынмæ фесты, хъуырæуттæ агурæг алайнæгтимæ аззад кæрты.

– Салдух-агъа схæццæ кодта хъуыддаг.

– Авдарды азар йæ сæрыл ныккæлæд, уастæн!!. Æвæццæгæн нæ куырмæй Меркурийы уынджы æвдæм хæдзармæ бакодтай?

– О!..

– О Уастырджи, рæствæндаг мæ нæ фæкодтай! Мæ къухтæ баст куынæ уыдаиккой, уæд уырзтæй базыдтаин Сыгъдæджы фæзилæнтæ.

Алайнагау сдзырдта æнахуыр лæг, сæ зæрдæтыл будау аныдзæвыдысты йæ мыртæ. Стæй сын æвирхъауы хабар иумæйаг ссис æмæ сæ нырхæндæг кодта.

– Къæпсыхоры басыгътой, куырдадз ныддымдтой, куырдæн йæхи хъилыл æрсагътой æмæ йын йæ цæрæнуатыл цæхх байзæрстой, – загъта цуркбоцъо.

– Зонын.

– Сызгъæрин пайцза алыран нæ кæрды æмæ нæ фервæзын кодтон Сæнгибаны цъысымæй... Аланты фæтæг мæсты уыдзæн, æртæ боны размæ Дур-чъырмæ хъуырæуттæ кæй нæ нылластон, ууыл!

– Мæн бæрæг кæнынмæ рарвыста Æмбазыг æмæ ды куынæ фæзындаис, уæд мæ мысыраг сæудæджер Каиры цагъарты базары ныууæй кодтаид.

– Сахары сæйраг кулдуарæй куы æрбазындтæ, уæдæй фæстæмæ дæ фæдыл зылдтæн. Дæ фадыварцыл зынд: базары фæндагыд цæуын ахуыр нæма дæ.

– Къæпсыхораг куырды кæцæй зоныс? – афарста Дзес.

– О, уый стыр ныхас у, мæ лæппу! Рухсаг уæд Сæнгибан, уый хуызæн удгоймæгтæн махмæ бардуагау табу кæнынц.

– Кæм?

Талынджы йæ хъынцъым хъæлæс гæзæмæ хъуыст:

– Дард Италийы иу стыр сахар ис, дунейы æппæты рæсугъддæр сахар. Йæ ном Венеци хуыйны.

Килирдж нæма зынд, Понт-Эвксины уынæргъын фæтыхджындæр, бæлццæттыл сагъæс бафтыд:

– Знон дæ ме ‘мбал куы айгæрстаид, уæд дæ сахарыл нал сæмбæлдаис, – сабийау бафиппайдта Дзес.

– Æвæццæгæн, хуыцæуттæн мæлынæн нæма æнтысын, мæ læппу.

Йæ хатæн æрбалæууыд Кæфцийы зæрдыл, ламазгæнæн тас æмæ Мадымайрæмы фæлгонц иумæ кæм уыдысты, уый.

Кæцы хуыцæуттæн не ‘нтысыс мæлынæн?

– Мæнæн иу хуыцау ис æмæ уый дард у ардыгæй... Везувийы цъуппæй куы ракæсай, уæд афтæ фенхъæлдзынæ, цыма йæ цъæх денджыз æмæ ацудасхуыз арв сæ хъæбысы стыхтой... Æнæуый та хуыцæуттæй куы зæгъæм, уæд ды дæр ацы дарæс Меркурийы сæрвæлтау не скодтай.

– Алайнагау хорз кæрды де ‘взаг!

– Фынддæс азæй фылдæр Сыгъдæджы цæрын, алайнæгтæй хæс дарын.

– Уагæр дын цы хæрзты бацыдысты?

– Цалдæр азы размæ Понт-Эвксинæй тыххæй раирвæзтæн æрдæгмардæй. Алантæ мæ бавæрдтой, бæгæны, ронг, фых дзидзайæ мæм фæкастысты, мæ къахыл мæ слæууын кодтой.

– Уазæг Хуыцауы исбон у, гормон!

– Æз федтон мæхи цæстæй: алайнаг нæлыстæгæн йæ къабæзтæ æрæхсæстой ацы сыстхортæ, удæгасæй йæ бæхарцыл æрсагътой. Æнæсæттон болат кæм сæрста, уый басыгътой æмæ йыл цæхх байзæрстой... Уыдонæн нæй хуыцау æмæ дзуар, хæцæнгарз æмæ згъæртæ сты сæ райгуырæн бæстæ.

– Нал ис, уæдæ, Сæнгибан!

– Цалдæр азы мын йæ фенын нал бантыст, йæ фырт ныр стæры læг уыдзæн, мæгуыр!.. Уый ма уæддæр куы аирвæзтаид!

Кæфци æрæджиау сфæрæзта дзурын:

– Йæ фырт бæргæ аирвæзт!

– Чи дын загъта?

– Мæнæ дæ разы læууы куырды фырт.

Læппуйы ныхъхъæбыс кодта.

– Уæдæ нæ бамынæг уыдзæн Сæнгибаны куырдадз æмæ дзы йæ фырт рацæгъддзæн болат æхсаргæрдтæ!

– Хуыцау æмæ дауджыты фæрцы!.. Куырды хабар дæм чи ‘рхаста?

Сагъæсты аныгъуылди венециаг, цыма Кæфцийы фарст нæ фехъуыста.

– Монголты стыр ханы курильтайы нæ фæбадын, фæлæ мæм сæ уынаффæйæ цыдæртæ æрхæццæ вæййы. – Кæфцийы хъусмæ хæрзæввахс бахаста йæ былтæ. Сыгъдæджы дæ фæдыл уымæн бафтыдтæн, нойоны хæрзиуæггæнæг дæ фенхъæлдтон.

Йæхирдæм сыл æрбахæцыд, мынæг хъæлæсæй сын дзырдта:

– Уæ зæрдыл дарут: Сæнгибаны рацæгъдгæ хæцæнгарз Дур-чъырмæ кæй æфтыд, уыцы хабар алайнаг бахæццæ кодта Солхатмæ. Басыгъта лæджы кæйдæр æвзаджы азар. Æвæццæгæн, адæймаджы Хуыцауы базыры бын нæдæр сызгъæрин пайцза бакæндзæн, нæдæр сæудæджеры дарæс. Пайцза мæ тары уыд, Сæнгибаны хъизæмарæй куы мардтой, уæд, фæлæ йæ сыстхортæм нæ равдыстон, уымæн æмæ мæхæдæг дæр йæ фарсмæ хъилы цъуппыл бахус уыдаин – Кæфцийы атлас пæлæзы дыс раивæзта. –Хъæбатыр дæ, фæлæ сæудæджеры фæндагыл цæуын нæма зоныс. Пайцза куынæ уыдаид, уæд дын бердзенаг сæудæджеры дарæс нæ баххуыс кодтаид æмæ ацы чысыл балцæй фæстæмæ Дур-чъырмæ нал баздæхтаис. Афтæмæй ныллæууыдтæ, алайнаг сæудæджер дæн, зæгъгæ! Сæудæджеræн йæ хотыхтæ кард æмæ згъæртæ не сты, зон!

– Дæхæдæг хорз цъыкк кодтай ехсæй!

– Уый сызгъæрин пайцза уыд, – не сразы ис венециаг. – Салдухагъамæ хъæдын пайцза дæр нæй, фæлæ йæ нау хъырымаг цагъартæй байдзаг кæны æмæ сæ сызгъæриныл баивы Трапезунд, Дамаск æмæ Халебы армукъаты. Зоны холыхор куыдз сæудæджеры фæндæгтыл цæуын æмæ уымæн!.. Цы фесты Джино æмæ Килирдж.

Дзес нал фæлæууыд, комкоммæ йæ афарста:

– Дæуæн ницы хъауджыдæр ис пысылмон æмæ чырыстон хуыцæуттæй, кæнæ сæудæджеры дарæс æмæ хæстоны згъæртæй?

– Килирдж, цы фæдæ? Талынджы нæ цы ныддардтай куыйтау!

Дзесмæ баздæхт æмæ йын фæлмæн хъæлæсæй дзуры:

– Дунейыл цы низ фæзынд, уыимæ тох кæнынæн хорз сты тесмел æхсаргард, хатыйаг атласбаræн адыли æмæ дзывыры хъæд дæр!.. Джино, цы фестут!..

– Уыдон læджы ныхæстæ сты.

Кæцæйдæр Килирдж æмæ Джино фæзындысты, æнахуыр уазджытæм фысым хæдзармæ фæсидтис.

– Марко, мидæмæ рацу де ссарæггæгтимæ.

Маркойы ном фехъусгæйæ фестъæлфыд Борæты Кæфци.

– Ахсæв нын ардыгæй ацæуæн нæй, Килирдж. Бæхтæ бафснайдтат?

– Бæхты мæт мауал кæн. Йæ уазæджы зæрдæмæ рухс бахæссын цы фысымы нæ фæнда, уый мæгуыр у. Уазæг æвзæр фысымыл куынæ хъæца, уæд уый та ноджы фыддæр, – цыма дины чиныг каст, уыйау адджын хъæлæсæй загъта Килирдж.

– Дæ дзыхы сæкæр, Килирдж!

– Марко! Пехуымпар Мæхæмæт загъта: дæ уазæгмæ йæ номæй бадзур!

– Мæхæдæг дæр сын нæ зонын сæ нæмттæ!..

– Кæфци дæн, Борæты мыггагæй... аланты фæтæджы минæвар. Мæнæ уый та Къæпсыхораг куырд Сæнгибаны фырт, – æрхæндæгæй загъта Кæфци.

– Марко Поло, венециаг сæудæджер! Уый та ме ‘фсымæр Джино.

Цыма сæ разы арвы дуар фегом, афтæ фесты дыууæ алайнаджы.

КИЛИРДЖ

«Цы уыд, уый уыдзæн, æмæ цы арæзтæуыд, уый арæзтæуыдзæн; æмæ ницы ис ногæй хурзæрины бын...»

Екклезиаст, 1, 9.

Килирджы хъæлæс рызтис цырагъы рухсмæ:

– Дзаггарзы къæрмæг стыдта фыд-зæрдæ зин æмæ æгас дунейыл апырх ис туаг сæнау. Нал ис зæххы цъарыл удгоймаг, фыд-зæрдæ зинæн йæ размæ чи ‘рлæууа æмæ йæ дзаггарзы фæстæмæ чи ныттæра.

– Адæм сæхæдæг сты сæ хъысмæт аразæг дæр æмæ дзаггарзы къæрмæг æфтауæг дæр, Килирдж!..

– О, Марко, стыр аллах æмæ пехуымлар Мæхæмæт хъизæмарæн нæ равзæрстой адæмы. Фыд-зæрдæ зины дзаггарзы куы-

нæ ныппарой æмæ йыл къæрмæг куынæ сæвæрой, уæд æртхутæг фестдзæн дуне.

– Ныппардзысты йæ!

Дзаумæттæ тыбар-тыбур кодтой цырагъы дыдзы рухсмæ æмæ се ‘ндæргтæ хатæны къултыл кафыдысты. Згæ рæхысыл ауыгъд аджы цыдæр фыхт, йæ сой зынджытыл тагъд цъыс-цъысгæнгæ. Хус смагæй байдзаг уат æмæ æххормаг уазджыты æмбудæнтæ агайдта.

Дервишы хуызæн уыд Килирдж. Зæронд фæсмын къандзолыл сæхъис бæндæн æрбабаста, бæгъæввад къæхтæ хæлын дзабырты атъыста. Сарыхъы чъилы бынæй ивад цæсгом зынд мыдадзау. Сасиры хуызæн цæстытæ зынджытау æрттывтой.

Хуыцаумæ скуывта Килирдж, еууæй ахуырст боцъотыл дæргъæццон æнгуылдзтæ æруагъта дæлæмæ:

– Стыр аллах нæ ныббардзæн Салдух-агъайæн йе ‘нæфсисдзинад.

– О Хуыцау, цы ныфс дæ æвæрæм, уый дæсæм хай нын схорзæх кæн!

Килирдж йæ амонæн æнгуылдзæй уæлæмæ ацамыдта:

– Алы хъуыддаджы сæргъ уый у.

– Монголты æрбабырсты сæргъ дæр!..

Йæ хъустæ та йæ армытъæпæнтæй амбæрзта Килирдж:

– Нæ дæ фехъуыстон, Марко!.. Уæллагмæ дæр нæ фехъуыстысты дæ ныхæстæ!..

Кæфци кастис Килирджмæ, цы хъуыддагыл хæст уыд, уый нæ рахатыд. Йæ хъæлæс адджынæй зæлыд æрдæгталынг уаты:

– Æнæхъуаджы мæ нытътъыстай ацы стыр зæххон хъуыддаджы, Марко. Мæнæн дæуау авд уды нæй. Иу уд мын уыдис æмæ йæ раджы радтон Æппæтскæнæгæн. Науæд зæххыл цы низ бафтыд, уымæн хосгæнæг разындзæн?

– Уыйас куывды хыгъдмæ дын цы радта дæ Хуыцау, Килирдж?

– Удæнцой мын радта æмæ разы уыдтæн, уымæн æмæ аллах зæгъы: цы дæм æрхауа, ууыл хъæц æмæ фылдæр ма дом.

– Аллах дын радта удæнцой æмæ дын æй сыстхортæ байстой!

– О Марко, дæ ныхæстæй мын мæ хъизæмайраг уд сбæгънæг кæныс. Стыр фæндæгтыл хаттæн стыр Хуыцауы цытæн, сыст æмæ чъизи мын мæ буар хордтой, фæлæ мæ уд сыгъдæг уыд.

Дамаскæй Меккæмæ цалдæр хатты ныццыдтæн, æдзæрæг быдырты хур мын мæ фæлахс буар сыгъта æмæ мын тæвд змис мæ бæгъæввад къæхтæ фыхта...

– Æмæ дын уыцы хъизæмары хыгъдмæ иунæг аллах Чабæ йы сыгъдæг дуры къæрттæй цырт скодта?

– Дуне хъæрзын æмæ хъæрахст фестад, Марко, æмæ арвмæ хъуысы.

– Дæумæ дæр хъуыст уыцы хъæрахст æмæ йын цы сарæзтай, цалынмæ дервишы лæдзæг æмæ хызын демæ хастай, уалынмæ?

Килирдж йæ галдзæстытæ артдзæстæй нал иста.

– Хъизæмар мæ чъылдымыл хастон æмæ афтæ æнхъæлдтон, уымæй мæгуыр адæмы уаргъ рогдæр кæнын.

– Æмæ йæ фæрогдæр кодтай?

– Цæмæн мыл худыс, Марко? Адæм иууыл дæуау æфсæйнагæй конд не сты.

Килирдж раст дзырдта, венециаг стыр сæудæджерыл Хъырымы цы таурæгътæ скодтой, уыдон æрбалæууыдысты Кæфцийы зæрдыл. Æнахуыр лæг уыд Марко Поло, лæгдзинад æмæ хинæй йедзаг. Паддзæхты, императорты, стыр ханты æмæ султанты кадджын дуæрттæ йæ разы тыгъдæй лæууыдысты, зæгъгæ, дзырдтой. Теуатыл бадгæйæ, дам. Мысыры змисбыдырты æрзылд, сыдæй, дам, мард æмæ тæфсæгæй йæ уд иста Индийы джунглиты. Стæй Гангы цæугæдоны былтыл факирау бæгъæввадæй цыргъаджы комыл кафыд æмæ магтау зынджытæ ныхъуырдта. Уый фæстæ та, дам, хатыйаг императоры галуаны дам-думты архайдта æмæ йыл Олимпы хуыцæуттæ хæрзмæ куынæ аудыдаиккой, уæд æфсæн къалатиты конд леопардты холы фæуыдаид.

Æфсæйнагæй конд уыд Марко Поло. Тибеты хæхтыл фистæгæй ахызт, Хъара-Хъорумы сахармæ бафтыд. Уый фæстæ йыл Индийы океан схъызыд, доннизæй рынчын матростæ йæ ныхмæ растадысты æмæ йæ йæ чъылдымыл уаргъбастæй нæræмон уылæнтæм баппарынмæ хъавыдысты...

Джино фехæлдта мæрдон æмырдзинад:

– Дæ кард хорз кæрды монголты фыд, Килирдж!

Æвæццæгæн, Килирджы уд цыдæр æвдæрзта æмæ уыцы хъизæмары венециаджы азымджын кодта.

– Æцæг фæндагыл лæуд уыдтæн æмæ мæ фæиртæстай, Марко... Ныр Хуыцаумæ кувыны бæсты адæмыл цуан кæнын.

Чъизи ханакаты хъуына кæрдзын хордтон æмæ мын хай уыд... Мæ хуызæн тæригъæдджынтæн зындоны ис сæ бынат.

– Хуыцауы раз сыгъдæг дæ, дæхи æнæхъуаджы æфхæрыс!

– Бæргæ!..

Артыл калд сойы цъыс-цъыс хъуыст æмыр уаты. Стæй æдзæфхад бæхты сæфтджыты уынæр æмæ фатау цыргъ хъæрахст айгæрстой æхсæвы тар. Æвæццæгæн та монголтæ кæйдæр басырдтой, зæгъгæ, ахъуыды кодта Кæфци. Дзесæн йæ цæстытæ уаты къуымтæм аирвæзтысты, æвæццæгæн хæцæнгарз агуырдта. Марко Поло йын йе уæхскыл уæздан æрхæцыд.

– Ма тæрс, ардæм не ‘рбалæбурдзысты, ацы хæдзарыл дамгъæ æвæрд ис.

– Кæд Сæнгибаны туг арвæй зæхмæ цыхцыр ныллæууыд æмæ ацы сыстхортæн хъаймæты донивылд фестид!..

Фысым агæй фысы дзидзайы кæрдихтæ систа, æртыкъахыг фынгыл сæ æркарста. Гайлайæ хъæбæрхоры кæрдзыны къæбæртæ райста. Йæхæдæг уазджыты уæлхъус лæууыд.

– Райсом кæдæм уыдзæн нæ уазджытæн сæ фæндаг? – чъызгæ бафарста Килирдж.

Марко Поло йæ хæрын фæуагъта, сагъæстæ йын йæ цæсгом нынцъылдтой.

– Райсом чыræимæ цал чырæгæс лæппуйы айсдзынæ демæ? – дзуапп раттыны бæсты йæ æрæджиау афарста Марко.

– Æз æмæ Джиноимæ æртæ чырæгæс лæппуйы рацæудзæн.

– Алайнæгтæ дæр уемæ рацæудзысты, – цыбырæй загъта венециаг.

Килирджы цæсгомыл тарстхуыз абадт:

– О Марко, иумæ ацæуæн нын нæй. Монголты даругъ æрмæст фондз лæгæн радта теуаты фæдыл сахары стыр кулдуарæй ахизыны бар. Стæй аланты фæтæг дæр зоны, фондзæй кæй стæм, уый. Мыййаг нын дуар куы нæ бакæной!..

– Фондз йеддæмæ нæ уыдзыстут.

– Фондзмæ дыууæ куы бафтауæм, уæд авд уыдзæн, Марко. Авд хорз нымæц у, уымæн æмæ нæ Раттæг авд боны дæргъы сфæлдыста, дунейыл лæджы цæст цæуылдæриддæр æрхæцы, уый. Фæлæ нын авдæй ахизæн нæй. Сахары стыр кулдуарæй. Катиб фондз лæдзæджы йеддæмæ нæ нывæрдта йæ тамгъæйы.

– Джино æмæ чырæгæс лæппутæй иу Херсонесы баззайдзысты. Уыдон бæсты алайнæгтæ ацæудзысты демæ.

– Уæд дæ фæнд, фæлæ монгойлаг хъарагъултæ фондзы онг нымайын зонынц. Æртæйæ куы ‘рбаздæхæм, уæд фæрсдзысты, иннæ дыууæ цы фесты, зæгъгæ.

– Фæстæмæ дæр уæ фондзæй рарвитдзæн аланты фæтæг.

Килирдж сразы ис æмæ йæ сæр æркъул кодта:

– Хорз.

Артдзæстмæ дзагъырдзастæй касти Марко Поло. Сагъæстæ йæ йæ алфаамбылай бадджытæй фæхибар кодтой æмæ сæ нал фиппайдта. Килирдж æм цыдæртæ дзырдта, фæлæ ивгъуыд хъизæмайраг нывтыл хъуыдыгæнгæйæ уымæ нал хъуыста:

Минбаши куы ацыд Сохаты сахарæй, уæд Марко Поло базыдта, Къæпсыхор ныффалгæрон кæндзысты монгол æмæ нал арвитдзæн æрвылмæйы фæстаг сабаты Дур-чъыры сахармæ Килирджы. Æлустоны алфæмбылæйтты кæмдæр уыд Килирдж, дервиш æмæ хъæбатыр хæстон. Æгæр цъус уыдысты йæ «дервиштæ» æмæ йæ бон ницы бауыдаид минбашийы ныхмæ, фæлæ уæддæр бафæдзæхста Атрахайæн, йæ сæрыл худы бæсты чинмачин чи дары, уыцы дзырдхæссæгæн: фæстæмæ раздæхæд Килирдж, Къæпсыхоры цур мæм æнхъæлмæ кæсæд.

Йæхæдæг æртæ бæхы раивта... фæндагыл, æртæйæн дæр сæ мисындзæгтæ атыдтой тыхтардæй æмæ ныххолы сты. Минбашийы, уым нал баййæфта, Къæпсыхор сыгъдис пиллонæй æмæ йæ уæзгуыты хъуыст хъæрзын æмæ хъæрахст, додой æмæ хъарæг. Минбаши нойоны бардзырды ныхмæ кæй нæ рацыдаид, уый зыдта, фæлæ йæ зæрдæйы кæмдæр пайцзайы ныфс дыдзы æрттывд кодта.

Уалынмæ Килирдж æрбахæццæ. Минбашийы фæсте асурæм æмæ уацайрæгты байсæм, зæгъгæ, дзырдта. Æгæр бирæ уыдысты знæгтæ, стæй Къæпсыхоры басудзыны сæраппонд кæй ныуагъта, уыдон дæр ын баххуыс кодтаикой, æмæ хъæбатыр дервиштæ сæхæдæг армукъайы уæййаг фæуыдаиккой. «Минбашийы ауадз æмæ, фæсте кæй ныууагъта, уыдонмæ аздах дæ хотых. Ныхæй-ныхмæ хæцыныл ма схæц семæ, тæссармæ сæ цæв, селфæй», – бафæдзæхста Марко Поло Килирджæн æмæ йæ бæхы Солхатырдæм фæзылдта.

Стæй Зевсы цы фæндыд, уый æрцыд.

Фæндæгтæ сæхгæдта минбаши. Цалынмæ Марко Поло хъарагъултæй аирвæзт, уалынмæ Сæнгибан æмæ Дзесæн сæ хъысмæт конд уыд.

Марко Полойæн Солхаты сирийаг сæудæджер æмæ дзырдхæссæг Сеифед-дин Балабан Эльгутмийыл йæ цæст æрхæцыд æмæ йæ уд йæ хъуырмæ ссыд. Зыдта, йæ æмбыд кæсаджы аргъмæ балхæндзæн цагъартæ ацы цъулбер æмæ та йæ наутæ седзагæй ныттæрдзæн Каирмæ. Салдух-агъа æмæ Эльгутмийы хуызæттæ сынтытау сбадтысты Хъырымыл æмæ йæ æхсынынц.

Атрахайы Сейфед-диныл бафтыдта, йæхæдæг Салдух-агъайы фæдыл Сыгъдæджы сахармæ ныццыд. Хæцæнгæрзтæм ма æхсайдта йæ зæрдæ, Сæнгибан йæ уды хъарм цы фæллойы нывæрдта, уыдонмæ. Йе ‘муд æрцыд æмæ афарста Килирджы:

– Цы фесты хæцæнгæрзтæ?

– Аллах не ‘вварс фæцис, Марко. Бафснайдтам сæ хъуырæуттимæ. Минбаши куы аиуварс, уæд хъуыды кодтон: Къæпсыхоры ныггæндæг кæнынмæ кæй ныууагъта, уыдоныл фæтых уыдзынæн, æви нæ! Нæ бæхтæн се ‘згъæллаггæмттæ рафтыдтам, цæмæй уыдон дæр дзыхæй лæбурдтаиккой.

– Уыцы мадзал монголтæн сæхицæй райстам, – йæ ныхас бафтыдта Кæфци.

– Нæ бæхты фæсвæд бамбæхстам, нæхæдæг хæдзæртты сæрмæ сбырыдыстæм æмæ уырдыгæй фаты къæвда ныууарын кодтам хомхорты сæрыл.

– Лæг нæ, фæлæ хæрзиуæггæнæг зин дæ, – раппæлыди дзы Джино.

– Арты пиллоны хуылфæй сæ хъæрахст æмæ хъæрзын хъуыст. Мæ удмæ будау тагъдис уыцы еусар, уымæн æмæ йæ зыдтон: уый та мæ фат кæйдæр баййæфта. Æртæ фарсахы бæрц сæ фæсырдтам, иугай сæ карстам фæндагыл. Фæстаг хæстоны куы æристам æрра бæхæй, уæд раздæхтыстæм фæстæмæ. Гæрзтæ систам, сæ бæхтæ сын архъантæй æрцахстам, Сæнгибаны куырдадзы цурмæ сæ æрæмбырд кодтам.

– Мах та афтæ фенхъæлдтам, цыма дæхи бынтон аиуварс кодтай, – баради Дзес.

– Минбашийы сайдтон, цæмæй фæстæмæ мауал раздæхтаид.

Марко Поло фынджы сæрты авнæлдта æмæ йын йæ арм нылхъывта.

Æхсæв къуырма сыгъд кодта æмæ денджызы уылæнты сæхæтт хъуыст.

– Атраха нæма разынд?

– Æрбацыд æмæ фæстæмæ аздæхт.

– Цы загъта?

– Херсонесырдæм, дам, рацыд Сейфед-дин Балабан Эльгутми.

– Сахары цы хабар ис?

– Хъоргъытæ байдзаг сты, æмæ Фемидæйы кувæндоны хуылфмæ баскъæрдтой цагъарты.

– Чи сæ балхæдта?

– Сейфед-дин Балабан Эльгутми. Уый Хъырымы ныгуылæнæй ссивы, Салдух-агъа та – скæсæнæй. Стæй сæ Сыгъдæджы сахармæ ныскъæрдзысты æмæ сæ науты бавгæндзысты.

– Аланты фæтæджы бартæ нæма сцыбыр сты, æмæ сын кæд нæ бантысид Хъырымæй цагъартæ аласын, – загъта Кæфци.

Марко Поло йæ сæр банкъуыста.

– Кæд сæ хъавы Сыгъдæгмæ аскъæрынмæ?

Килирдж йе ‘нгуылдзтыл цыдæр анымадта.

– Абон цы бон у, Марко?

– Майрæмбон.

– Майрæмбон!.. Райсом сабат... Атраха дзырдта: Сыгъдæджы наулæууæны, дам, иу матросы ракъахтон æмæ, дам, уый афтæ, æртыццæджы сласдзыстæм донæй нæ науæнгуыртæ. Кæд уыцы пысылмон матрос раст дзырдта, уæд Сейфед-дин Балабан Эльгутми йæ базайрæгтимæ ардыгæй хъуамæ анкъуыса къуырисæры, уымæн æмæ Сыгъдæджы онг дыууæ бонцауæй къаддæр нæу.

Кæфци нал быхста, райсом æй Дур-чъырмæ бæрæг бахæссын хъуыд. Чи зоны, Марко Поло æмæ Килирдж ам уынаффæ куы кæнынц, уæд мысыраг Сæудæджер та йæ базайрæгтимæ æмæхсæвæджы ахъуызыны фæнд скарста. Цал сабийы та фæхицæн кæндзæн сæ мадæлтæй! Ферох æмæ Сæнгибаны фырт Дзесы куыд фæхицæн кодтой, афтæ.

– Чи хъахъхъæны Сейфед-дины? – афарста Марко Поло.

– Минбаши йæ хъахъхъæндзæн. Чи зоны та Тунгузæн бахæс кæна нойон, Къæпсыхоры чи ныддымдта, уымæн.

– О, мæнæ йын цæй стыр цыт кæнынц!

– Цыты мæт сæ нæй, æнæуый дæр сæ ардæм хъæуы.

– Цы ма сын баззад Херсонес æмæ Сыгъдæджы?

– Алантæ, дам, денджызгæрон цæрæг адæмты ардауынц æмæ хараджа нæ фидынц монголты бейтæн. Тæрхоны цыргъаг, дам, æнæсæттонты сæрыл хъуамæ æруадзæм. Афтæ загъта Атраха.

– Ацырдæм дæр заргæ нæ рацæудзысты куыйтæ!..

– Нойон йæ сæт калдта кæмдæр.

– Кæфцийы цæсгом цикъæйау ныффæлурс:

– Адæмы бафснайын хъæуы мæсгуыты. Дур-чъырмæ рæхджы бæрæг куынæ схæццæ уа, уæд, чи зоны, байрæджы уа.

– Кæфци раст зæгъы, Марко, – бафтыдта йын йæ ныхасмæ Джино.

– О, бахадур, бæргæ ахсæв стыр кулдуарæй ахизæн куы уаид.

Сисдзæфы хуызæн рудзынгæй æддæмæ акаст Марко Поло, стæй йæм дзуапмæ чи æнхъæлмæ каст, уыдонмæ баздæхт.

Цагъайрæгтæ байсын æмæ адæмы бафхæрыны хъуыддаг бакъуылымпы кæнын стыр хæрзиуæг у, фæлæ иу мин æгæр стыр тых у.

– Райсом æз æмæ Килирдж Æмбазыгмæ бæрæг ныххæсдзыстæм, Марко. Æгас Хъырымыл фæдис ныхъхъæр кæндзыстæм.

Марко Поло æмæ Килирдж кæрæдзимæ бакастысты.

– Куыд кæсын, афтæмæй дын иунæг аллах дæ фæндаг дзæнæтырдæм уæрæхæй дардзæн, Килирдж.

– Сфæлдисæг дæм хъусæд йæ налмас хъусæй!

– Килирдж, Кæфци æмæ куырды фырт Дур-чъыры сахармæ, æз æмæ Джино та – Сыгъдæджырдæм. Фæндагыл адæмы фæдзæхсыны куыст дæр кæд бакæниккам æмæ кæд сæхи бафснаиккой... Сымах райсом изæрмæ фæндагыл бахъæудзыстут, иу æхсæв æмæ иу бон ма баззайдзæн йæ къухы. Уыцы цыбыр рæстæджы бафтдзæн Æмбазыджы къухы фæдис ныхъхъæр кæнын?

– Æнæхъæн бон нæ бахъæудзыстæм фæндагыл.

– О, бахадур, уаргъæвæрд теуатæ уымæй цырддæр нæ цæуынц.

– Теуатæ уадз æмæ узгæ цæуой, æз æмæ Дзес бæхтыл фæразæй уыдзыстæм. Цалынмæ Килирдж Дур-чъыры сахары кулдуармæ бахæццæ уа, уалынмæ Æмбазыг фæйнæрдæм фидиуджытæ фервитдзæн.

Алчи сæ йæ хуыцаумæ скуывта. Килирдж хъуыраны кæцыдæр дуа сусу-бусу кодта. Цыппар сахъæджы хохы фæхстау лæууыдысты æмыræй, æрмæст Дзесы сым-сым ныдзæвыд уаты къултыл.

Баныхас кодтой: Марко Поло æмæ Джино сæумæцъæхæй Сыгъдæгмæ аздæхдзысты, цæмæй сæм монголты зæрдæ мацæмæй фехсайа. Иннæтæ Дур-чъырырдæм сараздзысты се ‘ргом.

КЪИБИРТИ Амурхан

БАЙГОН УЙ АРВИ ДУАР

НАНА ÆМА ÆЛХУЙНÆ

1

Адтæнцæ æмдзæрийнæ
Нана æма æлхуйнæ.
Æрцæнцæ æмзæрийнæ
Нана æма йе ‘лхуйнæ.
Æлхуйнæ кин фестидæ,
Кафта ин зур-зурæгæй.
Зардта ин имиститæ,
Сосæгтæ сур-сурæгæй.
Скизгæ уидæ еу ескæд
Уой кафт æма уой зардмæ.
Цъæхснаг гурæ, зæрдесгæ,
Нийгъосидæ идардмæ...
Цума ‘ймæ гъæути разæй
Бæхгин тузмуй талинги.
Цума ‘ймæ æ къæразгæй
Ферттевуй дууæ зинги.
Аци тæккæ-нуртæккæ
Фегон кæна къæрæзтæ,
Гъе уотæ ба уайтæккæ
Ратар унцæ æ рæзтæ.
Бæлццонæн æ цæуæнтæ
Иссæнцæ æгæр унгæг...
Уотæ дирзæг цæмæ дæ,
Хъисмæти гъизæг думгæ?..
Нана нур æрзæронд æй,
Æ незтæ – хъури уæнгæ.
Кафуй ин цодтæ-модтæй
Æлхуйнæ – къæдзæ зæнгæ.

2

Нур ма еу ескæд изæрæй
Нана йе ‘лхуйнæ низзуруй.
Нидæн æлхуйнæ низзаруй, –
Нанай хезуй йе азарæй.
Зæлуй авари туни зар,
Уæздан, æнцойнæ фуни зар.
Нана æлвесгæ уæргъунæй,
Æруй сиребæл тар фунæй.
Нур, бафæллайгæй кафунæй,
Æруй æлхуйнæ дæр фунæй.

2017.02.07

ÆХСÆВÆ ГУЛÆРИ

Ка ниттухт æй нимæти?
Æз æма ду.
Кумæ тæхæн, кумæти?
Арв – æнæбун.
Кæбæлти æй, кæбæлти, –
Над – æбæрæг.
Æнгъæлинæ нурмæти
Арв æдзæрæг.
Еу кæмидæр зæнхæбæл
Арв нидзæвуй.
Æрвгæрони ханхæбæл
Хор нидздзæлвæ ‘й.
Къæрæугоми цъетебæл
Рохс æргуруй.
Гулæри æнæдзебæл
Бон игуруй.
Фæрдугутæ зæнхæбæл
Цъопп – æмидол.
Ка фæккудтæй зæлдæбæл, –
Арв æви ду?

2018.07.01

ЦАРДВÆНДАГ

Игетгæй ибæл цæун.
Низзир-зир кæнун тæссæй.
Цæветтонгæ ма цæун
Калми гъæлæсмæ хæпсæй.

Нæ дæ фæндуй ун хæпсæй? –
Уæд дæ карнæ æй бæрæг;
Æр дæ цæвдзæй цард тъæпсæй, –
Куй фестдзæнæ, йе – хæрæг.

Ис дæбæл æвæрдзæй саргъ,
Æнæ ‘фтаугæ, æнæ баз.
Хæрæгæй хæсдзæнæ уаргъ.
Куй уодзæнæ –къæсæргæс.

Ци æгъатир æй рæстæг!
Фæндæуа дæ, нæ фæнда, –
Æ кæронмæ æрхæстæг
Фæссагелæ уй фæндаг.

Еу фæндæгтæй къæхæн æй, –
Цæрдигон си – калми ком.
Иннæ над дæр тохæн æй, –
Форди сæрти – карди ком...

Игетгæй ибæл цæун.
Низзир-зир кæнун тæссæй.
Цæветтонгæ ма цæун
Калми гъæлæсмæ хæпсæй.

2017.03.11

СÆУМÆЙ

Зæлуй æрвгони зар.
Стулуй си хор сурхрос, –
Цæуй идуйгæ тар,
Цæуй ивулгæ рохс.

Æй ма дуйне къурма, –
Нурма игъал ку нæ ‘й.
Сæудар кæнуй хъурмæ, –
Нæ рафсастæй фунæй.

Сæууон уоддзæф гъæдæн
Æ ‘йавдæнæ уозуй.
Хори рохс æмвæтæн
Хуæнхтæбæл æруæзуй.

Хъал æй цъæх павзи маргъ,
Цæрунмондаг – æ зар.
Уомæн æй рохс зинаргъ,
Хори тунæ – хъазар.

2017.21.10

ЦИКЛ «МАДÆН»-ÆЙ

Атт, гъенур некебал,
Некебал æригъал кæндзæй дæу!
Мæ раздæри æмдзæвгæй

ФÆСТАГ ХÆРД

Цæсгон – ивад, дæ къох – ревæд.
Минæг – дæ цæсти рохс.
Тумугъ– дæхеуæнттæ, дæ фæд, –
Æнцæ сæ тухсти – гъос.

Цума фæстаг хæрди цæуис,
Цума фæцæй дæ тох...
Туххæй дæ нæдтæ ацауис, –
Дæ уаргъ кæнуй дæ хорх.

Кæнис фæстаг тухтæ æмбурд,
Фæстаг хъауритæ – еу.
Цæуис!
Нæбал кæнис æмгъуд.
Цæбæл тухсис æнеу!

Цæуис!
И думгæ дæ зарæн
Фæрсаггæнæг фæууæд.
Цæуис!
Барæнæ, хор, барæн, –
Зиннун кæнæ ин над.

2017.10.01

АХÆСТ АБÆРЕГ

Отворите мне темницу,
Дайте мне сиянье дня.

М. Лермонтов

Орирйæ, мæ саулох,
Абæрег – дæ бадæг.

Блашка

Нæбал уинун æврæгътæ,
Æхсæвæн – æ сау тартæ,
Бонивадæн – æ цъæхтæ.
Феронх дæн мæлгъи зартæ.

Ме ‘хседгæ арт æртуати
Айфонгæ исфунук æй.
Аци унгæг фадуати
Тайун, кæнун сунукæ.

Цумадæр никъкъурма дæн,
Æвæдзи еугур мард дæн! –
Нихсидтайнæ нурмæти
Ме ‘фсæйнаг хъадаматæ.

Оххай, ме ‘фсоргъ, кæми дæ, –
Мæ уодбæл – къума-дуæрттæ,
Уазал æфсæн тæлитæ.
Фæззиннæ, кæмидæр дæ!

Хъалагъур бонæрдæмæ
Ку бауа мæрдон фунæй,
Фелвæсæ уæд ардæмæ –
Арвæй уай, зæнхи бунæй.

Æртæхæ хъазауатæй, –
(Алкæддæр мин нифс адтæ!)
Æма син дæ зæбæтæй
Се ‘фсæн дуæрттæ ниссæттæ.

Уæдмæ æз мæ дæндагæй
Нихсиндзæн мæ хъадама, –
Æма мæ иуæндæгæй
Раскъæфдзæнæ гъæдæмæ.

Мæ сагъæссаг, мæ мæтæ –
Гъæдбудур æвæлхæтæ.
Гъæуй мæ цæрунмæ дæр,
Мæлунмæ дæр тар гъæдæ.

2017.30.10

* * *

Атт, донуордæг ци бæстæ ‘й,
Ци фæткæ си ес, ци цард,
Уой фæууинæ дæ цæстæй.
Ци хæстæг æй, фал ци ‘йдард!

Кадæр си цæгъдуй фæндур, –
Итинггæнгæ, кисингай.
Уæ, ци зæлтæ нивæндуй,
Мæ зæрдæ си исзинг æй!

Атт, донуордæг ци бæстæ ‘й!
Кæлæнтæгæнæг фæндур,
Кæдмæ мæ мардзæй мæстæй...
И уордæгмæ мæ фæндуй!

Мæ гъоси мин дзурдæуй:
– Æруодæнсæ, «фунтæй хъал»!
Ци сайтан дæ ардауй!..
Фæдди гъаздзæнæй цæхъал...

– Мæ рамæлæт – мæ æнгъуд, –
Фæндурдзæгъдæги ‘ссерун.
Дон цийфæнди уæд агъуд, –
Æз мæхе ‘ймæ æвзелун!..

Дон мæ нихмæ истадæй,
Нихъулдта мæ æ цæхъал.
Мæ цæстити рохс тадæй...
– Гъе уотæ дин, «фунтæй хъал»!

Синдзи къотæрбæл хуæцгæй,
Нур дзедзрой кæнун уæлдон.
Дони æмбухтмæ кæсгæй,
Низзæрдмæгур дæн бунтон.

Дæн мæ хъурми, мæ тухстбæл, –
Мæн уаваæри маке уæд!
Мæ рæдудтити ухстбæл
Фезонæг кæнуй мæ уод.

2017.10.06

* * *

Фæцæй еу лæг сайтæнтти сайдт
Æма лигъдæй
Æнод горæтæй гъæумæ.
Нæ си исадгин æй æ цард,
Нæбал бухстæй
Æ дзахъула, æ гъæрмæ.
Фæцæй æнай-æной ледзæг
Гъæубæстæмæ,
Уинунмæ нæ, цæрунмæ.
Мулкæн райста афтед лæдзæг,
Уой дæр уотид
Гъиггаг куйтæ сорунмæ.

Ниццæй синдзити буни гъæу.
Нæбал си ес
Рагон цæрæг, еу зонгæ.
Фалдзос – итигъд будур егъау...
Ами скодта
Гъæдрæбуни уосонгæ.
Уосонгæ нæ, фалæ аргъау,
Æма срохс æй
Йе ‘рхун зæрдæ æ цардмæ.
Адтæй æ нифси сæр æ гъæу,
Гъæди мæлгъæ
Цибæл кæнуй æ зардмæ.
Рæхцуй Уазай цъонгбæл æврагъ.
Лæги цæрæн
Бæрæг даруй идардмæ.
Еу кадæр уой хонуй æрра,
Иннæ кадæр
Хицæ кæнуй æ цардмæ.

2017.25.12

ФÆЗЗÆГ

Æрдæфæн калуй фæззæг
Гъæуи зинг-цæхæрæй.
Бадгæ кафт кæнуй фæздæг
Кедæр цъухдзæхæрай.

Нæ фæззæг иссæй сæнтбор
Царв ‘ма муди хузæн.
Арв, уадзæ нин фæлмæн хор, –
Ма нин æй фæгъгъизæ.

Гъæздуг тиллæг æрзадæй, –
Аллихузи алци.
Лæг батухстæй, еу загъдæй, –
Ци куст кæна, кæци!

Картоф къаха, сог ласа, –
Тухсуй сæуми сарæй.
Кауи сæрæй хуари зар
Уасæнгæ ку ‘рзаруй.

Хорбон æй, косуй алке
Лæмбунæг дзæхæрай.
Æруæгæй, мæгур, Багке, –
Каргун, æнæхъаурæй.

Æ комкоммæ синхон лæг,
Уомæ ку бацæуй:
– Уæ, Дугусси, дæ тиллæг
Гомти ку нæ цæуй!

Кувддæлтæ си фæккæнай,
Анзи идзаг къохæй...
Нæуæг сæнæй æркæнай, –
Карз æй, хъæбæр тохуй?..

2016.04.10

АЗАТИ БÆХ

Геуй рагъбæл зæронд урс,
Раст, цума, циртдзæвæн æй.
Ниццæй йе æхсидзгон гъос, –
Бацæй кæд еугур фунæй.

Скодтонцæ ин донадæ
Арв æма зæнхи хуæрзтæ.
Йе ‘ккой ин бони радæ
Æгæр уæргътæ нинхуæрста.

Зæнхæмæ ‘й цард нилхъивта, –
Æрæмпулд æй æ хози.
Уинуй ма царди нивтæ
Еу ескæд фунти хузи:

Нийгъосуй тарст бæхти уаст,
Бæхæргъауæй – цъæх нæгæ.
Снæуæг уй кæддæри уарзт, –
Æ цийнæ – хъури уæнгæ.

Тæхуй имæ æрдози
Сурх æфсæ мур-мур гæнгæ.
Зæронд урс, æнæ бозий,
«Снæуæг» уй зир-зир гæнгæ.

Æ сæр имæ ниргъувгæй,
Æ седæн уаст нинхуæрсуй.
Æ еци уаст фур уæгæй
Æхемæ дæр не ‘гъусуй.

Хъал æфсæ æ фур пъерфæй
Скъиллип кæнуй æ рæзти.
Мæгур урс ку никъкъех уй...
Фемæхсуй суг æ цæсти.

Схъурмæ уй: «Тæхгæ-тæхун
Дзухъмæрдæ ку фæцайнæ.
Нæ уайнæ атæ æрхун, –
Ниммæлæ ма нинцайæ».

2017.24.01

ЗУМÆГИ НИВТÆЙ

Хауй арвæй
Тъæфил къæдзалтæ.
Тауй, уафуй
Зæнхæн гъæццæлттæ.
Уæ, мет-сæнтуорс,
Рæсугъд бæргæ дæ.
Сæлуй мæ гъос,
Сорис бæркæдтæ.
Хулуй нæ сог, –
Тъифсуй нæ пеци.
Фæддæн æй сугъд, –
Не ‘сгъар дæн неци.

2015.07.11

* * *

Хатгай мæхеми нидздзæгъæл ун, –
Арви цæхъалти фæццидæр ун.
Ниддор, нигъгъæдæ, нидздзæнхъа ун.
Уотид ефстаг ма фæцъцъита ун.

Цидæр арф гъоргъи ниннигъулун
Æма нæбал фæуун – фесæфун.
Уæд æрæскъетун, æригъал ун, –
Мæхе æрлæдæрун, фестъæлфун...

Фал ми ку райдард уй арви тар
(Гъо, нæбал уогæй æррохс æнгъæл),
Урух ку байгон уй арви дуар, –
Ниуун мæхеми бунтон дзæгъæл.

2017.19.02

* * *

Форд æ цæхъалтæй
Дæу исфæлдиста,
Хъал-Форди кизгæ.
Арвмæ рæхсбети,
Арви азæли
Ду, тæнау резгæ.
Арви низзели
Уорс, дзæнхъа гурæ.
Арв – дæ рагъазæн...
‘Ма хили хуасæн
Сормæ низзури
Ду дæ сæрвасæн.
Гъо, «мæн фæууа»-бæл
Къох æргъувунцæ
Сахъ уонæхсартæ.
Тох низзелунцæ, –
Фордмæ схъеунцæ,
Охх, сæ сонт сæртæ.
Уæ, ци лæхъуæнтæ
Фордмæ тузмунцæ,
Фал сæ нæ уадзи.

Кæд сор зæнхæмæ
Форд-Дони бæстæй
Ду нæ ададзи.
Уæ, Дони кизгæ,
Дæу ниууарзтонцæ,
Дæу – сæ еугур дæр.
Кæд ехи къæрт дæ
'Ма нæ ниттадтæ, –
Уæд ци мæгур дæ!

2017.24.01

УАЛДЗÆГ ГЪÆДИ

Гъæди бæсти
Еу мæрдзæсти
Дессæгтæ, ци фæдес?
Мæргъти къуæрттæ
Къуæтти гъæди
Сдзорун кодтонцæ, дес!
Сæууон мæргътæ
Се 'рвон зарæй
Итинг кæнунцæ гъазт.
Къæрццой мæргътæ
Къæрцгъос гъæди
Цитгин кæнунцæ уарзт.

2016.21.05.

ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 80 АЗЫ

ХЪОДАЛАТЫ Герсан

ЦЫНÆ ВÆЙЙЫ?

Ӏæфæллад цæстытæ лæмары Хазби. Къуымты, кардзыд лæгау, уæзбынæй рацу-бацу кæны. Йæ зæрдæ йын цыма исчи тæвд уæхстыл атъыста, – риссы, судзы. Уалдзæг у. Сæууон хур, æвзист къуыбылойау, бæстыл атылд. Рудзынджы раз балбæлас урс-урсид дидинæг ракалдта æмæ йæ рухс мидæмæ ивылы. Хазби рудзынг æрбайтыгъта. Фындзы хуынчъытæ ныццавта алæмæты хæрздæф, сыгъдæг уæлдæфимæ рæуджыты анæрсын кодта... Мыдыбындзытæ, дыз-дызгæнгæ, цъирынц кадавар нектар. Хазбийæн чысылæй фæстæмæ ахæм райдзаст уалдзыгон райсом йæ уд, йæ дзæцц уыд. Æрдзы кæркæмæркæ фæлыстмæ-иу йæ цæст кæсынæй не ‘фсæст.

Фæлæ ныр... Дидинæфтыд балбæлас æм цыдæр урс уазал æндæрджы хуызæн зыны. Мыдыбындзытæ – лыстæг сау ичъитæ – йæ уæлæ ныхæст... Кæмдæр ма сæм йæ мид-зæрдæйы хæцгæ дæр кæны, уæ дыв-дыв цух ма дæн, зæгъгæ.

Афтæ у. Лæджы судзаг мæт куы бацæуы, уæд æм «цæр» дæр хъыгау фæкæсы. Нæй бахудæн Хазбийыл дæр: тыхст у йæ мад. Фæстаг æртæ боны дæргъы хор-доны хъæстæ нал фæци. Дысон-бонмæ дæр æм бадгæ кæнынц. Дыууæ хатты йæм «Тагъд

æххуыс» дæр фæзынд, фæлæ цы йæ бон у хуымæтæг терапевтæн? Рыстуромæн судзин ын-иу сарæзта, зæрдæ фæфидаргæнæн æртæхтæ йын-иу донимæ адардта æмæ фæци. Æниу хирург дæр йæ къух æркъæдз ласта уыцы фыдуаг низы раз... Мæй æмæ æрдæджы бæрц Республикон рынчындоны онкологион хайады фæхуыссыд ус... «Операци мын скæнут» – йæ уды быцъынæг скъуыдта уынгæджы адæймаг, фæлæ йын цæмæндæр йæ ныхасмæ ничи хъуыста. «Йæхæдæг дын бабаддзæн», «Хостæ дын феххуыс уыдзысты», «Рухсытæ йæ батайын кæндзысты...» Ацы ныхæстæ йын фыццаг-фыццаг йæ зæрдæ сæттын нæ уагътой, фæлæ иугæр куы ницы хуыздæр кодта, бонæй-бонмæ йæ уæрджыты магъз куы тад, уæд сыл нал æууæндыд. Уый нæ, фæлæ ма-иу æнæбары уазал худт дæр бакодта, йæ мæллæг къух ауигъгæйæ: «Ныр бамбæрстон, операци мын цæмæ гæсгæ нæ арæзтой, уый...». Æмæ-иу ныууынæргъыдта, йæ сæр-иу базыл иннæрдæм фæзылдта... Уæлдай тынгдæр та йæ ныфс асаст дыууæ къуырийы размæ.

Цæвиттон, райсом йæхи æнæбары, рахиз фарсыл зылдæй, тасмæ куы ныхсадта, йæ цæсгом куы ныссæрфта, уæд йæ чызгмæ фæдзырдта, айдæн-ма мæм авæр, зæгъгæ. Дыууæ базы фæсонтæм быцæу, афтæмæй кæсы йæхимæ айдæнмæ: кæддæр æхсыр æмæ туг цы цæсгомы зылдис, уый ныр сыджытхуыз сси. Сау хъоппæг цæстытæ тæмæнхуыстæй ныххаудтой сæ къуырфыты, сæ бынтæ цъæх тæлмытæй зынынц. Кæддæры рухс дæллагхъуыр саудалынджы хъæлæсы аирвæзт...

Рынчын усæн йæ зæрдæ ахъеллæуттæ кодта, уæззаурæсыд дзидзийы бын ноджы тынгдæр нылхъывд и.

«Мæ хъæбултæй искæй цинаг уæддæр куы баййæфтаин!.. – Ныхъхъæрзыдта къæхты бынæй... – Ацы райдзаст хæдзары бирæ нæ, фæлæ иу æртæ азы уæддæр куы ацардаин мæ дзæбæх биноитимæ... Æ, де ‘гæр фæкалай, Хуыцау!..»

Хазбийы цæстытæ хуыссæгхъæлдзæг æмæ цæхджын цæссыгæй ныссырх сты, цыма йын сæ исчи хуыртæ нызгъæлста... Гæзæмæ сыл рæсыд дæр фæхæцыд... Йæ мад адзалы къахыл ныллæууыд, уый куы базыдта, уæдæй фæстæмæ йæ цæсгом бынтондæр ныттар ис. Йе ‘мгæрттæ дæр ын хатынц йæ уавæр æмæ сæ алчидæр йæ цуры цыдæр сæркъулæй фæлæууы, цыма йын рагацау мæсæллæй кæнынц. Йæ уроктæм та бынтон нал тасы йæ зæрдæ. Райсы чиныг, рафæлдахы нысангонд параграф,

йæ фæллад цæстытæ бæттæгау бакæны дзырдтыл, фæлæ дзы, мара зæгъ, кæд сæрмæ исты хизы хъусæй ласгæйæ дæр. Алы дамгъæйæ дæр æм йæ мады мæллæг, сыджытхуыз цæсгом разыны цадæггай... Къуырфхауд цæстытæ йæм æнхъæлцау каст скæнынц, сæ тæригъæдæй хæдзары къултæ дурдзæссыг æрызгъалынц, цъитийы бынæй хъарм дон ратæдзы, фæлæ цы йæ бон у баххуыс кæнын? Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр афтекæй хос æрдавын, сыхæгты телефонæй «Тагъд æххуысмæ» фæсидын, йæ дзыхмæ йын агуывзæйы дон бадарын. Рабадын æй кæнын, æхсæв-бонмæ хæдзары къуымты хуыссæг æмæ мастимæ хъæбысæй хæцын... Æниу мады зæрдæ ингæны къæсæрыл дæр аудаг æмæ цырагъвæлмæн у:

– Дæ нывонд фæуон, бафынæй кæн, æнæмæнг хъуамæ иууыл сыскъуыйæм, – тыхулæфтгæнгæ-иу дзырдта Хазбимæ йæ гыцци...

Фæлæ ацу æмæ дæ цæстыл цъынд ахæцæд ахæм æндыгъд уаваæры!.. Бонцъæхтæм цырагъ никуы ахуыссыд, хъæрзын никуы банцад... Æмæ-иу læппуйы бахъуыд æхсæнмæ-хсæнты йæ фыдыфсымæртæм æхсæвиуат кæныны сæр...

Сыхаг хатæнæй хъуысы уынгæгхъуырæй хъæрзын... Ус рафтбафт кæны... Низ кæрæф бирæгъ фестад æмæ фергæвды ныйярæг мады... Морфийы судзинтæ дæр та сæ «къух» æркъæдз кодтой æмæ сæ раивта туаггуыры лалым... Усæй ма царм æмæ стджытæ аззад æмæ уыдонмæ дæр бавнæлдтой ракхъæстæ уидæгтæ... Кæддæр сабийы пух гуккыты, нарты сызгъæрин фæткъуыйау, цы дзидзи тыбар-тыбур кодта, уый ныр, цуайнаджы дурау, ныссау æмæ ныхъхъæбæр, фæрчытæ хауы. Æмæ дзидзи фæдисхъæр кæны Зæххы къорийы сæрмæ:

– Бирæ нæ, фæлæ мын-иу райсомæй изæрмæ исчи мæ уаваæр фæрог кæнæд, гормæттæ, æппын хуыцауыхай нал ис?!. Мæ фæстаг фæдзæхстытæ дзурыны бон ма мæ уæддæр фæуа... Царды æвæджиауы цъæх-цъæхид бæласы уидæгтæ мæнæй куы цъирынц хъаймагъ, адæймаджы уæнгты туг æмæ æхсар æз куы бауадзын, уæд цы ракодтон... Гъе-мардзæ, æвдадзы хос, аргъæутты бæстæйы дыл пъæззы цы ныббадт, фæзын!.. Мадымайрæм, дæ фарныл авд æфсæн дуары кæм ныхгæд и?..

Фæдисы хъæр зилы, араугæ, зæхх æмæ арвы ‘хсæн... Цы сæрымагъзы не стæлфы, цы зæрдæ æмæ хæдзары дуар нæ ныххойы æххуысæнхъæл, ахæм нал и, фæлæ æппæт дæр æгуып-

пæгдзинады амæддаг баци.. Æмæ уæд иунæг Хазбимæ скодта йæ нуктæ æмæ йын йæ сæрæй зилгæ куыройы фыд сарæзта:

«Уæдæ тагъд сидзæры ном мæ уæлæ абаддзæн, нæ? – йæ мид-зæрдæйы дзурынтыл фæци лæппу. – Уæдæ гыццийы армæй конд кæрдзын никуыуал асæтдзынæн, нæ? Уæдæ гыцци райсомæй нæ гæрæм хъуджы фæдджытæ дуцыны хæдразмæ сæууон сатæг донæй никуыуал æрæхсдзæн, нæ?.. Æвæдза, хъодыйаг у æгъатыр хъысмæт. Дæ цæсты раз дæ ныййарæг мад утæхсæн кæны, æххуысмæ сиды æмæ йын дæ бон ницы у... Æрмæст дæ зæрдæйы рæбын тугтæ тæдзы, тæдзы... Омæ цы æнагъæддаджы низ у, цы! Куынæ йæм хос хъары, куынæ æндæр! Радиоактивон рухсытæ дæр, дам, æй рæстæгмæ фæкъуырма кæнынц... Æмбисонд хирурджы скальпель у, æмæ йæм уый дæр йæ ныфс нæ хæссы... Чысыл дæр, дам, æм куы фæныхилай кардæй, уæд, дам, йæ сау ныхтæ арфдæр ныссадзы рынчыны... Æмæ дзы адæм æмризæджы ризынц... Хуымæтæг цъутхал кæй буарыл разайы, уымæн дæр йæ катайаг хъуыдытæ кæдæмты нæ ахæццæ вæййынц! Стæй цыма уаргæ æркодта!.. Иуырдыгæй æрыхъуысы, иннæрдыгæй æрыхъуысы... Цыбырдзырдæй, уыцы низ фæзынд, уæд дæ мæрддзæгтæ райдай цæттæ кæнын... Царыл дæ сауындздзæн æмæ, кæрдойы халау, хус кæн... Афтæмæй та æрдзы мидæг адæймагæй тыхджындæр æмæ зынаргъдæр ницы ис. Адæймаджы гени цынæ диссаг сарæзта зæххыл, иу ахæм нал баззад. Милуангай азты размæ нæ планетæйыл (æмæ канд ууыл нæ) цы уæвынады гаччытæ уыд, уыдон дæр лабораторион анализы фæрцы æнцонæй рахаты. Кæддæр бердзенаг стыр физиктæ атомы æнхъæлдтой буарады иууыл къаддæр хай, фæлæ рацæй-рабон, æмæ та уый дæр, иу поэты загъдау, æнгузы аппау, афастой фæстæдæры ахуыргæндтæ... Аргъæутты гауыз нæ цæсты раз космикон нау басгуыхти... Зæххы аразгæ æмбæлццæтты нымæц минмæ фæхæццæ кæны. Адæймаг Мæйыл фæрацу-бацу кодта къахæй æмæ та сæрæгасæй æрыздæхт йæ райгуырæн планетæмæ. Аразынц роботтæ – læджы халдихтæ!.. Æмдзæвгæтæ чи мысы, шахмæттæй чи хъазы, уысммæ мингай техникон операцитæ чи хынцы, ахæм ЭВМтæй бæстæ байдзаг... Уæдæ медицинæ дæр иу ран нæ læууы. Иоганесбургаг хирург-кардиолог Бернарды кой æгас дунейыл куы ныхъхъæр и. Уый цалдæр пациентæн, зæрдæдаræн кæуыл нал уыд, сæ уыцы низджын зæрдæтæ слыг кодта, сæ бынæтты

сын æнæниз, куыстхъом зæрдæтæ нывæрдта æмæ сын уый фæрцы сæ царды бонтæ фæдаргъдæр кодта... Ау, уæдæ ацы низ цы фæрскæй у, цы! Адæймаджы хурæмдых генийы раз читт дæр куынæ кæны!..

Мæхи гыцци!.. Ды мæнæн дæ урс æхсыр цы дзидзийæ дардтай, уый ныр æвирхъау низы амæддаг кæны æмæ æз та, сæгъау, хæрдмæгастæй лæууын... Фæцæуыс æмæ дын бауромыны фæрæз нал ис... Дымгæбоны цырагъау ма дæ хъиутæ цы хæрыс, уыййеддæмæ... Æниу, дыл зæфцыфыдæй ницы цæуы, уый дæм хъысмæт фæкомкоммæ, æндæра... Мæ иунæг хо Агуындæйæн йæ цæссыгтæ нал сысынц. Уадзгуытæ, мæтмæрдтæ кæны... Уæлдайдæр та йын дæ мигæнæнтæ куы фæфæдзæхсыс, уæд... Йæ хæкъуырццæй нал фенцайы... Уæдæ бабайæ дæр рахъастгæнæн нæй. Арвы кæронмæ дæр фæцæуид, дæу сæнæнизæн дзы исты фæрæзмæ йæ зæрдæ куы 'хсаид, уæд. Кæдæмты йæхи нæ фæраппар-баппар кодта! Цæттæ у хæдзары рæбинаг цæджындз рафтауынмæ дæр, æрмæст дæуæн исты хос бахуыс уæд. Суанг ма Фæсхохмæ дæсны фæрсынмæ дæр фæцыд... Фæлæ нывæндтæ дæр ницы ахъаз фесты... Хуыцау, æвæццæгæн, йæ хъустæ зныхы къæрмæджытæй бавдызта æмæ йæм уыйадыл нæ лæгъстиаг куывд нæ фехъуыст. Йе та, чи зоны, уымæн дæр ницы тых бавзарын у йæ бон æнагъæддаджы низæн!..

Тæккæ гъеныр дæр та Калачы ис баба хосы судзинтæ амал кæнынмæ, туджы аргъæй сæ хъуамæ балхæна цавæрдæр дзуттагæй. Уыдон ма сты нæ фæстаг ныфсы таг... Фæлæ куыд æрæгмæ зыны, фыццаг автобусы нæ рацыд, æвæццæгæн...

Иууыл диссаг та æддагæттæ фесты. Нæ комбæсты зонгæ адæмæй нæм рынчынфæрсæг чи не 'рбацыд, ахæм дзы, æвæццæгæн, ничиуал баззад... Æниу уый дæхицæй цыд. Дæ цæст сау сæ никуы никæмæн загътай. Иудадзыг дæ уд дæ армы дардтай... Æмæ дыл сæ зæрдæ риссы хионау... Сæ хуынтæй райгонд уæнт, фæлæ рынчынæн иу ныфсы ныхас хатт хосæй фылдæры бæсты фæцæуы. Нæ хъæубæсты та ахæм дзырдарæхст зæронд устытæ ис, æмæ иу диссаг вæййы уыдонмæ байхъусын... Уæлдай рæвдздæр та худæгтæ нымайынмæ сты, – мард дæр сæм фæзыхъхъыр кæндзæн йæ гамæхгæд дзых... Æцæг, гыцци, дæу уыдон хъæлдзæг ныхæстæ нал æндæвтой, уæлдай ныхасмæ хъусын дæр дын-иу зын уыдис, фæлæ... Никуы мæ ферох уыдзæн, айфыццаг цæуылдæр зæрдиагæй куы схудтæ

æмæ дæ риуæй куынæуал сулæфыдтæ. Стæй куы ‘рчъицыдтай, уæд дæ чъырццæ цъæх былты ‘хсæнты хъавгæ ралæмæрстай: «Мæ риуыл куыройы уæззау фыд ныффæлдæхт, куыройы, æмæ ма худын дæр кæй уадзы...»

Мæхи гыцци!.. Ныббар мын, кæд искуы дæ уарзæгой, дæ фæлмæнтæ зæрдæйы хъыджы бацыдтæн, уæд... Уидгуытæ дæр, дам, æнæ хъæлæба нæ фæвæййынц. Æниу ахæмæй мæ зæрдæ мæхимæ уадиссаг ницы ‘хсайы. Æз дæ ныхасыл дыууæзæгъæг никуы уыдтæн. Мады фæндон хъæбулæн исгæйæ у. Æрмæст фарон иу хъуыддаджы не сразы дæн демæ. Цæвиттон, скъолайы партæйыл фыццаг хатт куы сбадтæн, уæд мын бауынаффæ кодтай, хъуамæ, мæ лæппу, дохтыр суай, зæгъгæ. А-ныр скъола каст фæуыдзынæн, зæгъгæ, уæд дæр та мын æрымысыдтæ дæ кæддæры фæндон... Раст æй цыма дæ мæгуыр зæрдæ развæлгъау хатыд, æвирхъау низ дæ йæ ныхтæ кæй ныссадздзæн... Разæнгард мæ кодтай: «Лæгуарзондæр дæсныйадæн скæнæн нæй а дунейыл, мæ хъæбул. Ахъуыды-ма кæн, кæддæра рынчынмæ æххуысы къух бадарынæй бæрзонддæр хæрзиуæг ис?» Æз та уæд геолог суæвыны хъуыдыйыл хæст уыдтæн æмæ нæ «быцæуы», кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт амæлттæй дæр архайдтон, мæхи равзæрст фæндаг дæм растдæр куыд фæкастаид...

Фæлæ ныр мæ хъуыды аивынмæ æрцыдтæн – дæ ныхæстæ мыл æртæфстысты... Растдæр зæгъгæйæ та мын дæ тыхст уавæр мæ риуы æндæр зæрдæ бавæрдта... Афтæ мæм кæсы, цыма цалдæр азы фæкарджындæр дæн...

О, уæгъдидон, æбуалгъы низ!.. Дæ хъæстæ рохтæ æрцахсын адæймаджы къухты кæд бафтдзæн, зæрдæ кæдмæ риздзæн иунæг дæ койæ дæр?! – йæ дæндæгты мæсты хъыррыст цæуы Хазбийæн. – Бæстæ иуырдæм куы сфæлдæха, уæддæр мын, гыцци, де снывгонд фæндагæй иуварс ахизæн нал и, хъуамæ дохтыры зын, фæлæ хæрзæг дæсныйадыл ныххæцон... Цынæ вæййы царды мидæг... Чи зоны, ацы куыдзы низæн хос ссарын мæ фæлтæрмæ æнхъæлмæ кæсы?.. Чи зоны, медицинæйы бæрзонд галуаны къæсæрæй мæ къахбавæрд хорзырдæм фæуа...»

«Уæдмæ дæ гыцци æгас нал уыдзæн!..»

Арвы цæфау фæци Хазби, исдуг йæ сагъæсты рæхысы цæг кæм фескъуыд, уый нал ардта æмæ джихæй кæсгæ баззад «урс æндæргмæ»... Стæй та йæ мид-зæрды фæгæрз нымайынмæ:

«Царды уидаг уæддæр нæ аскъуыйдзæн... Зæрдæниз æмæ ракниз æнусы риссæгтæ хоны нæ заманы медицинæ... Журналы мæнгтæ кæцæй фыстаиккой! Æмæ уый зæгъæг дæн: бирæ гыццитæ, бирæ бабатæ, бирæ цардмондаг адæймæгтæм æнхъæлмæ кæсы нырма ацы фыднизимæ хъæбысæй хæцын...»

«Дунейы стырдæр дохтырты къухы нæ бафтыд уый ныхмæ ахъаззаджы мадзал ссарын, ды та нырма, дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр, фантазиты уацары дæ... Мыстытæ гæдыйы хъуырыл мыр-мыраг бакæныныл куыд тæрхон кодтой, афтæ...»

«Мæнмæ та афтæ кæсы, цыма лæджы цы бафæнда, уый, абон уа æви сом, – йæ къухы бафтдзæн... Æппæт дæр бæллиц æмæ фæндæй райдайы...

Нæ, нæ!.. Æз хъуамæ суон онколог æмæ ацы æнагъæддаджы низæн йæ бындур ныззилон, науæд адæмы хуыздæрты цæгъды!.. Æз... Æз мæ тæригъæддаг мады туг æнæистæй нæ ныууадздзынæн!..»

Сыхаг хатæнæй æрдиаг райхъуыст...

Хазбийы арв ныццавта...

Мыдыбындзытæ дидинæфтыд балбæласыл ризынц...

ГЫЦЦЫЛ ДАВИД – МЕ СТЫР ХÆЛАР

Æцæг хабар

Цыппар азæй фылдæр рацыди, гыццыл Давид ме стыр хæлар куы ссис, уæдæй. Ацы рæстæджы дæргъы æз иудадзыг мæ риумæ ‘лхъывдæй, мæ хъуырыл ауындзæгæй æнкъарын æртæаздзыд сабийы, хъусын ын йæ гыццыл тарст зæрдæйы тыррыкктыррыкк, ме ‘нæдаст русмæ цы хом рус нылхъывта, уымæй мæм цыма абон дæр цыдæр хъарм лæдæрсы, афтæ мæм кæсы...

Райдайæм сæрæй. 2008 азы 8 августы æвирхъау хæсты размæйы бонты дæр-иу уыдис æхстытæ. Æмæ та раст æхсæвæрафон Ергнетырдыгæй сармадзантæ æмæ гранатæхсæнты рыхын æрбайхъуыст, сармадзанты нæмгуытæ хæлдысты кæмдæр нæ цæрæн бæстыхæйттæм хæстæг æмæ сæ сæртæг рæмыгъдтытæй зæрдæ скъуыдтæ кодта. Сыхæгтæ æдасдæр рæтты сæхи ауон кодтой. Уыдонимæ мах дæр – ме ‘фсин, мæ кæстæр лæппу æмæ чызг, мæ чызджы чызг Зæринæ. Нæ бандæттæ раскъæфтам

хæдзармæ бацæуæнмæ æмæ уым тарст æмæ æнкъардæй æхсæвасадæн кодтам.

Гыццыл сабитæ исдуг сæ мадæлты хъæбысты ныгъуылдæй лæууыдысты, стæй æхст чысыл куы фæсабыр, уæд бинаг площадкæмæ ныххызтысты æмæ сын уым хъазын бацайдагъ. Мах дæр чысыл сулæфыдыстæм æмæ ныхæстæ кæнæм, кæрæдзийæн ныфсытæ æвæрæм.

Уалынмæ иу нæмыг, хъыллистгæнгæ, нæ корпусмæ æввахс кæмдæр сæмбæлдис, ахæм гуыпп ныккодта, æмæ рудзгуыты æвгтæ базгъæлæнтæ сты, махæн та нæ хъустæ акъуырма сты. Сабитæ сæ хъазын фæуагътой æмæ тарстхуыз æмæ зырзыргæнгæ сæ мадæлты хъæбысты абырыдысты. Æрмæст гыццыл Давид ацы хатт йæ мадмæ кæсгæ дæр нал бакодта, мæ уæрагмæ мын сгæпп ласта æмæ мыл æрцауындзæг, йæ рус мын мæ русмæ æлхъивы...

Æз дæр ын, ныфсытæ æвæргæйæ, йæ гыццыл риу мæ риумæ æрбалхъывтон æмæ исдуг цавддурау аззадтæн.

Устытæй сæ тарст дæр æрбайрох æмæ сæ цымыдис цæстытæ ныццавтой махмæ, мæнæ цы диссаг уынæм, зæгъгæ.

Афтæ исдуг мæ хъуырыл ауыгъдæй æмæ мæ риумæ æлхъывдæй лæууыд дменисаг гыццыл лæппу, ме ‘нæдаст русы хъуынтæ цыма йæ фæлурс фæлмæн цæсгомы нæ ныхстысты, афтæ дардта йæхи. Уый нæ, фæлæ сæм йæ цæсгом тынгæйтынгдæр æлхъывта. Уæдмæ гæрæхтæ фæхъус сты æмæ хъуамæ нæ фатертæм бахызтаиккам, фынæй афон уыдис æмæ... Æз Давиды мæ хъæбысæй исын, фæлæ уый уæддæр зырзыргæнгæ ныndæгъди мæныл æмæ æрхизын нæ комы. Цалынмæ йын бирæ фæлæгъстæ кодтам, уæдмæ, марадз зæгъ, кæд нæ истæмæ дардта. Цыбыр ныхасæй, йæ мад æй куыддæрты æрæууæндын кодта æмæ йæ мæ хъæбысæй йæхи хъæбысмæ, йæ цæссыгтæ калгæйæ, айста... Мæстæлгъæдæй нæ фæйнæ хæдзары къæсæрæй бахызтыстæм, нæ «уæздан» сыхæгты фыдæхсæвтæй æлгъитгæ.

Дыккаг бон хуыссæгхъæлдзæгæй балкъонмæ рахызтæн, зæгъын, сæууон уæлдæф сулæфон. Бынмæ ныккастæн æмæ фыццаг уæладзыджы Хъуылымбегты фатеры рæзты рацæуы Бестауты Таймураз, йæ гыццыл лæппу Давиды къухыл хæцы, афтæмæй. Æз æм, дæ райсом хорз, зæгъгæ, ныдздзырдтон. Уый дæр уæлæмæ скаст æмæ мын арфæ ракодта. Æз æй зыдтон,

хъахъхъæнынады службæ кодта, дысон дæр Тамарашены арæны цур лæууыдысты йе ‘мбæлттимæ, æмæ йæ афарстон, зæгъын, мыййаг исты фыдбылыз æрцыдис дысоны æхстытæй.

– Хуыцауы фæрцы ницы. Уыцырдæм уадиссаг нæ хаудтой нæмгуытæ.

Гыццыл Давид мын куыддæр мæ ныхас фехъуыста, афтæ йæ бæрзæй хæрдмæ сыздыхта, æмæ мæ куы ауыдта балкъоныл, уæд йæ къух атыдта йæ фыды къухæй æмæ мæм æртыккаг уæладзыгмæ смидæг, йæ чысыл къухтæ та мæм сивæзта æмæ йæ æз дæр мæ хъæбысмæ фелвæстон. Таймураз нæм джихæй уæлæмæ кæсгæйæ баззад. Дысоны хабар ын куы бамбарын кодтон, уæд йе ‘рттæ ныццагъта æмæ мидсагъæсты аныгъуылд...

Уæдæй рацыдис цыппар азæй фылдæры бæрц. Æмæ уыцы рæстæджы дæргъы мæхи арæх фæфæрсын: «Уæддæр цæмæн афтæ бакодта чысыл Давид? Чи зоны, æмæ сонт саби тынг фæтарст æвирхъау гæрæхтæ æмæ рæмыгъдтытæй æмæ йæхи кæм амбæхса, уый нал зыдта? Чи зоны... Чи зоны... Уæддæр иу хатдзæгмæ æрцыдтæн, кæд нæ рæдийын, уæд. Æнахъом саби æвирхъау рæмыгъдæй афтæ фæтарст, æмæ банхъæлдта, ныртæккæ сабиты марджытæ æрбацæудзысты æмæ йæ аскъæфдзысты. Уыцы ран мæнæй стырдæр, мæнæй бæрзонддæр ничи уыд æмæ йæм, æвæццæгæн, афтæ фæкаст, ацы дадамæ нæ бауæнддзысты лæг-бирæгътæ, æрмæстдæр æй æз бахиздзынæн фыдбылызæй, æндæр ничи...

* * *

Фæталынг дуне, Галæгон фæхъус и,
Стæй мигъы ‘хсæнты ахæм тæрк нæрд ацыд,
Цыма уæлæрвты мин саударæг усы
Ныййегъе кодтой саубойнаг мæрдадзы.

Нæ! Дун-дуне нæ фæуыдзæни сайраг!
Нæ! Ацы зæхх нæ фæуыдзæн æдзæрæг!
Уый арв кæны йæ тохмæсидæг зарæг!
Уый арв цæгъды йæ фæдисы дзæнгæрæг!

КЪОСТАЙЫ ЦЫРТЫ РАЗ

Хатыр мын уæд, Къоста, дæумæ кæй уæндын дзурын,
Дæ ном ыстауынмæ къуымых æвзаг кæй тасы.
Кæнын ныгъуылдтытæ къæмдзæстыгæй дæ цуры.
Мæ уд, зынджы къæрттау,
дæ карз уайдзæфтæй басыгъд.

Цы кæнон, цæй, Къоста, нæртон фыдæл, зæрингуырд,
Цæгъдын дæ фæндыræй нæ базыдта дæ кæстæр.
Бæстыдзаг сагъæстæ куыд бацæудзысты риуы,
Кæд сыл æххæссынхъом нæ зонд дæр нæу, нæ цæст дæр?

Кæд искуы иунæг дзырд ысми кæнæм рæстагур, –
Нæ уд ысцæйтæхы фырадæргæй йæ фæдыл.
Кæд Ираен де стыр ном фыццаг æмæ фæстаг у,
Бындаræй баззайдзæн хæрзиунæгæй дæ фæндыр?

Хуыцау нæ ралгъыста, хæйрæг æрцард нæ уды,
Сæрмæ-сæр аивæм фæрныг ныхас къæбæрыл.
Нæ гаккыл д' алы дзырд Сæнайы цъуппæй худы, –
Кæй бæрны бакодтай дæ уаз хæзна, кæй бæрны?!

Уæууа, нæ былалгъыл ысахстон кодта фидис.
Нæмæм куыдзы къахæй æзлæгдæræй кæрæдзи.
Ды та... Ингæнæй дæр дæ дзыллæйы хæс фидыс.
Ды та... Мæрдтæй дæр нын фæхуын кæныс нæргæ цин.

Хатыр мын уæд, Къоста, кæй дæ кæнын дыккаг мард,
Мæ судзгæ сагъæстæ кæй нывæндын дæ цуры,
Мæ сис кæй нæ басгуыхт Батырадзы æхсаргард,
Мæ зынг кæй нæ бафтыд дæ поэтикон хурыл!..

* * *

Ды мæ зæрдæйы рæбын
Сызгъæрин къæлæтджыныл
Бадыс паддзахау.
Æз дæ зæрдæйы фæсдуар

Уазал къæйдурыл
Мæгуыргурау бадын.

Ехх, кæд зæгъдзынæ:
– Табуафси,
Мидæмæ рахиз?!

1973

* * *

Фæткъуы бæлас йæ цонг æнхъæлцау дары,
Хæларзæрдæ мæгуыргурау, тæссармæ.
Æрæвæрдта йын хъулонцъиу – бындары –
Хæмпус гуылау, хъæрмуст ахстон йæ армы.

1986.25.05

* * *

Афонмæ фæлмæн тинтычъи базыл
Рауагътой мыдгъуыз дзыккутæ зæй.
Бурдзалыг дыууæ ‘рфыджы дæлбазыр
Цæстытæ – лæппын-цъиуты хуызæн...
Ам та... хъулон гæххæтты гæбазыл
Æз ысгарын рифмæтæ уырзæй.
Сау хилæг мæ уд-фæрдыгæй хъазы
Æмæ мын фынæйы хъомыс нæй.

1988

ГАФЕЗ

Ирыстоны уарзта
Йæ удæй фылдæр.
Æдзухдæр ын хаста
Нывондæн йæ сæр.

Лæгдзинады хохыл
Мæсыгау лæууыд.
Рæстдзинадыл тохы
Церечы згъæр уыд.

Нæ зарæг нывæндæг
Нæ фæкодта цъус
Нæ литфæсивæдæн
Сæ развæндаг рухс...

Куырыхон ныхасы –
Фæндзай азы бæрц.
Йæ хъугомæй уасыд
Зæрдæрухсæй уæрцц.

Æнагъæддаг низæй,
Уырдыг лæугæ, рыст.
Уæддæр-иу зæрин-зæй
Йæ удæй æнкъуыст...

Мæрдтæй дæр нæм хъуысы
Йæ уаз дзырд – хæстхъом.
Гъеуымæн ын мысæм
Цытимæ йæ ном.

2003.07.09

* * *

Цъус раздæр ма уыд фырæнтæф,
Судзгæ уæфта хур йæ тынтæ.
Ныр, фæхсынджын урс фырытау,
Мигътæ райдыдтой гуымсытæ.

Хур сын цыма у цæххы къæртт, –
Сдæрынц æй дæрзæг æвзæгтæй.
Рауад уый сæрыл сæ хыл кæд?
Иутæ иннæтæн – ызнæгтæ...

Дымгæ – мигъ-дзугтæн сæ фыййау,
Æтт, кæм ныффынæй дæ тарфæй!
Иу дæ февзыстæй, дæ фуйæ
Тард æрцæуиккой цъæх арвæй...

1975.02.03

А-мæ

Мæ цæстырухс, цæмæн та фæдæ хастау?
О, хатын æй дæ уазал мидбылхудтæй:
Æрцыд дæ хъустыл цинсафæг ныхæстæ,
Æмæ дæм атахт мигъы къæм мæ удæй...

Мæ удылæууæн, рохуаты къæсæрыл
Дæу никуы, никуы бауадздзынæн хизын,
Фæнды куырæйттæ разилæнт мæ сæрыл,
Уæддæр кæндзынæн æз мæрдырох хи зын!

1961

* * *

Абон хур нæ базыдта рæвдауын,
Арвы риуыл афтæ тынг сыгъдис –
Афыхтаид ызмисыл рæвдыуан,
Ауунмæ хъуырна гæды лыгъдис.

Мæн уæддæр дæ тæмæнкалгæ армæй
Барæвдыдтай, Нарты Гыцци – Хур, –
Æз æнхъæлын: де ‘видигæ хъармæй
Бафсæсти фыццаг хатт абон дур.

2002.10.07

* * *

Цæмæй дæ хъул ысбада сах,
Асламæй бафта ‘нтыст дæ къухы, –
Фæдарыс мæм цæхгæр дæ къах,
Ома фæуон йæ разæй дугъы.

Фæлæ куы нæ уа зæнджы магъз,
Æмæ лæгдзинад та – дæ фæнды,
Уæд мæ фæнды къæппæджы ‘рцахс, –
Дæхæдæг чиудзынæ мæ фæдыл.

1975

БЫГЪУЫЛТЫ Къола

ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

✦ Тæхуды, йæ фæззæджы хорæй йæ уалдзæджы тауинаг чи ‘взары, зноны зондæй абон чи нал рæдийы.

✦ Цымæ цы амалæй ис рахатæн, ацы дунемæ афоныл æрцыдыстæм, æгæр раджы, æви йæм æрæджы бакодтам.

✦ Алы боныл дæр зон афтæ цин кæнын, цыма знон хæрзбон загътай дæ цардæн, фæлæ ма дын Хуыцау иу бон балæвар кодта.

✦ Цардмæ куыд афтидæй æрбацыдтæ, уымæй дзы фылдæр ахæссынмæ ма хъав, цы фæд дзы ныууадзай, уый уыдзæни дæ иунæг исбон.

✦ Уæвæн ис, æмæ нæй нæ Дунейæн кæрон, фæлæ цардæн æнæмæнг ис дыууæ кæроны, æцæг æй рагацау ничи зоны, кæцы кæрон сæ у ахсджиагдæр.

✦ Не ‘фсарм æмæ не ‘гъдау уæй кæнæм капеччытыл, нæ буар æмбæрзынæн хъуымац та зынаргъæй æлхæнæм.

✦ Сфæлдисæг цардмæ адæймаджы йæхи къæхтыл барвиты, цардæй цæугæйæ та йæ кæйдæрты къæхты бар бакæны.

✦ Рæстыл дзурджытæ, дам, сойтæ мæрзынц, рæстыл тохгæнджытæ та, дам, галдуцæгæй баззайынц.

✦ «Уист» зæгъынæй рæйгæ ‘мæ хæцгæ чи кæны, уый хуыйны куыдз, фæлæ искæй æвзаг æмæ зондæй ардауын чи комы, уый та цы схонæн ис?!

✦ Хуыздæр суæвынæн дын бирæтæ нæ баххуыс кæндзысты, æвзæрдæр фæуынæн та дæхæдæг дæр æгæр дæ.

✦ Халон зарынмæ кæй нæ арæхсы, уый тыххæй булæмæргътæ æнкъарддæр нæ кæнынц, фæлæ булæмæргъ куы нал фæзары, уæд халон дæр йæхи маргъ нал фæхоны.

✦ Хæрдмæ цæуын, чи зоны, æнцондæр уымæн у, æмæ сæр разæй цæуы, уырдыгмæ цæуын та тæссаг æмæ зындæр уымæн у, æмæ къæхтæ сæры разæй кæй фæвæййынц.

✦ Чи цы бынаты ис, уымæй йæхи бæрзонддæр куы иса, уæд, цы бынаты ис, уый аккаг дæр нæу.

✦ Зынаргъ худы мæт: «Цымæ мæ кад афтæ ныллæг цæмæн æрхауы, иуæй-иуы сæрыл куы вæййын, уæд?!»

✦ Чи цас радта, уыйбæрц куы исид, уæд бирæтæм кæрдзыны мур дæр нал æрхауид.

✦ Уæрæх фæндæгтæ рæстдзинадмæ куыд хæстæгдæр цæуынц, афтæ нарæгдæр кæнынц.

✦ Искæй ныфсæй чи цæры, уый идон йæхиуыл бакодта, рохтæ та кæйдæр къухтæм радта.

✦ Дæ дзыппы цы ис, уый, чи зоны, дæ сæрæй бакуыстай, фæлæ дæ сæры цы ис, уый дæ дзыппæй нæ бакусдзынæ.

✦ Фæзæгъынц иуæй-иутæй: «Амонджын у, уый хæдоны райгуырд», фæлæ мæгуыр уый, æмæ хæдоны дæр чи нæ райгуырд, хæлаф дæр кæмæ не ‘рхаудта.

✦ Иутæ сæ сæрмæ цы нæ хæссынц, уый иннæтæн у сæ царды нысан.

✦ Иутæн бузныг зæгъын æмбæлы сæ хæрзиуæджы тыххæй, иннæтæн та – хъыгдарæг кæй не сты хæрзгæнджыты, уый номыл.

✦ Цалынмæ искæй рис æнкъарын, уæдмæ цæрын адæймаджы цардæй...

✦ Кувгæйæ Хуыцау, æвæццæгæн, кувæгæн йæ ныхæстæм нæ фæхъусы, фæлæ йæ зæрдæмæ.

✦ Уæззау сæр бирæтыл ис, фæлæ уæззау зонд алкæмæ не ‘рхаудта.

✦ Хæларæн ахæмты равзар, æмæ дын афтæ куыд ничи зæгъа, кæйтимæ цæуыс, кæнæ та хæрзтæй цæмæн тæрсыс?

✦ Ныййарæджы бафхæрæгæй ныййарæг скæнын æрдзы рæдыд у.

✦ Арæхстджын æвзаг арф хъуыды кæрды цыбырæй.

✦ Дæ цард кæстæртæн мысинаг куы нæ уа, уæд дæ райгуырд ницы уыд.

✦ Зæххыл кæд къæхтæ цæуынц, уæддæр фæд зонд уадзы.

✦ Кæд сой зæххæй исæм, уæддæр рæзгæ хурмæ кæнæм.

✦ Дон цæуы, дур та, дам, йæ бынаты баззайы, фæлæ доны фæд дурыл дæр бæрæг у.

✦ Йæхи фæллойæ адæймаг хъал нæ кæны, фæлæ кадджын.

✦ Цыбырхъуыræн йæ зонд цирхъау у, кæдæм фæраст уа, уым халгæ кæны.

✦ Хуры рухс цæстытæ уынынц, царды рухс та – зонд æмæ зæрдæ.

✦ Цардаразæг исты куы фехала, уæддæр хуыздæр саразыны тыххæй, цардхалæг та æрмæст йæ ном февдисы.

✦ Зноны хур абоны цард нæ бандавдзæн.

✦ Дæ бафхæрды æфсон дæхицæй куы цæуа, уæд дæ бафхæрæгæн бузныг зæгъ.

✦ Кæд дын зын у, уæд зындæр ранмæ бакæс æмæ дæм дæ раздæры зынтæ дзæнæт фæкæсдзысты.

✦ Хохыл хæрдмæ чи цæуы, рахауынæй дæр уымæн у тæссаг.

✦ Цалынмæ дæм кæстæртæ зондмæ æнхъæлмæ кæсынц, уæдмæ хæссыс хистæры ном дæр.

✦ Уды хъæздыгдзинад зæххæн дæр сой у.

✦ Дæ царды фæндаг дæ кæстæртæн диссаг куынæ уа, уæд зон: дæхæдæг дæр ыл куырмæй фæцыдтæ.

✦ Хур уый тыххæй не скæсы, цæмæй ды аууон дæттай.

✦ Царды хæстæй дæхи куы суæгъд кæнай, уæд дын тæссаг у иунæгæй баззайынæй.

✦ Цæмæй дæ сомбоныл хуыздæрæй сæмбæлай, уый тыххæй абон цæмæйдæрты зæгъ: æгъгъæд.

✦ Ныййарæгæн йæ хæс фидын –
Дæхицæн у дæ хорз фидæн.

СÆР ÆМÆ КЪÆХТÆ

* * *

Ædзух ызгъорæм, дугъ кæнæм, тырнæм,
Нæ ауæрдæм, нæ удæй арт цæгъдæм.
Фæлæ нæхи куы ‘рæмбарæм, – уынæм:
Ænæ ахъазæй мидцоппай кæнæм.

* * *

Лæгæн, тæхуды ‘мæ йæ къæхтæй
Йæ зонд куы ахадид фылдæр,
Уæд-иу йæ зонды фæдтыл къæхтæ
Бæргæ, ызгъориккой хуыздæр.

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

МЫСДЗЫНÆН ДÆ ДАРДÆЙ

СÆФТЫ ДУГ

Æркодта сæфты дуг! Æз та
Хæцыдтæн иунæгæй йæ ныхмæ.
Лæбурдтон дунейы къæрныхмæ,
Фæлæ мæ удмæ уый бырста.

Æмæ мын расидти уый хæст.
Æз дæн дæ фæдылæфтыд – загъта.
Йæ фат мæ зæрдæйы ныссагъта,
Цæмæй мæ байсафа æххæст.

Фæлæ мын фесафæн нæ уыд,
Нæдæр мын басæттæн уыд хæсты,
Нæдæр фыдхин, нæдæр фæцæсты,
Æмæ дзы баззадтæн æвыд.

Æрмæст æдых уды фæсмон
Мæнæн ныр дæр æнцой нæ дæтты:
Кæд уый Хуыцауæн дæр нæ сæтты,
Мæнæн дæр уæд цы у мæ бон!..

МÆ ХЪÆУ

Ахæм диссаджы æхсæвты
Æз куыд тынг фæмысын дæу!
Зæрдыл урс фынау æрæфты
Ныр мæ рухс сæнтты мæ хъæу.

Фарны ирд цырæгътæ дардæй
Махмæ быдырæй зынди.
Райсом раджы мæргъты зардæй
Цин нæ дадзинты зылди.

Æз – фыййау, ды та – уæлыгæс.
Ехх, цы дуг уыди, цы дуг!
Мах нæ дыууæ дæр зæдæнгæс –
Алчи хъахъхъæдта йæ дзуг.

Хур рæвдыдта мах æнæвгъау.
Йе ‘рмдзæф цæсгомыл зынди.
Уади аууонмæ нæ рæгъау,
Арвыл диссæгтæ чынди.

Хурыл сау мигътæ æмбойны
Уайтагъд баппæрстой сæ хыз.
Дуне басаста йæ дойны,
Бæстæ равдыста йæ хуыз.

Мах тæрккъæвдайы мыдулæй
Ихæн ризгæйæ сырдта,
Æмæ хъæуы сæрмæ къулæй
Мад нæ алкæмæ дзырдта.

Æмæ мады хъæрмæ – лидзгæ!
Рындзыл нал æййæфтон дæу.
Ехх, куы ма фенин æндидзгæ
Æмæ райгæйæ мæ хъæу!

НАЛ ДЫЛ МАСТ КÆНЫН

Нал дыл маст кæнын, Ирыстон!
Æз дæ рыстæй дæн æлгъæд.
Æз цы рæнхъытæ фæфыстон,
Уыдон сагъæсæн æгъгъæд.

Ма тæрс, зæрдæ демæ дзуры,
Дæ мын раздæрау зынаргъ,
Фæлæ ныр Хуыцауæй курын –
Айс мæ рыст зæрдæйы уаргъ.

Ныр æрæджиау æмбарын –
Ехх, куы бамбарин æххæст –
Æз дæ низæн хос нæ арын,
У мæ цæстытæй æмбæхст.

Ды мæнмæ кæсыс æнкъардæй,
Цыма бамбарыс мæ фæнд...
Тынгдæр мысдзынæн дæу дардæй.
Мæн уырны, ды дæр æууæнд...

ТУАТЫ ЛАРИСÆЙЫ МАРДЫ УÆЛХЪУС

Мах дæ курæм – ракæс, ракæс,
Фæлæ нал у уый дæ бар.
Уæдæ мин цæссыджы ахæсс,
Æмæ рухс дзæнæт ыссар.

Дзаг ныр дидинтæй – дæ рæзтæ.
Уыдон нал фендзæн дæ цæст.
Мах кæуæм, кæуæм дæ фæстæ,
Стæм нæ цæссыджы удæст.

Раздæх, цæй, нæ зæрдæ сиды,
Фæлæ уый кæм у нæ бар!
Иу хатт лæг йæ сау хæс фиды...
Уæдæ ныр дæ фæндаг дар.

Цард ыскæс æмæ ныккæс у,
Æмæ уымæн нæй амал.
Уарзгæ «Рухс» зæгъын зын хæс у –
Рухсаг у, зынаргъ æмбал!

ИВАН ТУРГЕНЕВ: 200 АЗЫ

Иван ТУРГЕНЕВ

ПРОЗÆЙÆ ФЫСТ ÆМДЗÆВГÆТÆ, ХЪУЫДЫТÆ

САУЦЪИУ – II

Ногæй та хуыссын сынтæджы... ногæй та мæ хуыссæг нæ ахсы. Кæддæры сæрдыгон сæумæрайсом та мæм фæзынди, мæ алывæрсты æртыхсти. Æмæ та мæ рудзынджы бын зары саущъиу – æмæ мын мæ зæрдæ рæхойы уыцы хъæдгом.

Фæлæ мын цъиуы зарæг удæнцой нæ хæссы, мæ хъæдгомы мæт дæр мæ нал вæйиы. Мæн удхарæй марынц æндæр, кæрон кæмæн нæй, ахæм судзгæ хъæдгæмттæ. Уыдонæй сырх цыхцырджытæй кæлы мæ уарзон, мæ зынаргъ туг, кæлы, мæнæ бæрзонд хæдзæрттæй уарыны дон чъизи, æлгъаг уынгтæм куыд фæкæлы, афтæ.

Ме ‘фсымæртæ мингæйттæй мæлынц, басæттæн кæмæн нæй, уыцы фидæртты къулрæбынты. Мæ мингай æфсымæрты мын мæлæты æвирхъау дзыхмæ æппарынц æнарæхст фæтæгтæ.

Мæлынц мингæйттæ, хъаст нæ кæнынц, афтæмæй, сæхиуыл нæ ауæрдынц, нæ сыл ауæрдынц се ‘нарæхст фæтæгтæ дæр.

Ам раст æмæ зылыны ничиуал сбæрæг кæндзæни: найгæнæн машинæ куыристæ ныхъуыры, нæмгуытæ дзы кæм ис æмæ дзы айдагъ зыгуым кæцы у, уый та рæстæг равдисдзæни.

Цы сты уыдоны цур мæ хъæдгæмттæ? Цы сты мæ хъизæмæрттæ? Æз скæуын дæр нæ уæндын. Фæлæ сæр судзы, æмæ уд ныкъкъуытты вæйиы – æмæ, фыдгæнæгау мæ сæр амбæхсын, мæ зæрдæ кæмæй сцъæх, уыцы базты бын.

Судзгæ-уыраугæ æртæхтæ рахъуызынц æмæ æрлæсынц мæ рустыл, æрлæсынц мæ былтæм... Цы сты уыдон? Цæссыгтæ æви туг?

Майрæмы мæй, 1877

НЫХАС

Нæдæр Юнгфрауыл, нæдæр Финстерааргорныл адæймаджы къах нæма æрлæууыд.

Альпы цъуппытæ... Цæхгæр къæпхæнты дæргъæй-дæргъмæ рæхыс... Хæхты тæккæ бæстастæу.

Хæхты сæрмæ фæлурсцъæх, рухс, æгомыг арв. Къæскъæсгæнаг уазал; хъæбæр, цæхæртæкалгæ мит; миты бынæй сæ цыргъ бырынчъытæ сдардтой, их цъар кæуыл сæвæрдта, ахæм дымгæхост, иуæй иннæ егъаудæр къæдзæхтæ.

Арвы дыууæ къабазæй сæхи хæрдмæ ивазынц дыууæ уæйыджы: Юнгфрау æмæ Финстерааргорн.

Æмæ дзуры Юнгфрау йæ сыхагмæ:

– Цы зæгъдзынæ ногæй? Дæумæ хуыздæр зыны дуне. Цы ис бынæй?

Рацыди цалдæр мин азы – иу минут. Æмæ нынæрыди Финстерааргорны хъæлæс:

– Зæхх æмвæтæнæгæй æхгæд у æврæгътæй... Банхъæлмæ кæс!

Рацыди ноджы мингай азтæ – иу минут.

– Ныр та? – фæрсы Юнгфрау.

– Ныр уынын. Бынæй уыцы иу нывтæ: дзыгъуыр-мыгъуыртæ. Дæттæ цъæх дарынц, хъæдтæ – тар, фæныкхуыз дурты рæдзæгъдтæ. Сæ цуры рауай-бауай, размæнт-базмæнт кæнынц сасктæ, цыдæр дыкъахыгтæ, дæу дæр æмæ мæн дæр чи нæма счъизи кодта, ахæмтæ.

– Адæм?

– О, адæм.

Рацыди та мингай азтæ – иу минут.

– Ныр та? – фæрсы Юнгфрау.

– Цыма фæкъаддæр сты уыцы сасктæ, – нæры Финстерааргорны хъæлæс. – Зæхх мæм хуыздæр зынын байдыдта: дæттæ фæнарæгдæр сты, хъæдтæ – тæнæгдæр.

Рацыди та ноджы мингай азтæ – иу минут.

– Цы уыныс? – фæрсы Юнгфрау.

– Мæнæ цыма махырдыгæй фæсыгъдæгдæр, – дзуапп дæтты Финстерааргорн, – далæ, дæрддзæф ран ма цыдæр хъулæттæ зыны, стæй дзы лыстæг змæлджытæ дæр ис.

– Ныр та? – фæрсы Юнгфрау, цалдæр мин азы фæстæ – рацыд иу минут.

– Ныр хорз у, дзуапп радта Финстерааргорн, – алы ран дæр – æфснайд, цæст кæуылты æххæсы, уым бæстæ урс-урсид дары... Алы ран дæр – мах мит, æмлæгъз мит æмæ их. Цъиуызмæлæг нæй, дуне – сабыр.

– Хорз, – сдзырдта Юнгфрау. – Фæлæ цыма æгæр бирæ дзæнгæда фæцагътам, мæ зæронд лымæн. Фынæй афон у.

– О, фынæй афон у.

Хуыссынц уæйыг хæхтæ, хуыссы кæрдæгцъæх, æрттиваг арв, мыггагмæ чи ныхъхъус, уыцы зæххы сæрмæ.

Æртхъирæны мæй, 1878

КУЫДЗ

Уаты стæм дыууæйæ: мæ куыдз æмæ æз. Æдде ниуы, цæрæгудтыл стыр тас чи æфтауы, ахæм æвирхъау тымыгъ.

Куыдз бады мæ цуры æмæ мын комкоммæ мæ цæстытæм кæсы.

Æз дæр ын кæсын йæ цæстытæм.

Куыдз мын цыма раст исты зæгъынмæ хъавы. Уый æгомыг у, дзурын нæ зоны, йæхæдæг йæхи дæр не ‘мбары, фæлæ йæ æз æмбарын.

Æз æмбарын: ацы сахат уый риуы дæр æмæ мæ риуы дæр цæры уыцы иу æнкъарæн, ныртæккæ кæрæдзийæ ницæмæй хицæн кæнæм. Мах бынтон æмхуызон стæм, нæ алкæй риуы дæр судзы, тыбар-тыбур кæны иу зынг.

Мæлæт æрбатæхдзæн æмæ йæ йæ уазал, уæрæх базырæй афутт кæндзæн...

Æмæ – кæрон!

Уый фæстæ ма чи раиртасдзæни, махæй алкæй мидæг дæр цавæр зынг сыгъдис, уый.

Нæ! Цæрæгой æмæ адæймаг нæ кæсынц кæрæдзимæ...

Кæрæдзи халдих дыгай цæстытæ кæсынц ацы исдуг кæрæдзимæ.

Æмæ цæрæгойы æмæ адæймаджы дыгай цæстытæй алкæцыйы дæр – иу иннæмæ – тарстхуызæй йæхи ивазы уыцы иу цард.

Æртхъирæны мæй, 1878

ÆДЫЛЫ

А дунейыл цардис æмæ уыдис æдылы.

Бирæ рæстæг цардæй хъулау хъазыди. Фæлæ йæм рæстæгæй-рæстæгмæ хъуысын байдыдтой тауыстæ: тентекк цы вæййы, уый, дам, у ацы лæг.

Хорзау нал уыд æдылы æмæ сагъæс кæнын байдыдта, уыцы тауыстæн кæрон цы хуызы скæна, ууыл.

Æмæ æвиппайды йæ талынг сæрызонды куы фегуырид æнахуыр хъуыды... Æмæ дын æвæстиатæй куы бавналид йæ ахсджиаг куыстмæ.

Уынджы йыл йæ зонгæ амбæлд æмæ йын номдзыд нывгæнæгæй æппæлынтæ систа...

– Байхъус-ма! – фæхъæр ласта æдылы. – Уыцы нывгæнæг архивы амæддаг раджы куы ссис... Ау, уый нæ зыдтай? Уæллæй, уый æнхъæл дын нæ уыдтæн... Цыдæр фæстæзад адæймаг дæ!

Зонгæ лæг фæтарст æмæ æвиппайды æдылыимæ сразы.

– Цы диссаджы хорз чиныг бакастæн абон! – æдылыйæн дзырдта йæ иннæ зонгæ.

– Байхъус-ма! – фæхъæр ласта æдылы. – Худинаг дын нæу? Уыцы чиныг къухмæ райсынмæ дæр нæ бæззы: адæм ыл рагæй былысчъилтæ кæнынц... Ау, уый нæ зыдтай? Цыдæр фæстæзад адæймаг дæ!

Ацы зонгæ дæр фæтарст æмæ æдылыимæ сразы.

– Цы диссаджы лæг у мæ хæлар N.N.! – дзырдта æдылыйæн йе ‘ртыккаг зонгæ. – Йой дын æцæг уæздан адæймаг!

– Байхъус-ма! – фæхъæр ласта æдылы. – N.N. цъаммартæн сæ бынæй ласгæ куы у! Йæ хиуæтты бастыгъта. Уый чи нæ зоны, иу ахæм куынæ и! Ды фæстæзад адæймаг дæ!

Æртыккаг зонгæ дæр æдылыимæ сразы æмæ йæ хæларыл йæ къух ауыгъта.

Æмæ-иу кæмæйдæриддæр æппæлыдысты æдылыйæн – алкæмæн дæр æм уыди цæттæ дзуапп.

Æрмæст-иу стæм хатт уайдзæфгæнæгау бафтыдта йæ ныхасмæ:

– Куыд кæсын, афтæмæй ма ды авторитеттыл æууæндыс.

– Цъаммар! Хæрамы дзæкъул! – дзырдтой æдылыйæ йæ зонгæтæ. – Фæлæ – зонды къуыбар!

– Стæй йын цы ‘взаг и! – ныхасмæ ма-иу бафтыдтой иннæ зонгæтæ. – О, стыр курдиаты хицау у!

Хъуыддаг уымæ æрцыд, æмæ иу газеты редактор æдылыйæн лæгъстæ кæнын байдыдта, кусынмæ, дам мæм рацу критикæйы хайады хицауæй.

Æмæ дын æдылы алцы дæр æмæ алкæй дæр критикæ кæнын куы байдаид, йæ сонт митæй иу дæр нæ ныууагъта, афтæмæй.

Кæддæр авторитетты мисхалы бæрц дæр ницæмæ дардта, фæлæ ныр йæхæдæг авторитетæй агæпп ласта. Æмæ йын фæсивæд табу кæнынц, стæй дзы тæрсынц.

Æниу цы кæной мæгуыр фæсивæд? Табу кæнын бæргæ не ‘мбæлы... фæлæ-ма бафæлвар – табу ма кæн – æвиппайды фæстæзады бынаты абаддзынæ!

Æдылытæн тæппудты ‘хсæн нæл гæдыйы цард и.

Хуымгæнæны мæй, 1878

РАЙСОМ! РАЙСОМ!

Куыд афтид, уæнгмард æмæ ницæйаг у, цы бонтæ арвитын, уыдонæй алкæцы дæр! Цы чысыл фæд ныууадзынц сæ фæдыл! Куыд æнæсæрфатæй азгъордта сахат сахаты фæстæ!

Афтæмæй адæймаджы цæрын фæнды, зынаргъ ын у цард, йæ зæрдæ йыл дары, йæ зæрдæ дары йæхиуыл дæр, йæ фидæныл дæр... Ехх, цы хæрзтæм æнхъæлмæ кæсы уый фидæнмæ! Фæлæ йæм афтæ цæмæн кæсы, æмæ сомыбонтæ, нырма ныр чи аивгъуыдта, уый æнгæс нæ уыдзысты?

Уæвгæ йæм афтæ нæ кæсы. Стæй хъуыды кæнын дæр нæ уарзы, æмæ иттæг раст кæны.

«Багъæц, райсом, райсом!» – йæхицæн зæрдæтæ авæры адæймаг, цалынмæ йæ уыцы райсом ингæны амæддаг нæ бакæны, уæдмæ.

Иугæр ингæны амæддаг куы бауай, уæд та ма цæй хъуыды æмæ цæй цыдæр!

Сыфтæры мæй, 1879

ЗÆРОНД ЛÆГ

Ралæууыди сау мылазон, уæззау дуг...

Дæхи ристæ, дæ уарзон адæмы, дæ къабæзты низтæ, зæронды тыхст æмæ уырыд бонтæ... Цы уарзтай, дæхи нывондæн цæй тыххæй хастай, уыдæттæ лæзæрынц, ныххæлæттаг сты. Уырдыгмæ згъорын райдыдта фæндаг.

Цы чындæуа? Дзыназыныл схæцæм? Еусар кæнæм? Дæхицæн дæр æмæ иннæтæн дæр уыдæттæй нæ баххуыс кæндзынæ.

Æфхæрдтытæ чи баййæфта, æрдæгхуыскъ чи у, уыцы бæласыл сыфтæртæ стæмдæр и, стæй лыстæгдæр сты, фæлæ нырма цъæх-цъæхид дарынц.

Ды дæр дæхи æрбамбырдтæ кæн, дæхимидæг нынныгъуыл, æрымыс кæддæры бонтæ – уым, дæ удæн йæ рæбинагдæр къуымæй, ферттивдзæни, дæхицæй даррдæр фенын кæй бон нæу, уыцы цард, æмæ дæм æрбакæлдзæни дæ уалдзæджы дзыхъхъынног сыфтæрты æмæ дидинджыты рæвдаугæ комулæфт, йæ хуызтæ парахатæй скалдзæни кæддæры адджын дуг.

Фæлæ дæхи хъахъхъæн... размæ ма кæс, мæгуыр зæронд лæг!

Сусæны мæй, 1878

УАРЗОНДЗИНАДМÆ ФÆНДАГ

Æппæт æнкъарæнтæ дæр дæ æркæндзысты уарзондзинадмæ, о, æппæт æнкъарæнтæ: фыдæх, фæсмон, æвæлмас, æфсæрм, хæлардзинад, тас, суанг æлгъ дæр.

О, æппæт æнкъарæнтæ дæр... иуæй фæстæмæ – уый у арфæ.

Арфæ хæс у. Алы рæстзæрдæ адæймаг дæр фиды йæ хæстæ...

Фæлæ уарзондзинад æхца нæу.

Хурхæтæны мæй, 1881

ÆЗ ТÆРИГЪÆД КÆНЫН

Æз тæригъæд кæнын мæхицæн, иннæтæн, æппæт адæмæн, сырдтæн, мæргътæн... цыдæриддæр цæрæгудæй ис, уыдонæн.

Æз тæригъæд кæнын сывæллæттæн æмæ зæрæдтæн,

ænамæндтæн æмæ амондджынтæн... амондджынтæн æнамæндтæй тынгдæр тæригъæд кæнын.

Æз тæригъæд кæнын уæлахиздзаутæн, уæлахизтыл цин чи кæны, уыцы фæтæгтæн, разагъды нывгæнджытæн, хъуыдыгæнджытæн... поэттæн.

Æз тæригъæд кæнын лæгмарæн æмæ амæддагæн, фыдындтæн æмæ рæсугъдтæн, æфхæрд чи 'ййафы æмæ æфхæргæ чи кæны, уыдонæн.

Куыд фервæзон тæригъæд кæныны «низæй»? Цæрын мæ нæ уадзы. Тæригъæд, стæй ноджы æрхæндæг.

О æрхæндæг, æрхæндæг, цы дæ, уымæй атадтæ тæригъæды! Адæймагæн дæлдæр æрхизæн нæй.

Фæлтау хæлæг куы кæнин!..

О, хæдæгай, хæлæг дæр кæнын – дуртæм...

Æртхъирæны мæй, 1878

ÆНÆ АХСТОНÆЙ

Цы фæуон? Куыд кæнон? Æз, ахстон кæмæн нæй, ахæм маргъы хуызæн дæн... Ныппыхцылтæ, афтæмæй бады бæгънæг, хус къалиуыл. Ам баззайа – æмæ йæ зæрдæ хæццæ кæны... атæхид, фæлæ кæдæм?

Æмæ æваст йæ базыртæ айтыгъта – æмæ дард кæдæмдæр фехста йæхи, раст цыма бæлон цъиусурæй фæтарсти. Кæд æм искуыцæй разынид кæрдæгхуыз хибар къуым, кæд уым йæхицæн сбиид, уæд та рæстæгмæ кæм цæра, ахæм ахстон.

Маргъ тæхы, тæхы æмæ цырддзастæй кæсы бынмæ.

Йæ бынмæ бур æдзæрæг быдыр, æдзæм, æнæзмæлгæ, мард.

Маргъ тагъд кæны, æдзæрæг быдыры сæрты атахт æмæ æрхæндæгæй кæсы бынмæ.

Далæ – денджыз. Уый дæр бур, мæрдонхуыз, раст æдзæрæг быдыры халдих. Æрмæст ай змæлгæ кæны, стæй абухы, кæрон нæй йæ гуыр-гуырæн, йæ нæрынæн. Йæ гуылфæнты иугæндзон хъеллауы нæй цард, у зæрдæцъæхгæнæн æмæ дзы æрфысымгæнæн нæй.

Бастади мæгуыр маргъ... Йæ базыртæ æрлæмæгъ сты, йæ тахт ныггæлиртæ. Арвмæ бæргæ фехсид йæхи... фæлæ уыцы афтид, æнæбын тарфы ахстон куыд сбидзынæ?..

Фæстагмæ йæ базыртæ æруагъта... æмæ, дæргъвæтин хъæрзтгæнгæ, денджызы ныххауд.

Уылæн æй уайсахат аныхъуырдта... æмæ размæ алæгæрста, раздæрау æнæсæрфат гуыр-гуырæй не ‘нцад, афтæмæй.

Цы кæнон, куыд кæнон æз та? Кæд мæнæн дæр денджызы ныххауын афон у...

Тъæнджы мæй, 1878

ХУЫРГÆРЧЫТÆ

Дæргъвæтин æмæ, фервæзæн кæмæй нæй, уыцы низ мын мæ уд мæ хъуыræй ласы, æмæ хъуыдытыл фæдæн: цы ‘взæрдзинад сарæзтон, ахæм карз æфхæрд цæмæн баййæфтон? Уый раст нæу, раст нæу!

Æмæ мæ сæры фегуырди мæнæ ахæм ныв...

Æрыгон хуыргæрчыты къорд – иу ссæдзы бæрц – æрæмбырд сты кæрддзыхы. Кæрæдзимæ сæхи балхъывтой, рыджы бæгъдулæг кæнынц, амонджын сты. Уалынджы иу æнæхайыры куыдз кæцæйдæр фæзынд æмæ сæ фæтæрсын кодта. Хуыргæрчытæ уыциу пæрræст сластой. Райхъуысти гæрах, æмæ хуыргæрчытæй иу базырсастæй, туджы мæцгæйæ, æрхауд. Йæ иу къах иннæйы фæдыл ласгæйæ ма тыхтæ-фыдтæй скъæлдзойы бынмæ бабырыд.

Цалынмæ йæ куыдз агуырдта, уæдмæ, чи зоны, æнамонд хуыргарк дæр афтæ хъуыды кодта: «Ссæдз уыдыстæм кæрæдзи æнгæстæ. Уæд иннæтæй уæлдай æз цæмæн сдæн цуаноны амæддаг? Иннæтæй уæлдай æз цы ракодтон æмæ цæмæн хъуамæ амæлон? Цæмæн? Мæ иннæ хотæй уæлдай æз кæм фæаххосджын дæн? Уый раст нæу!»

Æнцад хуысс, рынчын цæрæгуд, æмæ æнхъæлмæ кæс мæлæты фæзындмæ.

Хурхæтæны мæй, 1882

ТУРГЕНЕВ ЗАҒЪТА

* * *

Зонды къуыбар куы фестай, уæддæр ахуыр кæн, ахуыр кæн, абетæй райдай, афтæмæй.

* * *

Дон-Кихоты хуызæттæ куы нал уа, уæд уадз æмæ историйы чиныг æхгæд æрцæуа. Уымæн æмæ дзы цы бакæсай, уый нал уыдзæни.

* * *

Æрдзæн йæхи мидæг хин митæ нæй, у хуымæтæг, йæхицæй буц никуы вæййы, æнæхъуаджы къленц митæ нæ кæны, уæлдай монцтæй цух у, стæй – хорз зæрдæйы хицау.

* * *

Тæригъæддаг у, æнæ идеалтæй чи цæры, уый.

* * *

Алы адæмæн дæр сæ цард абарæн ис хицæн адæймаджы цардимæ. Æрмæст адæм хицæн адæймагæй уæлдай рагæй фæстæмæ ноггæнгæ цæуынц.

* * *

Размæ цæут, цалынмæ уæ бон у, уæдмæ. Къæхтæ дыдæгътæ кæнын куы райдайой, уæд та æрбадут фæндаггæрон æмæ æнæмæтæй кæсут бæлццæттæм, хæлæг сæм ма кæнут, афтæмæй – уыдон дæр дард нæ ацæудзысты.

* * *

Космополит ницы у, космополит у ноль, нолæй æвзæрдæр; адæмæй æмæ аивадæй иппæрдæй нæдæр рæстдзинад и, нæдæр цард, æппындæр ницы ис.

* * *

Куыд афтид, куыд уæнгуагъд æмæ ницæйаг у, чи аивгъуыдта, уыцы бонтæй алкæцы дæр! Фæдтæ куыд гыццыл ныууадзы йæ фæстæ! Куыд æнæсæрфат, æнæрхъуыдыйæ азгъорынц сахæттæ кæрæдзи фæстæ!

Афтæмæй адæймаджы цæрын фæнды, цард зынаргъ у, йæ зæрдæ йыл фæдары, ныфсытæ февæры йæхицæн, феууæнды фидæныл...

Ехх, цы бирæ цæмæдæрты æнхъæлмæ кæсы фидæнæй!

* * *

Бинонты цардмæ цы цæстæй кæсыс? Абарæн æй ис æхсыримæ... фæлæ æхсыр уайтагъд сæнхъизы.

* * *

Бæрзонд нысанмæ чи тырна, уый хъуамæ йæхи уды къоппайыл ма хъуыды кæна.

* * *

Чи ацард æмæ иннæтæн барон, хатыргæнæг чи нæу, уый йæхæдæг дæр хатыр кæныны аккаг нæу.

* * *

Иннæты сæрвæлтау мæхи нывондæн хæссон, зæгъгæ, йæхинымæр афтæ чи скæрда, фæлæ рагацау алцыдæр чи фæрабарбабар кæна, уый йæ уд суæлдай кæнынмæ сарæхса? Гуырысхойаг у.

* * *

Уарзондзинад – низ у... уый адæймаджы йæхи бакæны æнæ бафæрсгæйæ, æвиппайды, цæвиттон, низæй дæлвæд-уæлвæд ницыуал ныууагъта – халер кæнæ тæфсæг цы вæййы, уый у... О, уарзондзинад рæхыс у, стæй хуымæтæджы рæхыс дæр нæ, фæлæ æппæты уæззаудæр.

* * *

Уарзондзинад æмæ Стонг – иу мадызæнæг æфсымæртæ, царды дыууæ ахсджиаг уидаджы... Уарзондзинад æмæ Стонг – сæ нысан иу у: цард цæмæй æрдæгыл ма аскъуыйа.

* * *

Бирæ хылтæ, хъаугъатæ, мæстытæ ленк кæны æвзонджы бонты абухгæ уылæнты, æмæ уыцы уылæнтимæ афардæг вæййынц. Фæлæ уæддæр уыцы уылæнтæй адджындæр ницы ис удæн.

* * *

Махæй алчидæр дзыхæй зонды къуыбылой у. Фæлæ кæс æмæ æнæнхъæлæджы нæ рæзты иу æдылы азгъордзæн, æмæ махæн бауромæн вæйиы – йæ фæдыл ныййарц вæйиæм сонт-монты.

* * *

Наукæ цы у, уымæй космополитикон у.

* * *

Нæ аиппытæ нæ хорз миниуджытимæ иу мæры рæзынц, æмæ дзы иу куы стонай, уæд иннæ дæр хъыгдард байиафдзæни.

* * *

Немыцаг архайы йæ адæмы аиппытæ сраст кæныныл, уымæн æмæ сын рагацау раиртасы сæ зиан. Уырыссаг та нырма бирæ сæйдзæн йæ аиппытæй.

* * *

Æнæ Райгуырæн бæстæ амонд нæй. Алчидæр йæ уидæгтæ ауадзы йæ райгуырæн зæххы.

* * *

Поэзийæ лидзæн ничердæм и...

* * *

О поэзи! Æвзонджы дуг! Сылгоймаджы, чындздзон чызджы рæсугъддзинад. Сымах æрмæстдæр иунæг исдуг ферттивут адæймаджы цур – рагуалдзæджы сæумæрайсом!

* * *

Чи загъта, æрхæндæг нæу пайда?
У æрхæндæг ихы халдих раст,
Адæмы нæ уадзы уый æмбийын.

* * *

Уайдзæф кæныны, æфхæрыны бар ис, уарзгæ чи кæны, æрмæст уымæн.

* * *

Рæстдзинад уæлдæф у. Æнæ уый улæфæн нæй.

Хъодзаты Æхсары *тæлмацтæ*

«Современник»-ы редколлеги. Бетъырбух. Галиуырдыгæй рахизырдæм лæууынц : Л. Н. Толстой, Д.В. Григорович. Бадынц: И. А. Гончаров, И. С. Тургенев, А. В. Дружинин, А. Н. Островский.

ГАГЛОЙТЫ Анатоли

ЦЫППАР ÆМДЗÆВГÆЙЫ

ДУНЕОН ДИН

Ærмæст дæуыл æрæнцади мæ цæст,
Уыд бон æнæ хур, уыд æхсæв æнæ мæй.
Дунеон динæй æз уыдтæн æвзæрст,
Æмæ йæм кувын бон æмæ æхсæвæй.

Ærмæст дæумæ уыд амондæн йæ каст.
Йæ хъарм бакастæй айрох и мæ риссаг.
Дунеон дин – дыууæ зæрдæйы уарзт,
Нæ риуты нын мыггагмæ у хæссинаг.

Мæ зонгуытыл куы фæкувын дæумæ,
Хатыртæ уæд нæ Хуыцауæй фæкурын.
Кæдмæ цæрон, æз улæфон кæдмæ,
Дæ ном куывдау мæхинымæр фæдзурын.

Нæ барстон дæу æз зæдтимæ, мæ бон.
Мæ зæрдæ сыл тыхст заманы нæ дарин.
Мæ фæстаг бон дæ къухтæй нуазин дон,
Фæстаг сулæфтæй æз дæ ном ыссарин.

2018.28.02

КÆДМÆ ЦÆРАЙ...

Æз аргъуаны дæр кувдзынæн дæ номæй.
Æз уарзты номыл ссудздзынæн цырагъ.
Ærмæст дæумæ бæллын æхсæвæй-бонæй,
Дæумæ кæнын мæйрухс æхсæвты тагъд.

Фæраздзынæн, ысхуыст ныхас уа, маст.
Цæудзынæн æз уæззау уаргъимæ хæрды.
Кæдмæ цæрæм, уæдмæ цæрдзæни уарзт,
Æнæ дæу та цæрын дæр мæн нæ фæнды.

2017.21.05

КÆМ УЫДТÆ ДЫ?

Кæм уыдтæ ды? Кæм фæдзæгъæл дæ, амонд.
Мæ къахдзæфтæй нымадта бонтæ зæхх.
Куы нæ уыдтæн æз хурыскастæй райгонд,
Кæм уыдтæ уæд, куы дæ агуырдтон, зæгъ?

Кæм уыдтæ ды? Мæ цæстытæ куы сæрфтон,
Мыййаг, зæгъын, кæд бакуырм дæн бынтон.
Мæхи фынтæй, мæ хъал фынтæй æфсæстон,
Æрмæст ма дæ рæсугъд фынты уыдтон.

Кæм уыдтæ ды? Хуыцау мын уæд æвдисæн,
Дæ къахвæдтыл дын сусæгæй цыдтæн.
Дæу агуырдтон æнцой æмæ фæдисæн,
Ды та, мæ хур, мæ зæрдæйы уыдтæ!

2018.08.02

* * *

Лæджы къухты нæ фидауы цъылын.
Мæрзын лæгæн, дам, худинаг у, – адæм
Фæзæгъынц мын. Мæ азымыл сæттын:
Цъылын фæрæз нæу намыс æмæ кадæн.

Фæзæгъынц мын: дæ бонтæ ма тул масты.
Æхцондзинад, дам, не ссардзынæ уарзты.
Лæджы къухты нæ фидауы цъылын,
Æз та мæ ивгъуыд фидæнмæ мæрзын.

2018.07.02

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

САНАТЫ СЕМ

Ирон адæмон таурæгъты æмбæлæм Санаты Семыл. Нæ адæм искæцы хъуыддаджы тыххæй фæзæгъынц: «Санаты Семы ныхæстæ мын кæныс», «Санаты Сем фестадтæ».

Уæдæ чи уыди Санаты Сем?

Мæ фыдыфыдыфыд Леуан хуынди. Уый дзæвгар рацарди, федта бирæ диссæгтæ йæ царды, фехъуыста бирæ рагон таурæгътæ, уæлдайдæр та йæхи фыд Пепейæ. Уый фæцарди 173 азы. Леуаны æз æрæййæфтон зæрондæй, куырмæй, фæлæ дзырдарæхст, зæнджын адæймагæй. Радзырдта нын иу ахæм таурæгъ Санаты Семы тыххæй.

Санаты Сем уыди цæгатирыстойнаг. Царди Санаты хъæуы, мæгуыр лæг Санаты Мырзахъон æмæ йæ ус Хъайтыхъон Госæханимæ. Ус æмæ лæг сæ кæрæдзи тынг бирæ уарзтой, фæлæ сын зæнæг нæ уыди, æмæ уый тыххæй хъыг кодтой. Иуахæмы Мырзахъоны ус Госæхан йæхи бар нæ уыдис æмæ йын райгуырди лæппу. Ныййарджыты цинæн кæрон нал уыди, стыр куывд кæнынмæ хъавыди Мырзахъон, фæлæ изæры лæппу æрбамард. Йæ хъæлæсæй, дам, зынджытæ схауди. Фенкъард сты ус æмæ лæг. Фæмаст кодтой сыхæгтæ дæр, фæлæ мæлæты раз цы лæууы? Дыккаг азмæ та сын ноджы лæппу фæзынд. Йæ буар уыди тæвд, къухаварæн ыл нæ уыди. Мырзахъон æмæ Госæхан та бацин кодтой, фæлæ та сын уый дæр изæрырдæм æрбамарди. Цыди рæстæг æмæ та сын æртыккаг аз дæр лæппу райгуырд. Йæ буар кодта судзæгау. Уыцы изæр та уый дæр амарди. Афтæ уыди цыппæрæм, фæндзæм æмæ æхсæзæм аз дæр. Мырзахъон æмæ Госæхан æхсæз азмæ æхсæз лæппуйы бавæрдтой.

Мырзахъон æмæ Госæхан бынтондæр нынкъард сты. Фæлæ та сын уæд Хуыцауы фæндæй æвдæм аз дæр лæппу райгуырди, йæ буар уыди сырх-сырхид, тæппæлттæ. Ноггуырд æрдиаг кодта, куыдта æмæ йын йæ басабыр кæнынæн ницы фæрæзтой. Старстысты та ус æмæ лæг сæ фыртæн амæлынæй. Уыди хуы-

цаубон, Санаты дзуары бон. Кувинæгтимæ дзуармæ ссыди Мырзахъон: кæд йæ саби нал кæуид. Уыцы рæстæджы иу уырыссаг лæг уыдис уазæгуаты Санаты Солтæханмæ. Солтæхан чысылтæ æмбæрста уырыссагау. Уырыссаг бафарста кувæг адæмы:

– Дзуары бон куы у, уæд кувæг адæм æнкъард цæмæн сты?

Солтæхан ын загъта:

– Не ‘хсæн хæларæй цæры Мырзахъон. Æхсæз азы йын æхсæз фырты уыдис æмæ йын дзы иу дæр нæ рацарди. Амардысты. Ныр та йын æвдæм аз дæр лæппу райгуырди, фæлæ саби иугæндзон кæуы, йæ басабыр кæнын никæй бон у, æмæ уый тыххæй куывддон адæм æнкъард сты, тæрсынц, ацы хатт дæр та йыл исты фыдбылыз куы ‘рцæуа.

Уырыссаг лæг зæгъы:

– Лæппуйы фены бар мын раттут.

Адæм сæ кæрæдзимæ бакастысты. Уæд иу зæронд лæг – Андиаты Созырыхъо – афтæ зæгъы:

– Ацы уырыссаг кæд абон не ‘хсæн ис, уæддæр йæ дин æндæр у. Чи зоны, фервæзын кæна ноггуырды, æмæ йæ бауадзут, Хуыцау нын æй ныббарæд, куывд ын скæндзыстæм.

Созырыхъойы ныхæстæм уæлдай ничи ницы загъта. Лæгтæ иуырдæм азылдысты, устытæ сæ сæртæ æркъул кодтой. Уырыссаг лæг ноггуырдмæ бацыди. Æркæстытæ йæм кодта æмæ Солтæханы бафарста:

– Цалæм у ай?

Солтæхан уырыссагау йæхæдæг дæр тынг дæснытæй нæ уыди, фæлæ йын йе ‘нгуылдзтæй анымадта:

– Ай дын иу – най, дуа – най, æрты – най, четыр – най, пяты – най, сесты – най, а эта есть...

Дарддæр æй уырыссаг фембæрста æмæ йæ дзурын нал суагъта, загъта:

– «Эта семь», – ома, æвдæм. Солтæхан сем куы фехъуыста, уæд афтæ бамбæрста, йæ ном афтæ уыд, Сем, зæгъгæ, æмæ æддæмæ радзырдта:

– Уырыссаг æй Сем схуыдта!

Уыйадыл ноггуырдыл ном сæвæрдтой Сем.

Уырыссаг æркуырдта хуыйы сой. Сывæллоны дзы байсæрста æмæ йæм саби бахудти. Йæ буары тæвд дæр æрхаудта, кæугæ дæр нал кодта. Сойы сæрстæй буар алæгъз и. Саби хъазын райдыдта. Мырзахъон гал аргæвста, дзуары бон адæм

фæхъæлдзæгдæр сты, æмæ уырыссагæн æппæт Санатæ стыр лæвæрттæ ракодтой. Æгас къуыри йæ нæ рауагътой, сæрста сойæ сабийы буар æмæ авгау сæрттывта. Уый фæстæ уырыссаг лæг йæ лæвæрттимæ Дзæуджыхъæумæ афардæг.

Сем райдыдта рæзын. Афæдз ыл куы рацыд, уæд йæ мадыхо Хагассæ чындзы цыдис Урстуалтæм, Тотратæм. Госæхан йæ лæппуйы дæр йемæ акодта йæ цæгатмæ. Адæм кастысты Семмæ. Чи-иу ыл батутæ кодта, уымæ-иу бахудти Сем дæр.

Афтæ рæзти Сем. Госæхан æй иууыл сæрвæтмæ йемæ хаста. Мæргътæ-иу куы уасыдысты, уæд-иу Сем бахудти.

Кæддæр Семы фыдыфыд ссардта сызгъæрины къæртт æмæ йæ сисы хуынчъы бавæрдта, зæгъгæ, мæ хъæбул Мырзахъон куы фæдынджыр уа, уæд ын æй ратдзынæн, фæлæ æнæнхъæлæджы æрбамард, æмæ Мырзахъон иунæгæй баззади, цалынмæ Госæханы æрхаста, уæдмæ. Уыцы сызгъæрины цур хуыссыди калм. Йæ сæрмæ та цъиуы ахстон уыд. Иубон Госæхан сывæллоны авдæн уыцы сисы цур аууоны æрæвæрдта, йæхæдæг цыдæр митыл схæцыди. Калм цъиумæ йæхи ивæзта, фæлæ йæм не ‘ххæссыди. Уæд æй авдæнæй Сем ауыдта æмæ ныххудти. Калм æрбырыд æмæ авдæнмæ схылди. Семы цонгыл йæхи æрбатыхта. Сем, авдæнхъæдыл цы хъазæнтæ уыдис, уыдонæй хъазыд йæхицæн. Уыдонмæ касти калм дæр. Уыцы рæстæджы цъиу калмы ауыдта æмæ ныцъцъыбар-цъыбур кодта. Госæхан цъиумæ фæкасти. Цъиу йæхи авдæнмæ æппæрста. Уæд Госæхан авдæнмæ бауади, калмы ауыдта йæ сывæллоны цонгыл тыхтæй æмæ ныцъцъæхахст кодта. Хъæрмæ Мырзахъон рауади, калмы хурхыл ныххæцыди, райхæлдта йæ æмæ йæ зæххыл иу цæф фæкодта. Калм йæхи хуынкъмæ баивæзта, фæлæ йæ Мырзахъон йæ къудийæ раласта. Афтæмæй калм йемæ сызгъæрины къæртт раппæрста. Мырзахъон уый фенгæйæ, калмы нал амардта, фæлæ йæ ахаста æмæ йæ доны фаллаг фарс ауагъта, æмæ калм афардæг и. Мырзахъон сызгъæрины къæртт систа. Кæсæгмæ ныццыди æмæ йæ уым ауæй кодта. Балхæдта дзы кæсгон бæх, дыууæ галы, дæс лыстæджы æмæ сæхимæ æрцыди. Уыйадыл бацæрæг и Мырзахъон.

Цыдысты бонтæ. Сем фестыр и. Мырзахъон базæронд æмæ тагъд амарди, къуырийы фæстæ Госæхан дæр фæзиан. Сем баззад иунæгæй. Сем – зондæй æххæст, хъусæй – хъусаг, цæстæй – уынаг, цыдис иу бæстæйæ иннæмæ, ныхъхъæр и йæ диссаджы

ном æмæ зонд. Йæ бирæ æмбисæндтæ æмæ амындтæ се ‘ппæт æххæстæй ничиуал зоны, фæлæ ма дзы цы хъуыды кæнын, цы фехъуыстон, уыдон зæгъдзынæн.

Йе ‘мхæрæфырт уыди Тотраты Уарихъан. Къабусты хъæумæ хæстæг ныр дæр ма йæ мæсыг æмæ йæ цæрæнбынат зынынц. Иубон Сем сфæнд кодта дыууæ æмбалимæ Уарихъаны фенын. Уыди найгæнæн. Сем Урстуалтæм æрхызти Сыбайы æфцæгыл. Къабустæм бацæугæйæ дыууæ æмхæрæфырты кæрæдзиуыл тынг фæцин кодтой. Уарихъан уазджытæн дыгæрдыг аргæвдын кодта. Цалынмæ дзидзатæ фыхтысты, уæдмæ Сем æмæ йе ‘мбæлттæн мусы цур бандæттæ æрæвæрдтой, æмæ Уарихъаны наймæ кастысты. Уыди хур бон, арвыл мигъы бындзыг нæ зынди. Сем дзуры Уарихъанмæ:

– О, ме ‘мхæрæфырт! Дæ най бауром, къæвда кæндзæни, æмæ дын сæфдзæни.

Уарихъан бахудт æмæ йæ афарста:

– Цытæ дзурыс, Сем, арвыл мигъы бындзыг куынæ зыны, уæд цæй къæвдайы кой кæныс?

– Æз дын, раст цы у, уый зæгъын, æмæ бар дæхи, – загъта Сем.

Уæд дын æвиппайды арв сасæста, дымгæ сыстади, найаг пырх кодта, къæвда ныууарыд, æмæ найаджы фылдæр былæй акалди.

Уарихъан дæр ма цы загътаид?

Уæдмæ сихор сцæттæ. Фынг æрæвæрдтой æмæ æрбадтысты. Уарихъан фæрсы Семы:

– Цы ног хабæрттæ дæм ис, ме ‘мхæрæфырт?

Сем зæгъы:

– Мæ цæрæнбонты иу хатт фæрæдыдтæн æмæ йæ мæхицæн нæ барын. Кæсгон æлдармæ уыдтæн. Къамбец нæ рæзты рацæйцыд. Æз загътон, зæгъын, ацы къамбецы гуыбыны ис рæуæд æмæ йæ ныхыл ис урс тæпп.

Кæсгон æлдар афтæ зæгъы:

– Раст нæ дæ, Сем, рæуæды дымæджы кæрон урс у, æмæ уый йæ ныхыл æвæрд ис.

Схæснаг кодтам, æмæ æцæгæй дæр афтæ рауади.

– Ницы кæны, ме ‘мхæрæфырт, ды кæд бирæзонæг дæ, уæд афтæ ма банхъæл æмæ дæуæй зонæгдæр нæй. Æндæр ма цы зæгъдзынæ?

Сем зæгъы:

– Гуырдзыстоны уыдтæн, æмæ иу аргъуаны мидæг адæмæй – йемыдзаг. Кувынц. Æз аргъуанмæ бакæстытæ кодтон æмæ загъ-тон кувджытæн: «Æддæмæ рахизут, аргъуан æркæлдзæн æмæ сæфут!» Нæ мæм байхъуыстой, æдылы мæ рахуыдтой. Уæд æнæнхъæлæджы аргъуан нытътъæнг ласта, æмæ адæмы æмбис бабын ис. Æз дæр ма сыл фæмаст кодтон.

– Цы гæнæн и? – зæгъы Уарихъан. – Зондамонæгмæ чи нæ хъусы, уый фыдбылызы хауаг у.

– Раст дæ, Уарихъан, – зæгъы Сем. – Дæ бæркад уал бирæ уæд, фæлæ ныр Урстуалтыл мæ цæст ахæссон.

– Бар дæхи, – зæгъы Уарихъан. – Уæлæ Едысы хосæфтауцдонмæ ссæут, акæсут уырдыгæй, æгас Урстуалты цæрæнбынæттæ уæм разындзысты.

Сем æмæ йæ дыууæ æмбалы Едысы хосæфтауцдонмæ ссыдысты, акастысты фæйнæрдæм æмæ зæгъынц:

– Æллæх, æллæх! Цæй цæрæнбынат дæ, цæ.

Семы йе ‘мбæлттæ фæрсынц:

– Цымæ уæлæ уыцы хъæу цы хуыйны?

– Уый Ерманы хъæу у. Куырттатаг адæм сты, уырдыгæй ралидзгæ, фæлæ сæ алыгъд дæр уырдæм цæудзæни. Æнæуи бæркад æмæ цардуарз адæм сты. Ам сын зымæг зынвадат у, цард æрдзы риуæй тонынц.

– Дæлæ уыцы комы та цы хъæу ис? – фæрсынц Семы йе ‘мбæлттæ.

– Уый та Брытъат хуыйны, тæхудиаджы адæм сты, семæ цæрынæй бафсæдæн нæй, кæрæдзи æмбарæг, фæлæ сæ цæрæнбынат фæстагмæ ивд цæудзæни.

– Далæ донбыл та цавæр хъæу ис?

– Уый та Хъæууат у, кæрæдзи хæраг сты, цардхæц не сты æмæ хъæууатæй баззайдзæни.

– Комы та цавæр хъæутæ ис?

– Уыдон та æртæ Сыбайы сты. Лæджы хорз æгъдауыл хæст адæм сты ацы комы, фæлæ сæ фæстаг фосхизæнмæ æрцæудзæни, фæлидздзысты.

– Йæ фарсмæ комы та цы хъæу ис?

– Уыдон та Челиаты адæм сты, хиуарзон адæм, фæлæ уазæгисаг. Сæ ран бæллиццаг нæу.

Семы та йе ‘мбæлттæ ноджы афарстой:

– Йæ акомкоммæ дæллаг фарс та цавæр хъæу ис?

– Уый та, мæ хуртæ, Згъуыбир у, рындзыл ис, зымæг æм армытъæпæны бæрц хур нæ кæсы. Йæ фæстаг донбылмæ цæуы.

– Рагъыл та цы хъæу ис?

– Уый Гæлуаты хъæу у, хуры цъиутæ сæ фæхонынц, зымæг сын рацæуæн нæй, сæрд сæм цыбыр у, мит дойныйæн фæнуазынц, æнæуи та кæрæдзи цæрайæ цæрынц, хъæуы фæстаг хосгæрдæнæн зайдзæни.

– Йе ‘рбакомкоммæ та цавæр хъæу ис?

– Уый та Ходз хуыйны. Уазæгуарз сты, фæлæ кæйдæр æвзагæй – хъæстæ, æмæ кæрæдзи не ‘мбарынц. Уый аххосæй фæлидздзысты. Йæ дæллаг фарс уый та Къабусты хъæу у, нæ фысымтæ. Адон æмуд æмæ кусаг адæм сты.

– Астæу хъæу та цы хуыйны?

– Уый та Едыс у, æмбал кæмæн нæй, ахæм. Цæрынæй дзы лæг не ‘фсæды, фæлæ дзы усы хъæлæба æгæр арæх у, æмæ йæ бæркад сæфт у.

Æцæгæй дæр, Едысы хъæуæй устыты хъæлæба цас цæуы, уыйас никуыцæй.

Едысы хосæфтауцдонæй Сем æмæ йе ‘мбæлттæ фæстæмæ Къабустæм æрцыдысты. Рабадтысты къæлæтджынтыл, æмæ сæ Уарихъан афарста:

– О, мæ хорз уазджытæ, цы федтат, уый ма мын радзурут?!

Сем зæгъы:

– Дæ ран хорз у, йæ фидæн та бæллиццагдæр у, чи ма баззайа ам цæргæйæ, уыдонæн.

Уарихъан загъта:

– Ницы кæны, ме ‘мхæрæфырт, фæлæ ма акæс, иу чындз суг куыд ласы, уымæ.

Сем æм акаст æмæ сдзырдта:

– Фæлтау мæ куынæ акæсын кодтаис, Уарихъан. Иунæгæй цæуы, фæлæ уый Тотраты Дауытайы чындз у æмæ хæдзармæ дыууæйæ бацæудзæни.

Тотраты чындз хæдзармæ куыддæр бахæццæ ис, афтæ æвгъæды абадт, æмæ йын лæппу райгуырди.

Уæд Сем Къабусты сæрвæтмæ скасти æмæ загъта:

– Гъе, Уарихъан, уæлæ уыцы фос хуыммæ ирвæздзысты æмæ – сæ амонд. Иннæтæ сæфдзысты.

– Уый та куыд, фыййау куы и семæ?

Кæцæйдæр бирæгъ фæзынд æмæ фосы фæцагъта, хуыммæ дзы чи баирвæзт, уыдон ферваæзтысты. Дарддæр Сем акаст æмæ иу хъуджы суыдта. Афтæ зæгъы:

– Уæртæ уыцы хъугæн дысæрон рæуæд уыдзæни.

Уарихъан ныххудт æмæ афтæ бакодта:

– Раст нæ дæ, Сем, чи зоны, хъуджы гуыбыны дыууæ рæуæды уа.

Уый Бураты хъуг уыдис æмæ æцæг ныззади. Йæ рæуæд уыди дысæрон.

Сем æмæ йе ‘мбæлттæ фынгыл рабадтысты. Уарихъан дзуры Семæн:

– Акæс, ме ‘мхæрæфырт, дæ зæрдæ цы зæгъы, уый мæнæй læварæн ахæсс.

– Ницы мæ хъæуы, – зæгъы Сем, – уæртæ дæ кæрты цы байраг ис, уый мын ралæвар кæн.

– Уый æнæ йæ мад куыд ацæудзæни?

– Æз ын хос кæндзынæн.

Уарихъан сразы байраг раттыныл. Уазджытæ сæхи хорз федтой æмæ сыстадысты. Уарихъан æмæ йæ бинойнагæн раарфæ кодтой, стæй бæндæны скъуыддзагæй байраджы абастой æмæ араст сты Тырсыйырдæм. Цæуынц ныхасгæнгæ Сем æмæ йæ дыууæ ‘мбалы. Хъæдласæны æфцæгмæ куы схæццæ сты, уæд байраг арвмæ скаст æмæ сабыр алæууыди. Дыууæ æмбалы Семы фæрсынц:

– Дæ байраг цæмæн æрлæууыди?

– Нæ фæндаг Тъепы хъæуыл Куырттаты комыл у, уым Андиатæй кæйдæр бæх рахауд, æмæ уæлæ уыцы дыууæ сынты кæрæдзимæ дзурынц: «Цом бæхы фыд хæрынмæ!» Байраг сæ бамбæрста æмæ æрлæууыди.

Сем æмæ йе ‘мбæлттæ Тъепы хъæуыл Куырттаты коммæ ахызтысты æмæ, æцæг, Андиатæй кæйдæр бæх рахауд, æмæ йæ уæлæ уыцы дыууæ сынты бадтысты. Дарддæр цæуынц. Доны был иу гадза куыдз хуыссы. Схъырны æмæ йæ гуыбынмæ фæлæбуры. Семы дыууæ æмбалы тынг бадис кодтой æмæ йæ афарстой:

– Ацы гадза цæмæн афтæ кæны?

Сем та сын зæгъы:

– Гадзайы гуыбыны хъæвдынтæ ис æмæ сæ æддæмæ фæнды, фæлæ сын сæ мад зæгъы, зæгъгæ, уын нырма афон нæу æмæ æнцад læуут мæ гуыбыны.

Цæуынц та дарддæр. Æндæр хъæумæ бахæстæг сты, æмæ дыууæ уасæджы хыл кæнынц, кæрæдзи туг калынц. Дыууæ æмбалмæ уый диссаг фæкаст æмæ Семы афарстой:

– Ацы уасджытæ цæуыл кæрæдзи хæрынц?

– Ус, куыдз æмæ бæхыл æууæнк нæй, – зæгъы сæ иу, иннæ зæгъы, ома, ус, куыдз æмæ бæх æууæнкджын сты, гъемæ нæ фидауынц.

– Æмæ сæ чи растдæр у, урс æви сырх уасæг?

– Сæ дыууæ дæр раст сты.

– Æ, дæ хорзæхæй, Сем, бамбарын нын æй кæн.

Сем сын загъта:

– Ус дæ кæд æмбара æмæ дыл мæла, куыдз дыл кæд иузæрдыг уа, æмæ дыл бæх æнувыд уа, æмбара дæ, уæд уымæй хуыздæр цы ис? Хорз ус йæ лæджы чъизи кæнын нæ бауадздзæн, хорз куыдз – хæдзардарæг у, хорз бæх йæхи нывондæн хæссы йæ барæджы сæрыл. Иннæрдыгæй, ус йæхи нывыл куынæ дара, куыдз къæбæрмæгæс куы уа, бæх фыдырмыци куы кæна, уæд сыл цæй æууæнк ис?

Цæуынц дарддæр. Иу ран сыл æризæр æмæ сын Сем зæгъы:

– Фысымуат бакæнæм, кæдæм тагъд кæнæм?

Дыууæ ‘мбалы загътой:

– Бирæ нæ нал хъæуы, цы ма искæй хъыгдарæм, цæуæм æмæ нæ хæдзæртты баулæфæм.

Сæ фæнд акодтой дыууæ æмбалы, æмæ Сем дæр æнæбары семæ араст и. Фæдзæхсы сæ:

– Кæд ныл баталынг уа, уæд донмæ хæстæг ма æрæнцайут.

Æцæгæйдæр сыл баталынг. Байраг цæхгæр фæлæууыд, йæ къæхтæ ныццавта, размæ нал цæуы, фæлæ доны бацыд æмæ ныууасыди. Дыууæ ‘мбалы фæрсынц:

– Цы кæны дæ байраг, Сем, кæд бафæллади?

– Нæ бафæллади, – зæгъы Сем. – Кæуылдæр хъаймæты бон æркодта, кæйдæр хæдзар судзы, бинонтæ сты фынæй æмæ судздзысты. Байраг амоны донмæ, зæгъгæ, зынг донæй ахуыссын кæнын хъæуы. Фæцырд уæм, кæд сæ баййафиккам.

Цæуынц æртæйæ æмæ фæдисы хъæр ныккодтой. Хæдзары бинонтæ ма тыххæй фервæзтысты, фæлæ сæ фæллой басыгъд. Адæм дзырдтой: «Ай хъаймæт у, хъаймæт».

Дарддæр цæуынц, æмæ Семы йе ‘мбæлттæ фæрсынц:

– Сем, зæгъ-ма, æппæты зындæр хъаймæт цы вæйиы?

– Кæстæр хистæры куынæ ‘мбара, адæмы фæтк хæлд куы уа, æууæнк сæфт куы вæййы æмæ æфсæрм куы фесæфы, уæд раст мæнæ ацы хæдзарау цард дæр басудзы.

– Иууыл æхсызгондæр та царды цы ис?

– Иууыл æхсызгондæр та уый у, æмæ дæ ус дæ цæрайæ куы цæра, дæ кæстæр рæгъы куы цæуа, адæмы æхсæн дæ æфсæрм куы уа ‘мæ дын аргъ куы кæной. Уæд никуы фесæфдзынæ, ацы хæдзарау нæ басудздзынæ.

Цæуынц дарддæр æртæ ‘мбалы. Сæхи хъæумæ баввахс сты. Иу хæрæг цæхгæр ныллæууыд æмæ сын ничердæм комы. Сем афтæ зæгъы:

– Баизæр и, фæлæ хæрæджы сæфтæгыл цыдæр ис æмæ йын æй сласут.

Дыууæ æмбалы æркастысты хæрæджы сæфтæгмæ æмæ дзы телы мур сластой. Хæрæг фервæзт æмæ сæ цæуын ауагъта. Æрцыдысты сæхи хъæумæ. Сем йæ байрагмæ зилын байдыдта æмæ дзы рауади диссаджы дугъон бæх.

Беджызаты Дудар

САНАТЫ СЕМ

(Вариант)

Адæмон таурæгъмæ гæсгæ, Санаты Сем райгуырд 250 азы размæ Захъагомы Санаты хъæуы. Йæ фыды ном хуынд Бердыхъ, уыди Санахъоты хæрæфырт. Иннæ адæмон таурæгътæм гæсгæ та царди æмæ амарди Уæллаг Хъæнийы, Хохы Санибайы æмæ ма Цымытийы дæр. Цымытийы сæрмæ фосдарæнтæ ныр дæр ма хонынц Санаты дарæнтæ. Уæдæ Хохы Санибайы сæрмæ та ныгæд ис йæхи фæндонмæ гæсгæ. Сем йæ мæлæт зыдта, æмæ йæ мæлæн бонмæ бирæ куынæуал баззад, уæд Хохы Санибайы хистæрты бафæдзæхста: «Куы амæлон, уæд-иу мæ баныгæнут хъæуы сæр, æмæ уын мæрдты æгъдауæй дæр æххуыс кæндзынæн». Афтæ бæргæ бакодтой, фæлæ Семæн йæ ингæн кæм ис, уый абон ничиуал зоны. Хорзы алчидæр йæхи хоны, æмæ Сем дæр ссис æппæтадæмон, таурæгъон. Зындгонд таурæгъгæнæг Сланты Иликъо та Семы тыххæй дзырдта афтæ:

– Лæцы хъæуы (Куырттаты комы) царди ус æмæ лæг Са-

натæй. Ус æмæ лæгæн лæппу райгуырд æмæ куы рахъомыл, уæд ын ус æрхастой. Лæппуйæн æхсæз азмæ æхсæз райгуырди, фæлæ æхсæзæй иу дæр нæ фæцарди, куы-иу райгуырдысты, уæд сæ хъæлæсæй зынджытæ хаудта, æмæ-иу сыл æвгъæды бадæг устытæ куы бадис кодтой, уæд-иу сæ кой дæр нал фæзынд. Æвдæм фæлтæр та лæппуйæн йæ ус йæхи бар нæ уыд, æмæ йæ афон куы ‘рцыд, уæд сæм фæзынд иу амондджын уазæг. Уыцы рæстæджы чындз схъæрзыдта. Уæд уазæг æфсинмæ фæдзурын кодта. Æфсин æм æрбацыд. Уазæг æй фæрсы: «Куыд у дæ фæсвæд бадæджы хабар?» «Гуыргæ йын ракæндзæн, фæлæ та йæ гуырд цы фæуыдзæн, уымæн цы бæрæг и?» «Тагъд мын хуыйы сой ссарут». Хуыйы сой йын æрбахастой. Уазæг хуыйы сой схъарм кодта æмæ загъта æфсинæн: «Æ уыцы хуыйы сойæ сæрдут сывæллоны, гуыбынæй куыд хицæн кæна, афтæ, æмæ нал фæдæлдзæх уыдзæн. Иннæ æхсæз дæр хуыйы сойæ сæрст куы æрцыдаиккой, уæд сæм хæйрæджытæ нæ бауæндыдаиккой». Сывæллон куы райгуырд, уæд æй хуыйы сойæ байсæрстой, æмæ нал фæдæлдзæх. Уæд æфсин уазæгмæ бацыд æмæ йын цингæнгæйæ дзуры: «Нæ сывæллон фервæзти, фæлæ йæ хъæлæсæй уæддæр зынджытæ хауы, æмæ йæ мады дзидзитæ судзы». «Истæм радуц мады æхсырæй æмæ йæ сывæллоны хъуыры ауадзут, стæй йын ницыуал уыдзæн, æрсабыр уыдзæн йæ тæвдæй». Сывæллонæн йæ хъуыры æхсыр ауагътой, æмæ æрсабыр йæ тæвдæй. Уазæг ыл ном сæвæрдта Сем, стæй сæ хæдзармæ ацыд. Сывæллоныл æртæ мæйы куы рацыд, уæд дзыхæй дзурын райдыдта. Диссаджы зонынджын, мæлгъæвзаг æмæ адæмæн уарзон рауад Санаты Сем. Адæмы уырныдта, цы зæгъа, уымæн æнæрцæугæ нæй, зæгъгæ. Бирæ таурæгътæ, æмбисæндтæ æмæ базырджын ныхæстæ баззад Семæй:

✦ Санаты Сем иу аргъуанмæ бацыд. Аргъуан адæмæй йедзаг уыди. Сем загъта: «Ацы аргъуан кæлдзæн æмæ сæфдзыстут». Адæм загътой: «Ацы лæг сайды фæци, цытæ дзуры?» Уалынмæ аргъуан нытътъæнг кодта æмæ ныккалди. Адæм фесæфтысты.

✦ Уд дзы нæ уыдзæн, афтæмæй зæххыл лæсдзæн тагъд æмæ ласдзæн хæхтæ æмæ бæстæ.

✦ Æндахы хуызæн уыдзæн къæцælыл æмæ дзырд хæсдзæн, цы йæ хондзысты, уый нæ зонын.

✦ Голлаг æмæ хызын уыдзысты æмбартæ.

✦ Бæсты фæстаг уыдзæн дон æмæ Уырысы.

✦ Хохы фæстаг суыдзæн быдираг.

✦ Лæппу-дзураг æмæ чызг-æфсины рæстæг æрцæудзæн.

✦ Ахæм фæлтæр уыдзæн, æмæ адæймаг базырджынæй тæхдзæн.

✦ Хæдтулгæ уæрдон уыдзæн.

✦ Авд Гæналы гæныстон, æстæм Гæнал ривæддон, зæгъгæ, дзырдта Сем, æмæ æцæг афтæ æрцыд: Гæналгомы Дæллаг Хъæнийы бакомкоммæ царди аст Гæналы – хъæутæ. Майлийы цъити сыл ракалди суанг комы райдайæнмæ, æмæ авд Гæналы фесæфтысты, æстæм Гæналы цæрджытæ алыгъдысты алырдæм æмæ сæ хъæуы бынат ривæддонæй баззад. Гæналы хъæуты хъæууæттæ ныр дæр ма бæрæг сты.

✦ Сем дзырдта: «Куыдфæстагмæ зымæг æмæ сæрд сæмхæццæ уыдзысты».

✦ Сем дзырдта йе ‘мбæлттæм: «Уæлæ уыцы халон цы дзуры, уый зонут? Уый дзуры: «Калакдзауæн йæ бæх амард, æмæ цомут æмæ йын йæ бæхы цæстытæ скъахæм». Гæды дæ, Сем, зæгъгæ, йын загътой, цæмæй, дам æй зоныс ардыгæй уырдæм? Уый сын загъта: «Уæдæ ацæут, æмæ Дайраны был уый афтæ куы нæ уа, уæд æз гæды дæн æцæг». Ацыдысты, æмæ, Сем куыд загъта, æцæг афтæ разындис.

✦ Сем Захъайæ Куырттаты коммæ ралыгъди, рагъыл æрæнцад æмæ загъта: «Иннæ майрæмбоны Захъайы аргъуанæн йæ кæлæн бон, мæнæн та – мæ мæлæн бон». Æмæ, дам, æцæг афтæ æрцыд.

САНАТЫ СЕМ

Сем уыди зондджын лæг. Фидæны цард уыдта æмæ-иу афтæ дзырдта: «Адæм быдырмæ фæлидздзысты цардагур, фæлæ та уый фæстæ фæстæмæ хæхтæм лидздзысты. Быдыры, гал кæм æрхуысса, уыцы гæппæл дæр йæхи аргъ уыдзæн. Лæппу-хицау æмæ чызг-æфсин уыдзæни, хистæртæм ныхасы бар нал хаудзæн. Æддæдзаст сылгоймаг скадджын уыдзæн».

Сем цъиуты æвзагæй дæр зыдта. Кæйдæр хæдзармæ фæцæйцыдысты, кæсынц æмæ уæлхæдзар хуртуаны сæр дыууæ цъиуы бады. Сем худы æмæ йе ’мбæлттæм дзуры: «Дæлæ

ма уыцы цъиутæм хъусут, иу дзы иннæмæ дзуры, уаргæ кæндзæн, æмæ дзы æддæмæ ракал, кæннод æй куы сисой, уæд ма цы хæрдзыстæм».

Сем йæ мæлæт дæр зыдта. Ксуртæй алыгъдысты. Куы æррынчын ис, уæд йæ кæстæртæм дзуры: «Мæ цæрæн бынæттæ ма мæ фенын фæнды, фæлæ мæ фæндагыл амардзысты». Уæрдоны йын фæлмæн хуыссæн бакодтой æмæ рацыдысты. Цъыфджынмæ куы ‘рбахæццæ сты, уæд абырджытимæ фæных сты, æмæ уым дзæгъæл нæмыгæй фæмард ис.

Едзиты Андрей

Адæмы ивгъуыд цардæн æвзаг у æппæты растдæр, хаттæй-хатт та зыбыты иунæг æвдисæн.

Б. Котляревский,
историк,

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

«Кавказаг табуйаг – Мæздæджы Мады Майрæмы дзуарныв», *зæгъгæ, уыцы темæйыл горæт Мæздæджы арæзт сывæллæтты конкурсæн 2007 азы рацыд альбом* ***«Мæздæджы Мады Майрæмы диссæгтæфæлдисæг дзуарнывы фæзынды таурæгъ».*** *Нæ равдысты уæ зонгæ кæнæм альбомæй ист нывтимæ.*

Гоноченко Викæ, 14 азы.

Андреева Наташæ, 14 азы.

Тебиаты Виолеттæ, 7 азы.

Белецкая Иннæ, 8 азы.

Богославцева Машæ, 12 азы.

Касавченко Юля, 11 азы.

Красногорская Юлия, 15 азы.

Сураева Машæ, 15 азы.

Лысенко Ирæ, 14 азы.

Цыхмистренко Анита, 9 лет.

Лезгинцева Кристинæ, 16 азы.

Чекунова Леræ, 12 азы.

Однокозов Олег, 7 азы.

Шарабханова Каринæ, 12 азы.

Пересада Аня., 8 азы.

Шакова Маринæ, 16 азы.

Белоусова Александрæ, 9 азы.

Иващенко Максим, 7 азы.

Пось Ангелинæ, 11 азы.

Шахова Маргаритæ, 14 азы.

УИДÆГТÆ

ХЪАНТЕМЫРАТЫ Эльбрус

АЛАЙНАГ ТАКА (ЗГЪÆРХУД)

2015 азы елхотаг Милдзыхты Павел тезгъо кодта, Уæллаг Дзылаты мæсыгæн йæ бакомкоммæ цы ком ис, уым. Къулвахсæй 200 метры æддæдæр рахизырдыгæй æнæнхъæлæджы ссардта рагон така (згъæрхуд). Арæзт у æртæ æртæтигъон æфсæйнаг хайæ. Сæрæй бынмæ кæрæдзиуыл фидаргонд сты æфсæн æндадзæнтæй. Згæ сæ тынг бахордта. Худы уæллаг хайы ис хуынкъ – тымбылæгæн. Разырдыгæй бинаг хайы – хуынчъытæ: цæстытæн, фæйнæфæрсты та – лыстæгдæр хуынчъытæ: згъæрхæдоны цæгтæ уыдонмæ фидар кæнынæн. Бæстон æркæсгæйæ фендзынæ сызгъæрины баззайæццæгтæ – худы хицау номдзыд лæг кæй уыд, уый бæрæггæнæн. Галиуырдыгæй уæллаг хайы ис цæрдхуынкъ – арц кæнæ æндæр хæцæнгарзы фæд: бæрæг у, знаджы цæф тыхджын кæй уыд, уый. Уыцы цæфы фæстæ æфсæддон, æвæццæгæн, йæ чемы нал уыд æмæ бæхæй ахауди.

Чи зоны, бæхджын æфсæддон йе знагимæ хибарæй нæ хæцыд, фæлæ комы карз тох бацайдагъ дыууæ стыр æфсадæн.

Бирæ азты дæргъы чи фæлæууыд, уыцы така æвдисæн у, алантæм дæсны куырдтæ кæй уыд, уымæн. Уыдон кой кæны номдзыд бæлццон Вильгельм де Рубрук: «... æмæ тæссаг ахизæнмæ куы бахæццæ стæм, уæд ссæдз лæгæй дыууæйыл федтам згъæрхудтæ. Бафарстон, адон уæм кæцæй æрбахаудтой, зæгъгæ. Дзуапп мын радтой, алантæй, дам сæ балхæдтам – тынг хорз, дам сæ кæнынц, стæй иттæг арæхстджын куырдтæ сты».

Ацы такайы хуызæттæ фенæн ис сарматтыл – Ромы Трояны колоннæйыл. Уæллаг Дзылаты цы така ссардæуыд, уый хауы XII–XIII æнустæм. Уæд ацы стыр сахар йæ тæккæ рæзгæйæ уыди.

Такайы периметртæ: йæ бæрзæнд – 19,5 сантиметры, диаметр – 22–18 сантиметры, йæ зиллакк та – 62 сантиметры.

Раззаг фарс.

Чъылдымырдыгæй.

Галиу фарс.

Мидæггаг фарс.

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ХОЗИТЫ Петр

СУСÆГ РЕВОЛЮЦИЙЫ ÆРГОМ ФÆСТИУДЖЫТÆ...

Ног æхсæнадон уавæр

Ирон адæм 21-æм æнусы фыццаг æмбисы цы уавæры ис, зæгъгæ, нæхи куы бафæрсæм, уæд æнæмæнг бар-æнæбары басæттын хъæудзæн иукъорд объективон хъуыддагыл. Æппæты фыццаг ууыл, æмæ уый дæр, Уæрæсейы æндæр адæмыхæттытау, кæй ис ног æхсæнадон-политикон æмæ социалон-культурон уавæры. Ис дзы, адæмæн æрмæст йæхицæй аразгæ чи у, ахæм фарстатæ дæр. Цæвиттон, æнæхъæн бæстæйы масштабмæ ахæссын хъæуы алыхуызон экономикон ивддзинæдтæ, социалон, ахуырадон проблемæтæ æмæ а. д. Уыдон иумæйагæй иухуызон æндавынц Уæрæсейы алы адæмыхаттыл дæр. Иннæмæй та, ирон адæмæн æрмæст йæхицæй аразгæ къахдзæфтыл æмæ национ уагахастыл нæ цæст куы ахæссæм, уæд дзы, иннæ адæмыхæттытимæ абаргæйæ, ссардзыстæм, æрмæст ирон адæмæн актуалон чи у, ахæм фарстатæ. Уыдонæй иу у йæ хæдбындур национ фæлгонц æмæ историон сомбон бахъахъхъæнын йæ бон бауыдзæн æви нæ. Ацы фарст карзæй уый тыххæй æвæрд цæуы, æмæ бæлвырдæй разынд, национ хæдбындурдзинад фесафыны æууæлтæ фæстаг рæстæг цæхгæр кæй фæфылдæр сты. 20 азы размæ дæр ма адæймагмæ афтæ касти, цыма иуæй-иу социалон къордтæ æдас сты ассимиляцийæ. Зæгъæм, хъæууон интеллигенци, йæ куыст комкоммæ мадæлон æвзагимæ баст кæмæн у, ахæм дæсныйæдты кусджытæ, горæты алыхуызон кусæндæтты техникон персонал æмæ афтæ дарддæр. Ам ма бафиппайын хъæуы иу бынтон ног фæзынд: фæстаг рæстæг хъæуты цæрæг ирон сабитæ ирон бинонты ‘хсæн сæгъигъæдæй дзурын райдайынц уырыссагау кæнæ та ирон-уырыссаг «æвзагыл». Фæуырыссаг кæнынц хъæуты скъолайы агъоммæ уагдæтты сабитæ æмæ скъолаты ахуырдзаутæ дæр. Ныр саразæн ис ахæм хатдзæг: Ассимиляцион процесс Ирыстоны бахæццæ алкæдæм дæр, æмвæтæнæгæй лæгæрды Ирыстоны зæххыл,

ницыуал ныхдуртæ йын ис. Уæлдай тæссагдæр у, ацы процессæн йæ ныхмæ лæууыны тыхтæ бынтон кæй скадавар сты, уый. Мадæлон æвзаг цы уавæры ис æмæ уыцы проблемæйы фæдыл Ирыстоны цы мадзæлттæ арæзт цæуы, уыдон кæрæдзимæ æрæмных кæнгæйæ сæвзæры ахæм хъуыдытæ: ныхас цы мадзæлттыл цæуы, уыдон сты кæнæ æргом цæстмæмитæ, кæнæ та сæ чи аразы, уыдон æцæгдæр не ‘мбарынц, мадæлон æвзаджы зауыаты уавæр конкурстæ æмæ алыхуызон пропагандистон мадзæлттæй кæй не сраст уыдзæн, уый. Уырны сæ, се ‘взагæн æцæгдæр хорзы кæй цæуынц. Уыцы адæммæ нæма бахъардта, мадæлон æвзаджы цæрæнбоны уавæртæ фæстаг рæстæг бынтон кæй бакъуындæг сты, уый. Не ‘мбарынц, ацы хъуыддаджы æппындæр ницыуал ахадынц уæлæнгай мадзæлттæ, – хъæуы бындурон ивддзинæдтæ, реформæтæ. Не ‘мбарынц, æххæст, размæцыд æмæ йæ сомбоныл хъуыдыгæнæг адæмæн уæвæн кæй ис æрмæстдæр национ скъолайы руаджы. Æндæр хос ын дунейы ничима æрымысыд абоны онг. Æмæ уый адыл æвзæры ахæм хъуыды: кæд мыййаг, ныридæгæн дæр нал стæм æххæст наци, æмæ уымæн дарæм нæхи афтæ, уымæн ахæм уæлæнгай цæстæй кæсæм нæ адæмы æппæты ахсджиагдæр проблемæмæ. Æргом æй нæма дзурæм, фæлæ йыл, æвæццæгæн, нæхи мидæг психологон æгъдауæй раджы басастыстæм – не стæм æххæст наци! Национ удварнæй хъуаг адæм та бирæ цæмæйдæрты фæцух вæййы, уыимæ логикон æгъдауæй раст хатдзæгтæ аразынæй дæр. Афтæ куынæ уаид, уæд, кæмæн æмбæлы, уыдон æмбариккой, кæнгæ митæ æрмæстдæр æнæхъуаджы æхца хардзгæнæнтæ кæй сты, æмбариккой, æнæ национ скъола кæй никуы уыдзæн национ литературæ, нæ уыдзæн национ культурæ, нæ уыдзæн, адæмы хæдбындур рæзтæн цыдæриддæр хъæуы, уый. Æрмæстдæр æнæххæст наци æфсæрмы кæны хи æвзагыл дзурынæй æндæр адæмы минæвæртты раз. Æрмæстдæр æнæххæст нацийы минæвар дызæрдыг кæны, цы ‘взагыл дзурын мын пайдадæр у, зæгъгæ. Æрмæстдæр æнæххæст наци не ‘мбары, йæ цот æппæты фыццаг цы ‘взагыл хъуамæ сдзурой, уый. Æрмæстдæр æнæххæст наци тæрсы мадæлон æвзаджы бындурыл ахуырады системæ саразынæй, иннæтæ цы зæгъдзысты, стæй нæ сабитæ талынгæй куы баззайой, зæгъгæ, уый адæргæй. Ацы хъуыды дарддæр кæнгæйæ ма афтæ зæгъæн ис: æххæст нацийæн йæ минæвæрттæ, йæ интеллигенци сæ сæрмæ

никуы æрхæсдзысты сæ мадæлон æвзагæн йæ архайды фæзуат афтæ тынг скъуындæг кæнын.

Ног æхсæнад...

Национ ныхмæлæуды тыхтæ скадавар сты, зæгъгæ, ацы хъуыды дарддæр кæнгæйæ, зæгъын хъæуы уый, æмæ ныхас æрмæст йæ нацийы бартыл тохгæнæг адæймæгтыл нæ цæуы. Уыдонæн сæ нымæц æцæгдæр зынгæ фæкъаддæр, фæлæ ныртæккæ дзырд цæуы æппæты стырдæр фыдбылызыл: Ирыстоны зæххыл ирон адæмы 'хсæнæй равзæрд ног «национ-культурон» æхсæнад, ног социалон-психологогон æхсæнады хуыз, зæгъгæ, йын, æвæццæгæн, афтæ схонæн дæр ис, – ирон æмæ уырыссаг культурæты æмтад гибрид. Хъыгагæн, ирон адæмы 'хсæн ацы гибрид йæ нымæцмæ гæсгæ хæдбындур национ удыхъæдæн йæхицæй зынгæ фæегъаудæр æмæ йæхи домæнтæм гæсгæ аздæхта æхсæны цард. Хæдбындур адæмыхатт Ираен ма баззад æрмæст йæ ном, йæ зæхх та у ирон адæмæй ног наци саразыны фæдыл эксперименты фæзуат. Ахæм æндæр цæвиттон ма кæм ссарæн ис, уый зын зæгъæн у. Уæдæ нæ уавæр нымайын хъæуы æгæр тæссагыл, уымæн æмæ ныхмæлæуды тыхтыл нымад чи у, уыдон дæр, стæмтæй фæстæмæ, не 'мбарынц, абоны уавæр цы стыр фыдбылыз хæссы, уый. Сæ фылдæр нырма хъуыды кæнынц «зæронд рæстæджыты» барæнтæм гæсгæ: не 'взагыл сагъæс рагæй цæуы, фæлæ нырмæ кæд нæ фесæфт, уæд ын нырæй фæстæмæ дæр тас нæу, зæгъгæ, ахæм у сæ логикæ. Уыдонмæ нæма бахъардта ассимиляцийы процессы цы егъау ивддзинæдтæ æрцыдис æмæ цæуы, уый. Æппæты тæссагдæр та уый у, æмæ ныхмæлæуды тыхтыл нымад адæм не 'нкъарынц, ассимиляцийы егъау уылæн ныццауазынæн æцæгæй дæр ахадгæ чи у, уыцы фадæттæ æмæ амæлттæ.

Уæлдæр цы ног æхсæнады кой рачынди, уымæн йæ фыццаг бæрджытæ рагæй сты, æмæ тынг тæссаг не сты, зæгъгæ, уый зæрдæ бирæты сайы. Ног технологон дуг ын йæ рæзтæн бынтон ног уавæртæ кæй сарæзта, уый та рохуаты зайы. Цæмæй бæрæг у уый? Фыццаджыдæр уымæй, æмæ ассимиляцийы процесс зынгæ фæтагъддæр. 20–30 азы размæ куыд уыдис, уыимæ йын абарæн нæй. Æрвылбон, æрвылсахат тыхджындæр кæны,

зæгъгæ, афтæ зæгъæн дæр ис. Цæвиттонтæ, нымæцтæ, официалон статистикæ нæ алыварс – хæрх. Ноджы ма иу хатт йæ иууыл ирддæр цæвиттоны тыххæй: скъоладзау фæсивæд горæтты дæр æмæ хъæуты дæр сæ мадæлон æвзагыл кæй нал дзурынц, уый.

Цы ахъаз уыдзæн глобализаци адæмы цардæн?

Æмæ уæддæр цы у уыцы ног дуг, æнæхъæн адæмы цардыл афтæ тынг чи æндавы, йæ национ удыхъæдæй йын чи кайы, бонвыддæрмæ йæ чи тæры, æргомæй йæ чи куынæг кæны?

Ног технологон революцийы дуг кæй ралæууыд, уый дызæрдыггаг никæмæн у. Уый та йæ фæдыл расайдта глобализаци. Глобализаци æрцахста æмæ йæ дæлбар бакодта алцыдæр, фыццаджыдæр адæймагæн йæхи, йæ зондахаст, йæ царды уаг æнæхъæнæй. Æмæ йæ фыдбылызтæ дæр афтæ тæссаг уымæн сты, æхсæнады мидæг алыхуызон ивддзинæдтæ афтæ цырд уымæн цæуынц – комкоммæ адæймаджы миддунемæ ныхилынц, уый тыххæй.

Глобализацийы сæйрагдæр нысан у алы бæстæты ‘хсæн политикон, экономикон, культурон бастдзинæдтæ сæнгом кæнын, уыйбæрц æввахс, æмæ къорд паддзахадты ‘хсæн арæзт цæуы иумæйаг куыстуæттæ, финансон æмæ социалон-культурон организацитæ. Рагæй цæуы ахæм процесс, фæлæ ныртæккæ йæ базыртæ куыд уæрæх байтыгъта, афтæ никуыма уыдис. Глобализацийæ, ног информацион технологитæй, адæймаджы куысты уавæртæ чи ивы, ахæм техникон фæрæзтæй рантысти ног, универсалон идеологи дæр æмæ уый тынг бандæвта адæймаджы психологийыл.

Æндæр у ахаст æхсæнадон хъуыддæгтæм дæр, зынгæ фæлæмæгъдæр уыдонмæ ног фæлтæрты цымыдис, æппæты разæй фесты хи интерестæ, бæрæг æркъуымых сты национ æнкъарæнтæ дæр.

Рæстæджы цыд йæхæдæг та цыма цырддæр фæцис. Адæймаг фемхиц технологон ногдзинæдтæм, æнæ уыдон йæ бон цæрын нал у: æнæ дзыппыдаргæ телефон, интернет, æнæ алыхуызон газеттæй. Гыццылæй-стырæй. Адæймагмæ 15–20 азы размæ цы информаци хæццæ кодта, уый у сæдæгай хæттыты къаддæр, абон цас информаци исы, уыимæ абаргæйæ. Интер-

нетæй чи пайда кæны, уыдонæй алчидæр йæхæдæг у информацихæссæг, æмæ уыдон та милуантæ сты. Адæймаджы цыбæл зонд тырны алцæуыл дæр аххæссынмæ, фæнды йæ фылдæр базонын, фылдæр фехъусын æмæ фенын. Ахæм фадат ын ис, æмæ дзы пайда кæны, фæлæ не ‘ххæссы, æмæ йыл йæ тыхст бæрæг дары. Ахæм у абон нырыккон адæймаджы зонындзинæдты къæбиц, – уæлæнгай, змæст, æмтъеры.

Глобализаци ирон адæмы æрæййæфта тынг æдзæттæйæ. Ассимиляцион процесстæ Ирыстоны бирæ раздæр райдыдтой. Цæгаты ирон адæмы стыр хай суырыссаг, Фæскавказы та – сгуырдзиаг. Ирон адæмы национ хиæмбарынад æнцонæй кæй бахауы æндæр культурæты æндæвдады, уый никæмæн у сусæггаг. Фæлæ ныртæккæ ацы процесс ссис бынтон æргом æмæ карз. Ацы хъомысджын социалон фæзынд суанг стыр Уæрæсейы дæр скодта йæ быны, – халы йын йе ‘взаг, йæ хæдбындур культурæ. Цы универсалон культурæйы кой кæнæм, уый уырдæм дæр бырсы, фæлæ йæ уырыссаг æвзаг уромы, йемæ тох кæны. Ирыстоны та ахæм ивддзинæдтæ мадæлон æвзаг маргæ кæнынц, уымæн æмæ ирон æхсæнадмæ ивылгæйæ, уым биноныггонд цæуынц сæйраджыдæр уырыссаг æвзаджы руаджы. Æвзаг куынæг кæнын та амоны этносы мæлæт. Уæдæ афтæ чи зæгъы, нæ мадæлон æвзагæн тас нæу, йæ мæлæты кой рагæй цæуы, фæлæ йыл абон дæр дзурынц, зæгъгæ, уый ахæм ныхæстæй сайгæ кæны дзыллæты, галиумæ сæ здахы. Уыцы адæм, ахæм «ныфсы» ныхæстæ кæнгæйæ, æппындæр не ‘мбарынц, дунейы цы процесстæ цæуы, уый.

Афтæ мæм кæсы, æмæ глобализацийы процесс Ирыстонæн куыд тæссаг у, афтæ æндæр никæмæн. Абоны уавæр ирон адæмы фылдæр хайы нал тыхсын кæны: сæвзæрд ног, гибридон æхсæнад æмæ ног индивид, æмæ уый ныр къорд азты цæры йæхи цардæй, ног уавæртæ йын йæ къух аразгæ цы кæнынц, уый йеддæмæ йæ хъыгдаргæ нæ кæнынц, æмæ уыцы æхсæнадæй ирон адæмæн ницыуал пайда ис, ныфс æвæрын дзы нал хъæуы, уыдон ма сæ национ сомбоныл стох кæндзысты, зæгъгæ, уый гæды ныхас у.

Йæ мадæлон æвзагыл кæсын, фыссын, дзурын чи нæ зоны æмæ ацы удварны згъуыдтæ аиуварс кæныныл чи нæ архайы, уыдонимæ ирон проблемæтыл нал хъæуы дзурын, уыдонæн ницыуал хъæуы фыссын, уыдонæн истытæ бауырнын кæныныл

архайын бынтон дзæгъæл ми у. Уымæ гæсгæ искæцы иумæйаг фарстыл фысгæйæ кæнæ дзургæйæ, зæрдыл дарын хъæуы, йæ цæрæнбонтæ кæрæй-кæронмæ ирон царды уагимæ чи сбаста, ирон адæмы æрмæстдæр уыцы хайы, сæ нымæц цасфæнды гыццыл куы уа, уæддæр. Ирыстоны хъысмæтыл дзургæйæ, æрмæстдæр уыцы хайыл æмбæлы æнцой кæнын. Æрмæстдæр уыцы адæмимæ хъæуы бæттын сомбоныл хъуыдытæ.

Иннæ æмтъер, гибридгонд хай æцæгдæр фæфылдæр. Уый трагеди у, уымæн æмæ ирон царды æрмæг аразынæн нал бæззы. Ахæм дуг æрлæууыд, æмæ ирон адæймагæй баззайыныл никæйуал бар цæуы: нæ æхсæнад царды, нæ хицаудзинады, нæ бинонты, нæ скъолайы. Алы хицæн адæймаг дæр йæхæдæг йæхи сæрызондæй æмæ уды фæндæй цы скæрда, цавæр фæндаг равзара, уый йеддæмæ дзы ницыуал гæнæн æмæ амал ис. Ныфс æвæрын хъæуы, ацы æнæджелбетт дуджы хи национ царды уаг æмæ мидис чи равзара, уый йыл йæ зæрдæ кæй нал сивдзæн, уымæн æмæ ахæм хъуыддаг æрмæстдæр тыхджын адæймæгтæн у сæ бон. Тыхджын национ удысконд кæмæ баззад, ахæмтæн. Гъе, афтæ зын у абон æххæст иронæй баззайын!

Ирон гибрид адæймаджы фыдбылызтæ...

Ирон адæмы ном ма æрмæст хæсгæ чи кæны, уыцы æмтъеры хай Ирыстон æмæ Ирыстоны номæй æйттæй пайда кæны алы ран дæр, уымæн æмæ йæхæдæг æнæ уыцы ном ничи æмæ ницы у. Уæрæсейы кæцыфæнды регион, стæй дунейы цыфæнды бæстæ куы райсæм, уæддæр дзы зынтæй ссардзæн исчи ахæм уавæр: адæмы культурæйæн у æцæгæлон, ницы йын æмбары йæ историйæн, йе ‘взагыл ын кæсын, фыссын нæ зоны, суанг йе ‘мбæстон адæмы æвзаджы ныхмæ дæр фæдзуры, йæ литературæ, йæ аивад æй нæ хъæуынц, афтæмæй разамынд дæтты, æппæты бæрзонддæр бынæттæ ахсы, æмæ йын йæ архайдæй барæй дæр æмæ бар-æнæбары дæр къуылымпы кæны йæ рæзт! Национ культурæйы рæзт æмæ сомбонмæ æрмæстдæр глобализаци æмæ универсализацийы цæстæй кæй кæсынц, фыццаджыдæр æй уымæй кæнынц къуылымпы. Уыдонæн та афтæ æнцондæр у: универсалон аивад – уый никæй у, ног арæзт, фæлвых, æнæуидаг, æрмæстдæр ног технологон фæрæзтæ æмæ барæнтыл æнцой кæны. Æмæ йын аргъ дæр уыцы барæнтæй

чындæуы. Формæ дзы ис, идеологи та – нæй. Æмæ йæ мидис, йæ хуыз дæр уымæн афтæ цырд ивы, зæгъæн ис, бонæй-бонмæ. Ам ныхас æцæг курдиатджын фæзындтыл нæ цæуы, сфæлдыстады дунейы алы хатт дæр къахдзæф раздæр чи цæуы, ахæмтыл.

Нæ ныхасы сæр сты модæйы фæдыл куырмæй дугъгæнджытæ. «Снырыккон» кæныны охыл уыдон ныххылдысты национ хæзнаты хуылфмæ æмæ сæ алырдæмыты раскъуын-баскъуын кæнынц. Æмæ сызмæстæуыд национ культурæйы къæбиц. Хæрзæфснайд хæдзармæ фос куыд баирвæза æмæ йæ куыд сызмæнта, афтæ. Цæттæ музыкæ, цæттæ кæфтытæ, цæттæ адæмон сфæлдыстады шедевртæ, динамынды уаз фæлгонцтæй модæдзаутæ нырыккон кæныны æфсон хынджылæг кæнынц. Нæй сæ уромæг, нæй хицау-дарæг мадæлон æвзагæн, национ культурæйæн.

Цæмæн афтæ у уый? Ацы фарстæн дыууæ ныхасæй дзуапп раттын зын у. Раджы райдыдта ирон адæмы ассимиляци, фæлæ йæ фæстаг 20 азы технологон революци бынтон сцырын кодта, æййафæг æй нал ис. Ног технологон дугæй райгуырд ног зондахасты адæймаг йæ ног идеологиимæ. Алкæцæй дæр истытæ раскъуынын, самал кæнын æмæ сæ цырд-цырдæй спайда кæнын, дæ разæй куыд ничи фæуа, афтæ, – гъе уый у йæ идеологийы сæйраг мидис. Кæй зæгъын æй хъæуы, зонындзинæдтæ райсын æмæ сæ спайда кæнынмæ ахæм талф-тулф ахаст æвзæрырдæм зыны, удварн кæй хонæм, ууыл дæр. Уымæн йæ арæнтæ резинæйау ныйивæзтысты, уаг æмæ æгъдауыл нымад цы æууæлтæ цыдысты, уыдонæн арæнтæ ничердыгæйуал ис, бынтондæр сæ хуыз сивтой. Ирон адæмы уаздæр æмæ кадджындæр зæды хай Уастырджийы ном дæр телевизион эфиры сæ дзыхы уымæн радав-бадав кæнынц æвзонг журналист чызджытæ, ирон æртæ кæрдзыны дæр сауджынтæ Чырыстон динимæ уымæн сбастой, Нарты Кадджытæ æмæ ирон классикон литературæйы уацмыстæ къæмсытæ кæнынц, сæхи æрымысгæ æнæном культурæ, æнæном адæмы пайдайæн, сæ иубонон фæндиæгтæ æмæ фæндтæ цæмæй сæ къухы бафтой, уый тыххæй. Адæмы æххæст минæвар уой, уый сæ бон нал у æмæ йæм тырнгæ дæр нæ кæнынц, сæ къух ыл æнцонтæй систой, фæлæ æнæ уый дæр сæ бон ницы у. æндæр истори, æндæр культурæ сын чи ратдзæн? Æмæ дзы уымæ гæсгæ æцæгæлон æвзагыл сæхицæн æнæуд

халдихтæ кæнынц, алы хуызты йæ хæссынц адæмы размæ. Æмæ сæ хъуыддаг цæуы, уымæн æмæ сын сæ ных бакъуырæг нæй. Ирон культурæйы суррогат абон арæхдæр æмæ цардхъомдæр у йæ æцæг дæнцæгтимæ абаргæйæ.

Ныр цалдæр фæлтæры рахъомыл Ирыстоны ахæм ног культурон уаваæры æмæ, хъыгагæн, уый ныридæгæн аккагыл нымад æрцыд æхсæнады. Хъуыддаг афтæ у, æмæ ацы уаваæрæн сæйраг аргъгæнæг дæр уыцы ног фæлтæр йæхæдæг у, Ирыстоны элитæйыл йæхи чи нымайы, уый. Уый ног æмтъеры культурæ дæр йæхицæн хуыздæрæн равзæрста, уый йæ царды уаг у, йæ цардæн фæрæз кæныны амал. Йæ ном ирон, йæ мидис та, нырма ном кæмæн нæй, ахæм. Цæвиттон, тынг уæззау уаваæры ис Ирыстон ныр дæсгай азты дæргъы.

Ирыстоны ахæм адæмы хай 80 процентæй къаддæр нæ уыдзæн. Уый у феномен, сæрмагондæй иртасинаг диссаг. Ис æви йын нæй историон уидæгтæ? Æвæццæгæн, ис, фæлæ уый сæрмагонд ныхасы аккаг у. Революци схонæн ис ацы змæлдæн, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд ахæм ныхас рæдыд нæ уыдзæн. Раджы чи райдыдта æмæ ныр дæсгай азты æнæ хъæлæба, æнæ хъыллиппытæ, æнæ гæрæхтæй ирон адæмы ‘хсæн чи цæуы, ахæм революци. Ирон адæмы æцæг истори æмæ рæзт ныддæлдзиныг кæнын æмæ йын йæ бынаты ног, гибридон культурæ саразын йæ сæйраг нысан кæмæн у, ахæм «культурон» революци. Йе ‘рхъуыдыгæнджытæ йæ тынг хъавгæ, сабыргай æмæ сусæгæй кæй аразынц, уымæ гæсгæ йын, æвæццæгæн, сусæг революци схонæн дæр ис.

Францы, Италийы, Германы, цыфæнды æндæр бæстæйы, стæй Ирыстонæн йæ политикон статусы æнгæс уæрæсейаг республикæты дæр президентæй, министрæй, хицауады сæрдарæй, парламенты сæргълæууæгæй, республикон газеттæ æмæ телеуынæны хицæуттæй, стæй æндæр политикон, экономикон æмæ культурон уагдæтты разамонджытæй, йæ мадæлон æвзаг чи нæ зоны, ахæм адæймæгты куы æвæриккой! Уымæн уæвæн нæй. Ирыстоны та – ис. Уый у сусæг революцийы ирд фæстиуæг, абоны онг уал йæ сæйрагдæр уæлахиз.

Ахæм уаваæр йæ уидæгтæ иууыл арфдæр Ирыстоны кæй ауагъта, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæнхъæлæджы нæу, – ирæттæм æндæр адæмты хъуыддæгтæ æдзухдæр ахсджиагдæрыл нымад уыдысты. Уый ирон адæмы историйæ дæр бæрæг у,

уæдæ нæхæдæг цы уынæм абон, уыдæттæ дæр ахæм национ зæрдахастыл дзурæг сты. Сæхион сæ нæ хъæуы, сæхион сæм ницы кæсы, искæй раз сæхæдæг – æнæбондæр, лæмæгъдæр, ницæйагдæр.

Ирондзинады позицитæ рагæй сты лæмæгъ Ирыстоны. Уымæн йæ аххосæгты ставддæр уидаг ис Ирыстонæн йæхи мидæг. «Æмсæр-æмбары» æмæ «гумманизмы» идейæтæ сусæг революцийы автортæ рагæй фæстæмæ карз æмæ сæйраг кæнынц барæй. Цæмæй алы хатт дæр бæрæг дарой, зыной. Ирыстоны та æцæгæй ахæм митæн æппындæр ницы бындур æмæ æфсон ис, уымæн æвдисæн у ирон адæмы истори æнæхъæнæй, йæ менталитет, йæ ахаст æхсæны цардмæ, æндæр адæмыхæттытæм. Уый ныхæстæй нæ, фæлæ историон факттæй, царды бирææнусон фæлтæрддзинадæй у бæлвырд. Баззад фыст чингуыты, адæмы мысинæгты, адæмон сфæлдыстады, фыстæджыты. Ирон адæм æндæр адæмыхæттытæм хæларзæрдæ ахаст кæй дарынц, семæ алы хатт дæр иумæйаг æвзаг кæй ссарынц, сæхи разæй дæр искæй хъуыддаг кæй бакæндзысты, уый фæдыл дзæвгар баззад фæсарæйнаг историктæ æмæ бæлццæтты фыстытæ. Фæлæ сусæг революцийы авторты нал æндавы сæ адæмы æцæг удыхъæд, уымæн æмæ иу хъуыддаг хорз сахуыр кодтой: ирон адæм лæмæгъ сты сæхи хъахъхъæнынмæ, хæйрæг зынгæй куыд тæрсы, афтæ тæрсынц, мæнæ сæхи кой кæнынц, зæгъгæ уымæй сæ исчи куы фæаххосджын кæна.

Дæлдзиныггæнæг комплекстæ...

Ирон адæм нымæцæй гыццыл кæй сты, дунеон историйы кæй ницы ахадынц, уымæ гæсгæ ирон «уырыссæгты» сæрызонды ницæйаг æмæ фæстæзадыл нымад æрцыдысты мадæлон æвзаг æмæ хи национ культурæ. Ахæм ницæйаджы бынаты сæвæрдтой сæ сомбон дæр. Æмæ уæдæ ницæйаг сомбоны бындурыл йæ хорз цард чи сараздзæн? – хъуыды кæнынц ирон «уырыссæгтæ». Уыцы зондахаст парахат кæнынц æндæртыл дæр. Цæмæй сæ æппындæр мацыуал æмæ мачиуал хъыгдара. Æмæ сæм фыдракæнд нæ, фæлæ хуымæтæг рæдыд дæр нал кæсы сæ архайд, уымæн æмæ сын макæ зæгъæг нæй. О, фæлæ афтæмæй цы бауыдзæн, абон ма Ирыстон кæй хонæм, уыцы бæстæ? Цы бауыдзæн, иронæй ма чи баззад, уыцы адæм? Ууыл

та чи ахъуыды кæндзæн? Уæдæ басæттын хъæуы ахæм фактыл: Ирыстоны фæзынд æмæ бонæй-бон тыхджындæр кæны ирон адæмы æрдзыхъæды рæстæн бынтон æцæгæлон æмæ хиваст уавæр.

Цæмæн афтæ рауад?

Цæмæн афтæ рауад? Ахæм уавæрмæ куыд æрхауд Ирыстон, йæ уд ын йæ дзыхæй куы ластой, уæд иу адæймаг куыд нæ разынди фæдисхъæргæнæг? Иу бон, дыууæ бонмæ куынæ æрцыд, мыййаг, æппæтадæмон фыдбылыз. 2004-æм азы мын ацы фарсты фæдыл уыди стыр æрмæг журнал «Мах дуджы», «Национ нигилизмы фæстиуджытæ», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ. Цыбырæй йæ зæгъдзынæн ныр дæр: чысыл нациты сæфт райдыдта коммунистты политикон æмæ социалон цардæвæрдæй, нациты цардарæзты фæдыл сæ идеологийæ. Фыццаг уал фæзынд ахæм идейæ, чысыл нацитæ егъаудæрты хуылфы æвæрд хъуамæ æрцæуой æмæ иу адæмыхатт суой, зæгъгæ, мæнæ уырыссаг матрешкæтау. Фæлæ матрешкæтæн, гыццыл уа, стыр уа – ахицæнгæнæн ис, ацы идейæмæ гæсгæ та адæмæн ахæм фадат хъуамæ ма уыдаид. Уый фæстæ фæзынд, советон паддзахады цыдæриддæр адæмыхæттытæ уыдис, уыдонæй иу наци саразыны хъуыды, «советон адæм», зæгъгæ, ахæм номимæ. Уымæй дæр ницы рауад, алы адæмæн дæр, матрешкæтимæ абаргæйæ, Хуыцау йæхи ‘взаг, йæхи æрдз, йæхи национ удыхъæд кæй радта, уый сæ бахъыгдардта. Ницы дзы рауад, фæлæ политикон системæйы схемæ адæмы ныддихтæ кодта цæдисонтыл, автономонтыл, сæ бæрц, се статусмæ гæсгæ уыдысты сæ бартæ, сæ фадæттæ дæр. Ахæм уавæр ныссæста чысыл адæмыхæттыты, ацъæл сын кодта сæ национ астæумагъз, уæззау фæд ныуагъта сæ дарддæры цардыл. Уыцы фæдтæй иу у национ æгъдауæй æфхæрд психологи, æфхæрд зондахаст. Уымæн йæ сæйраг мидис æмæ архайды сæйраг фæстиуæг, зæгъæм, ирон адæмы æркодта ахæм хатдзæгмæ: махæн нæхицæн нæ бон нæу нæ цард нæхи фæнд, нæхи зондмæ гæсгæ аразын. Нæй нæм ахæм интеллектуалон æмæ экономикон тых, нæй нæм нæхи фæдарын æмæ бахъахъхъæныны хъомыс. Нæ бон нæу æнæ искæй зондамындæй, æнæ искæй къæбæр æмæ дæлбазырæй. Ахæм «исчи» Ирыстонæн рагæй фæстæмæ у Уæрæсе. Йæ федерати-

вон паддзахады хицæн субъекты хуызы чи ис, уыцы Цæгат Ирыстон-Аланийæн дæр æмæ хицæн хæдбар паддзахады статус чи райста, уыцы Хуссар Ирыстонæн дæр. Нæдæр Цæгатæн, нæдæр Хуссарæн Уæрæсеимæ нæй, сæ объективон статус сын куыд амоны, ахæм ахастытæ. Алы хъуыддаджы дæр Мæскуыйы дзыхмæ кæсын – уый цас раст у? Ирыстон абон исбонæй дæр сгæвзыкк, сгæвзыкк удварнæй дæр, интеллектуалон æгъдауæй дæр, æмæ ацы хъуыддаджы æнæмæнг азимаг у, раздæры Советон Цæдисы хæстæ æмæ бæрн йæхимæ чи райста, уыцы Уæрæсейы Федераци, Мæскуы. Æмæ бæрн кæд йæхимæ райста Уæрæсе, уæд хъуыддагмæ, куыд æмбæлы, ахæм цæстæй хъуамæ кæсид: уыцы егъау паддзахады адæмыхæттытæй ма йемæ чи баззад, уыдонмæ – сæ царды уавæртæм дæр æмæ сæ национ интерестæм дæр. Хъыгагæн, ахæм цæстæнгасæн йæ кой дæр нæй. Цæдисы дуджы бæстæйы сæйраг хъæздыгдзинæдтæ, бæрæг куыд у, афтæмæй уыдысты æмæ ныр дæр сты, раздæр Уæрæсейы Социалистон Федеративон Республикæ кæй хуыдтой, уый зæххыл. Цæдисон паддзахад куы ныппырх, уый фæстæ раууатмæ æрцыдысты национ республикæты экономикæтæ. Уæд дæр æххæстæй сæхи дарынхъом нæ уыдысты, ныр та бынтондæр систы, Уæрæсейы æрдзон хъæздыгдзинæдтæ кæй къухы сты, уыцы Центры дæлбар. Æмæ ма цæй национ интерестыл цæуа дзырд, кæд æмæ регионты разамонджытæн сæ куысты сæйрагдæр æнтыстыл нымад цæуы Центрæй фылдæр æхца истыхуызы ратонын. Адæмы фаг дæр æмæ адавыны фаг дæр. Ахæм уавæры бирæ регионтæ сты. Æвæццæгæн, уый сæрмагонд политикæ у: царды фадæттæ фæхуыздæр кæныны амæлттæ регионтæ цæмæй сæхи къухмæ райсой, уый тыххæй сын бындурон æххуыс бакæныны бæсты сæ дарынц лæгъстæгæнджыты бынаты. Уыцы политикæ боныфæстагмæ цæмæ æркæндзæн, уый зын зæгъæн у, раст кæй нæу, уый та æппындæр дызæрдыггаг нæу. Ирон лæг фæсайды, йæ туг фæтарсти, национализмы ном ыл куы сбада, уый йын йе уоны мигъ сбадын кодта.

18-æм æнусы кæрон Магкæты Зураб йе ‘мбæлттимæ стыр Уæрæсейы ус-паддзахимæ куы сæмбæлд, уæд йемæ дзырдта иронау, йæ мадæлон æвзагыл. Зыдта цалдæр æвзаджы, уыимæ уырыссаг дæр, фæлæ йæ адæмы номæй дзырдта йæхи ‘взагыл. Æмæ уыцы рæстæг Ирыстон абонæй мæгуырдæр, абонæй гæвзыкдæр, абонæй дихтæдæр уыдис, фæлæ ма уæд йæхи мидæг

уыдис йæ национ удварн, йæ уд, æмæ уыдæттæ тыхджындæр уыдысты Уæрæсейы дæргъ æмæ уæрхæй, Уæрæсейы адæмы бæрцæй, йæ хъомыс æмæ йæ хъæздыгдзинæдтæй. Уæд нæма уыди мæнгард ирон хицаудзинады кой, нæма æмбæрстой, мадæлон æвзаг æгад куыд æмæ цы хуызы хъуамæ уа, уый, сæ фыны дæр никуы ахъуыды кодтаиккой, искæд, йæхицæй йæ удхæссæг чи уыны, ахæм гибридарæзт адæм сæ равзæрдзæн, ууыл. Фынджы уæлхъус йеддæмæ ирон адæймаг йæ царды иу къабазы дæр йæхи мадæлон æвзагыл кæй нал дзуры, ныртæккæ канд ууыл нæ цæуы ныхас, фæлæ ма, сылгоймагæй-нæлгоймагæй йæхи чи куыд дары, ууыл дæр. Дæхицæй æппæлын кæнæ кæмæйдæр йæ цуры æппæлын ссис æмбæлон хъуыддаг. Ирон æгъдауы та уый нымад цыдис худинагыл. Æфсарм æфсарм нал у, суанг фыдракæнд æмбарыны мидис йæхæдæг дæр аивта. Фыдракæнд æнæфхæрдæй куы баззайы, æгæрыстæмæй уыцы фыдракæнд æнæхъæн адæмы, æнæхъæн паддзахады ныхмæ арæзт куы уа, уæддæр йæ саразæг, цыма ницы ракодта, афтæ йæ нымайы. Æмæ ма бирæ æндæр ахæм митæ фенæн ис абон ирон лæджы уагахасты. Мæ ныхасы сæр сæйраджыдæр сты, фæстаг дæсгай азты Ирыстоны разамонæг бынæттæ чи ахста, ахæм ирæттæ. Уæвгæ, ныхас æрмæст иугай адæймæгтыл нæ цæуы – уый иумæйагнацион зын срастгæнæн проблемæ у, уымæн æмæ ныккалдысты намысы къултæ, раивта ирон æхсæнады зондахаст æнæхъæнæй, æгъдауы баивта æнæгъдау, удварны кой та ма чи кæны!

Цы гæнæн ма ис?

Зын у ахæм фарстæн дзуапп раттын. Æгæр байрæджы, уæлдæр цыдæриддæр фæфыстон, уыдон сраст кæнынæн. Рæстæг адæймаджы æрдзон удыхъæдыл æнцонтæй нæ тых кæны, фæлæ йын алыхуызон æхсæнадон æмæ социалон фæзындтæ йæ зондахаст, йæ уагахастыл цы фæд уадзынц, уыдон сты катайаг. Цæвиттон, алы аххостæм гæсгæ æхсæнадон, политикон æмæ культурон идеологитæй тыхджындæр чи у абон, уыдон ныхъуырынц лæмæгъдæрты. Уыцы хъомысджын социалон уылæны тæккæ астæу бахаудысты бирæ адæмыхæттытæ, уæлдайдæр та бæрцæй чысыл чи у, уыдон.

Ныфсытæй ма иу – фидар политикон фæндон. Хицаудзи-

над. Паддзахадон зондыл хæст, Конституцийæн аргъгæнæг æмæ ирон адæмы алы хъуыддагæй дæр иннæ адæмты æмсæр чи æвæрдзæн, ахæм хицаудзинад. Ирон адæмы аккаг сомбон саразыны сæйрагдæр хъуыддæгтæ хицаудзинадмæ кæсынц, уый кæнинаг сты: æмбæлгæ ахуырадон системæ ныббиноныг кæнын, æмæ уый фæрцы, рæзгæ фæлтæр ныртæккæ цы нацисафæн фæндагыл лæуд сты, уырдыгæй сæ раздахын; Конституцимæ гæсгæ цас бартæ лæвæрд ис, уыйбæрц мадæлон æвзагæй царды алы къабæзты дæр пайда кæнын æмæ ноджы æндæр хъуыддæгтæ.

Сагъæссаг у ацы иттæг ахсджиаг хъуыддаг, ома политикон фæндон, иугай адæймæгтæй аразгæ кæй у, уый. Ирыстоны сæргълæууæгæн ирон адæмы егъау проблемæтыл йæ зæрдæ риссы æви нæ риссы, ирон адæмы хъысмæт, дунейы глобалон процесстæ хынцгæйæ, абон куыд æнæбон æмæ тæссонд у æмæ йæ ахæм уавæры ныууадзын куыд тынг тæссаг у, уый æмбары æви не ‘мбары, – гъе ахæм æнæсистемон æмæ тæссонд политикон «цæджындзтыл» æнцой кæны ирон адæмы сомбон. Уый у æнæхъæн Уæрæсейы паддзахады проблемæ, – ам рагæй фæстæмæ дæр нæ ныффидар хицæн адæймаджы, стæй æнæхъæн адæмыхæттыты конституцион бартæ æххæст кæныны традици, уыцы барадон культурæ у тынг фæстæзад. Ныхасæй, фыстæй алцыдæр – нывыл, хъуыддагæй та алцыдæр цæуы йæхигъæдæй, куыд æнцондæр у, афтæ. Чысыл нациты уавæр Уæрæсейы паддзахады рæхджы аивдзæн, зæгъгæ, ахæм ныхас æгæр ныфсджын уыдзæн, уымæ гæсгæ æргом аздахын хъæуы, уæлдæр цы æнæсистемон æмæ лæмæгъ «цæджындзты» кой чындæуыд, уыдон сфидар кæнынмæ. Ам æнæмæнг домдæуы прогрессивон тыхты архайд дзæвгар фæтыхджындæр кæнын. Цæмæй национ фарстаты раст æмæ тыхджын политикон фæндон къаддæр баст уа иугай адæймæгтыл, хицæн сæргълæуджытыл æмæ, иумæйагæй, хицаудзинады архайдыл. Æмæ национ рæзты фæндон ахæм куы суа хицаудзинадæн, уæд уыцы цæстæнгас цадæггай анхъæвздзæн æнæхъæн адæмыл дæр. Уый суыдзæн йæ уды домæн æмæ йæ царды фæтк. Уæд зæгъæн уыдзæн, ирон адæмæн фесæфынæй тас нал у, зæгъгæ.

Ирыстоны рагæй фæстæмæ дæр æрымысæггаг национализм арæзт уыдис æрмæстдæр ирон адæмы ныхмæ: уый æфсон сын истой сæ бартæ, уый æфсон сын цъæл кодтой сæ фæндон, уый

æфсон сын састой сæ национ удыхъæд. Æмæ сæ нысан сæ къухы бафтыди знæгтæн, ирон адæм зæххы цъарыл цæмæй æппындæр мауал уой, уымæ бæлджытæн. Æмæ ныр дæр сæ архайд нæ уадзынц. Ирон æвзаджы пайдайæн кæнæ æндæр исты ирондзинады кой гыццыл исты фехъусгæйæ, уайтагъд сæ гæндзæхтæ тилын райдайынц, арвмæ гæрæхтæ сисынц: ам æрмæст ирæттæ куынæ цæры, уæд цы уæхи кой кæнут, зæгъгæ. Ахæм ныхæстæ афтæ æнæхъола вæййынц, æмæ сæ, куыд фæзæгъынц, хæрæг уаргъæн дæр нæ ахæсдзæн. Зæгъæм, ныртæккæ цы национ телеуынæны арæзтыл цæуы дзырд, уый, дам, национ цæмæн хонут, Ирыстоны ирæтты йеддæмæ ничи цæры? Ис национ банктæ, национ чиныгдæттæ, национ стадионтæ æмæ ма бирæ æндæр паддзахадон уагдæттæ, æмæ сæ æрмæстдæр иу адæмыхатт пайда кæны? Ахæм ныхæстæн хъæуы кæрон скæнын. Арæх сæмбæлæн ис æндæр æнæчетар цаутыл дæр: ирон культурæйы искæцы къабазы разамонæг зоны æрмæстдæр уырыссаг æвзаг (йæхæдæг цы адæмыхаттæй у, уый сæйраг нæу, уымæн æмæ сæ фылдæр хай ирон мад æмæ фыдæй гуырд сты), цæмæн разамынд дæтты, уыцы хъуыддаг бæстон нæ зоны кæнæ та йæ æппындæр нæ зоны. Æмæ афтæмæй йæ хатдзæгтæ, йæ архайд цавæр хъуамæ уой? Зæгъæм, ирон литературæйы уавæры тенденцитæ цæмæй æмбарай, уый тыххæй йын хъуамæ зонай йæ истори: æнæ уый куыд бамбарæн ис, абоны литературон процесс цæй тыххæй бамынæг, уымæн. Раздæр нæм цы стыр фысджытæ уыдис, уыдон кæй æмæ цæй руаджы фæзындысты?. Абон нæм цæуылнæуал ис ахæм литературæ?

Разилын хъæуы рæстæджы цалх ирон цардырдæм. Уæд алцыдæр йæ гаччы сбаддзæни. Хъуамæ, æппынфæстаг, райхъуыса ирон лæджы æргом, рæстаг æмæ барджын хъæлæс.

АРВИСТОН

КУРДАГ ÆМБИСÆНДТÆ

* * *

Иу рагуалдзæджы бонджын лæг уазæгуаты бацыд иу хæдзармæ. Фысым ын йæхи дæр æмæ йæ фæсдзæуинты дæр суазæг кодта, фæлæ фынг мæгуырау уыди. Уазæг цæуынмæ куы хъавыд, уæд ын хæдзары хицау афтæ: «Хорз лæг, хатыр бакæн, куыд æмбæлы, афтæ дæ кæй не суазæг кодтон, уый тыххæй, куы йæ зоныс, ныртæккæ ахлева[1] у. Бонджын æм раздæхт æмæ йæ фæрсы: «Мæ лымæн лæг, нæ дæ бамбæрстон, ахлева цы у?» Фысым æм дзуры: «Ау, ахлева цы у, уый нæ зоныс?» «Хуыцауыстæн, нæ зонын, зæгъ мын æй, æмæ йæ уæд базондзынæн». «Хорз, – загъта фысым, – а дыууæ боны дæ хæдзары сæмбæлдзынæн æмæ дын æй уæд зæгъдзынæн».

Иуцасдæры фæстæ уыцы лæг йæ фæсдзæуинтимæ æцæгæй дæр уазæгуаты бацыди бонджынмæ. Уый цалдæр фысы æрбаргæвста, дзаджджын фынгтæ æрæвæрдта, цæвиттон, уазджыты сбуц кæныныл нæ бацауæрста, хорз сæ фæхынцта. Уазæг йæ фæсдзæуинтимæ цæуыныл куы ныллæууыд, уæд æй фысым фæрсы: «Айразмæ мын зæрдæ бавæрдтай, ахлева цы у, уый дын зæгъдзынæн, зæгъгæ». Уазæг ахъуыды кодта æмæ йын дзуапп радта: «Ахлева цы у, уый хорз зоныс, фæлæ йæ де рагъыл никуы бавзæрстай».

* * *

Иу хæдзармæ уазæг бацыди. Хæдзары хицау сæхимæ уыди, фæлæ уазæджы не сбуц кодта, уымæн æмæ йæм дзул йеддæмæ ницы уыди. Уазæг, мæгуыр, æххормагæй ацыд æмæ æндæр хæдзармæ бахоста. Уым царди зæронд ус æмæ уазæджы дзул æмæ донæй бафсæста. Уазæг разыйæ баззад æмæ загъта: «Хъарм дзул æмæ уазал дон ницы сты, фæлæ дзы адæймаджы суазæг кæнынмæ алчи нæ сарæхсдзæн».

---

[1] Ахлева – уалдзæджы фыццаг бонтæ, зæхкусджытæн сæ зымæджы æвæрæнтæ куы сафтид вæййынц, уæд зын цæрдтытæ фæкæнынц.

* * *

Мамэ Сайда иухатт араст ис иу хъæумæ. Уым бæрæгбон уыди, фæлæ нæма райдыдта.

Раст уыцы рæстæг æндæр хъæуы та хист уыди. Мамэ Сайда ахъуыды кодта: «Цæуон уал, хист кæм и, уыцы хъæумæ. Уым бахæрдзынæн, стæй ардæм æрбацæудзынæн».

Цалынмæ уырдæм цыд, уæдмæ адæм хисты фынгæй сыстадысты. Фæстæмæ раздæхти Мамэ Сайда, уæдæ цы уыдаид, фæлæ уæдмæ бæрæгбон дæр ахицæн.

Ныхасæн баззади: Мамэ Сайда уыцы иу рæстæг дыууæ бæрæгбоны скæнынмæ хъавыд.

* * *

Иу læг йæ хæрæгыл сбадт æмæ йæ хионмæ уазæгуаты ацыди. Хæдзары цурмæ куы бахæццæ, уæд йæ хæрæгæй рахызт æмæ мæгуыр хайуаны лæдзæгæй хойы.

Хæдзары хицау рацыд, æмæ хæрæджы нæмгæ куы ауыдта, уæд лæгмæ дзуры: «Цы хабар у, цæуыл марыс дæ хæрæджы?» «Уæдæ мын цы кæнгæ у? Уæргътæ йыл æвæрдтон æмæ та мын сæ-иу аппæрста. Гъемæ мæ хæстæгмæ афтидармæй æрбацыдтæн. Уымæй ма худинагдæр цы уа?» «Хъус-ма, мæ лымæн læг! Уый тыххæй мæгуыр хайуаны нæмын хъæуы? Ме ‘рдхорд цы ‘рбаласта, уый фæстæмæ аласдзæн».

* * *

Иу куырм læг ус ракуырдта. Ус ын иуахæмы афтæ: «Ехх, нæ læг, хорз нæу, куырм кæй дæ, уый. Уынгæ куы кæнис, уæд фенис, куыд рæсугъд дæн, уый!» Læг ын афтæ: «Хъус-ма, усай, куырм дæн, фæлæ афтæ æнхъæл дæ æмæ æдылы дæр дæн? Рæсугъд куы уаис, уæд мæнæй смой кодтаис?»

* * *

Цуанон йæ егары ауагъта тæрхъусы фæдыл, æрцахс æй, зæгъгæ. Егары бон не сси тæрхъусы баййафын æмæ йæм фæсте дзуры: «Мæ тых, мæ бонæй уайын, уæддæр дæ не ‘ййафын. Цæмæн афтæ у?» Тæрхъус ын дзуапп радта: «Æз мæхи тыххæй згъорын, ды та – кæйдæр тыххæй».

* * *

Иухатт иу зæронд ус сæнар фæтæгенæй бапырх кодта æмæ денджызырдæм араст. Иу лæг ыл амбæлд æмæ йæ фæрсы:

– Мæ мадыхай, кæдæм цæуыс?

Ус ын дзуапп радта:

– Уæртæ денджыз басудзон.

Лæг та йæ фæрсы:

– Æмæ сæнарæй денджыз басудзæн куыд ис?

– Æз фыдми бакæндзынæн, дарддæр та мæ хъуыддаг нæу.

Ныхасæн баззади:

– Цыфæнды фыдмитæ куы бакæнай, уæддæр денджыз нæ басудздзынæ.

* * *

Домбай, бирæгъ æмæ рувас иумæ бацардысты. Иу бон цуаны ацыдысты, æмæ сыл бæх амбæлди. Домбай йæ йæ дзæмбыйы цæфæй амардта æмæ дзуры бирæгъмæ: «Цæй, ме ‘фсымæр, байуар дзидза». Бирæгъ бæхы дзидза йе стджытæй фæхицæн кодта æмæ йæ йæ разы æрæвæрдта, стджытæ та домбайæн радта. Рувасмæ та хуылфыдзауматæ æрхаудтой.

Домбайæн йæ маст рафыхти, фæгæпп ласта æмæ бирæгъы дзыхъмард фæкодта. Дзæмбыйы цæф афтæ тыхджын рауад, æмæ бирæгъ зæххы аныгъуылд, æрмæст ма йæ къæдзил зынди. Уæд домбай рувасмæ дзуры: «Марадз, дзидза байуар!» Рувас дзидза æмæ фиу домбайы раз æрæвæрдта, хуылфыдзауматæ та йæхицæн ныууагъта. Домбай йæ фæрсы: «Уыйбæрц зонд дæм кæцæй æрцыди?» Рувас ын дзуапп радта: «Мæнæ зæххæй чи зыны, уыцы къæдзилæй».

* * *

Дыууæ фæндаггоны скъæты рæзты фæцæйцыдысты, æмæ сæ фындзтыл физонæджы тæф ауад. Иу дзы иннæмæ дзуры: «Хуыцауыстæн, ам фыс аргæвстой æмæ дзы физонджытæ кæнынц. Цом, бакæсæм сæм». Æмæ æххормаг бæлццæттæ скъæтмæ бараст сты. Кæсынц æмæ дзы фыййæуттæ сæ хæræджы агъдыл дамгъæ æвæрынц.

АФТÆ ФЫСТА АКАДЕМИК ИВАН ПАВЛОВ

ССР Цæдисы Адæмон Комиссарты Советмæ

Революци мæ æрæййæфта, 70 азмæ æввахс мыл куы цыд, уæд. Мæн та фидарæй уырныдта: адæймаг æдæппæтæй 70 азы йеддæмæ нæ цæры. Уымæ гæсгæ ныфсхастæй æмæ æргомæй дзырдтон революцийы ныхмæ. Мæхицæн загъытон, цыфæнды уæд, агæрах мæ кæнæнт! Уæддæр мæ цард фæци, æз та бакæндзынæн, мæ намыс куыд амоны, афтæ...

Ныр рæстæг равдыста, мæ куыстхъомы тыххæй раст кæй нæ уыдтæн, уый.

Æмæ-иу кæд раздæр бауынаффæ кодтон, мæ фыдыбæстæйæ ацæуон, уæд ныр фидарæй скарстон: мæ бон нæу мæ Райгуырæн бæстæ ныууадзын, мæ куыст æрдæгыл аскъуынын. Мæ куыст та у тынг ахсджиаг æмæ йæ хъуамæ снывонд кæнон уырыссаг наукæйæн, стæй адæймаджы хъуыдыйыл размæ ахæцынæн. Фæлæ мын зын у, рæстæгæй-рæстæгмæ та мын иттæг зын цæрæн вæййы ацы бæстæйы æмæ Советмæ дæр уый тыххæй фыссын.

Фыццаджыдæр, сымах цы кæнут, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, у æрмæстдæр эксперимент, æмæ йæ цыфæнды ныфсхаст куы схонæм, уæддæр, йæ кæрон цæмæ ‘рцæудзæн, уый бæрæг нæу. Афтæ вæййы алы эксперименты хабар дæр. Дыккаг та уый, æмæ ацы эксперимент, зæгъæн куыд нæй, афтæ зынаргъ сыстдзæн (æмæ уый у йæ сæйраг рахæцæн): хъуамæ бынысæфт фæуой æппæт культурон бынтæ, царды культурон фидауцæн хъуамæ йæ кой, йæ хъæр дæр мауал уа.

Мах цардыстæм æмæ цæрæм, террор æмæ тыхми иудадзыг æлдариуæг кæм кæнынц, ахæм æхсæнады. Ныр, зæгъæм, не ‘нæбайрайгæ цард æнæхъæнæй, æрвылбоны лыстæг хъуыддæгтæ дæр нымайгæйæ, равдис, цæстытыл æй бинонытæй ауайын кæн, уæд, æвæдза, уый ахæм æвирхъау ныв уаид æмæ диссаг. (...)

Уый куыд æмбаргæ у? Чи зоны, адæттæ рæстæгмæйы хабæрттæ сты. Фæлæ зæрдыл дарын хъæуы: адæймаг сырдæй равзæрд æмæ æнцонæй æрхауы, сыстын та йын зын вæййы. Мæстæй судзгæйæ, йæхи хуызæттæн карз тæрхон чи рахæссы æмæ уыцы тæрхон райгондæй, зæрдæрухсæй чи сæххæст кæны, стæй уыцы æгъатыр митыл кæй ахуыр кæнынц, уыдон ма адæймаджы миниуджытæй хайджын уой, уый зын бауырнæн у. Уæдæ æвирхъау митæ кæмæн бакæнынц, цæрæгойты уавæрмæ кæй æртæрынц, уыдонæй дæр ма æххæст адæймæгтæ рауайдзæни?

Æмæ æфхæрды бынаты чи ис, ахæмты уавæр куы фенын (уыдон та æнæхъæн легион сты), уæд мæхимæ куыдзæмгад æркæсын, маргхъæстæ уайдзæф мын æнцой нал фæдæтты, цы фæуон, уый нал фæзонын.

Æмæ иунæг æз хъуыды кæнын афтæ?

Уæдæ фæтæригъæд кæнут Райгуырæн бæстæйæн æмæ махæн.

Ленинград,
1934 азы 21 декабрь

* * *

Мах цæрæм ахæм æхсæнады, паддзахад æппæт хъуыддæгты сæр кæм у, адæймаг та æппындæр кæм ницы у. Ахæм æхсæнадæн, ай-гъай, сомбон нæй.

* * *

Æз уыдтæн, дæн æмæ уыдзынæн уырыссаг адæймаг, Райгуырæн бæстæйы хъæбул. Йæ цардимæ баст сты мæ хъыгтæ, фыццаджы-фыццаг уый сагъæстæй цæрын, йæ намысæй фидар кæнын мæхи намыс.

* * *

Наукæйы академийы Уагæвæрдмæ бахастой ахæм параграф: куыст æнæхъæнæй дæр хъуамæ уа Марксы-Энгельсы ахуырады платформæйыл. Уый циу? Наукон хъуыдыйæн тыхми йеддæмæ ницы. Уый цæмæй хицæн кæны астæуккаг æнусты инквизицийæ?

АиФ, 2016, №8

* * *

Æз дæн рагон экспериментатор æмæ мæ фидарæй уырны: Уæрæсейыл цы социалон æмæ политикон фæлварæн кæнынц, уый æппындæр нæ фæрæстмæ уыдзæн æмæ мæ Райгуырæн бæстæйы политикон æмæ культурон цард сæфтмæ цы ‘ртæра, æндæр ын ницы ахъаз фæуыдзæн.

Чиныг «100 великих россиян». М., ВЕЧЕ, 2001

ОЛЕГ ЕФРЕМОВЫ ХЪУЫДЫТÆ

Бæстæйы тыххæй

Куыд цардыстæм, цы нын амыдтой! Махæй демократондæр, гуманондæр, прогрессивондæр бæстæ нæ уыди. Мах æвæллайгæйæ дзырдтам, цавæрдæр дард бæстæты адæймаджы куыд эксплуатаци кæнынц, уый ныхмæ, уыцы эксплуатацийы тыххæй-иу ныббæзджын кодтам нæ ныхас. Нæхи бæстæйы та уыцы рæстæг цытæ цыд? Æвирхъаудæр зæгъæн нæй, афтæ эксплуатаци кодтой адæмы. Кусæг тыхæн ницы аргъ уыд, хицæн адæймæгтæ нымады никæмæ уыдысты, цагъайрæгтæ цыма сты, ахæм цæстæй сæм кастысты. Уый фæстæ ма дисгæнæн куыд ис, адæмы кусын кæй нал фæнды, фыдæбон кæнын кæй нал зонынц, ууыл!

Нæмтты тыххæй

Актерты кадджын нæмттæ цæмæн хъæуы – сгуыхт, адæмон, архайæг æмæ а. д. Аивады, кæд нæ рæдийын, уæд иууылдæр æмсæр-æмбар сты. Сценæмæ куы рацæуай, уæд, цы дæ, уый бæрæг нæу? Фысджытæн кадджын нæмттæ куынæ ис, ис сын æрмæстдæр чингуытæ! Уыцы алыхуызон нæмттæ аив, æмæ атмосферæ асыгъдæг уыдзæни. Худинагдæр ма цы уа, нæмттыл куыд хæлоф кæнынц, цы чъизи миты æххуысæй сæ ратонынц, хицæутты раз сæркъулæй куыд фæлæууынц, цæстмæмитæ куыд кæнынц! Конформизм æмæ конъюнктурæ дидинæг куыд калынц! Сæ зонгуытыл æрхауынц, æдзæсгомдæр чи у, уыдон!

Сæрибары тыххæй

Цы зæгъæн ис нæ демократийы тыххæй та? Бæллæх уый у, æмæ нæ сæрибарæй цалдæр азы дæргъы нæ базыдтам спайда кæнын, растдæр зæгъгæйæ та, спайда дзы кодтам тæккæ цауддæр хуызы. Сæрибар хорз у, мæнæн бæззы, уымæ гæсгæ сæрибарæй давын, стигъын, цæстфæлдахæн митæ кæнын. Сæрибар сарæзтой сæхицæн, адæмы хæрз гыццыл хайæн, хицаудзинад кæмæ ис, уыдонæн. Æнæуаг, чъизи митæ бакодтой. Уыдæттæй цæуынц тас дæр æмæ æгъатыр, цъаммар хъуыддæгтæ дæр.

Аргументы недели

КУЛЬТУРÆЙЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Культурæ у хицæн адæмтæн дæр, чысыл этностæн дæр æмæ паддзахæдтæн дæр сæ царды сæйраг нысан æмæ мидис. Æнæ культурæйæ уыдонæн фадат нæй хæдбарæй цæрынæн.

* * *

Паддзахады хæс у культурæйы æппæт хуызтæн дæр финанстæй æххуыс кæнын, стæй сæ иудадзыг хъахъхъæнын, фыццаджы-фыццаг, паддзахады зæххыл цы этностæ цæры, уыдонмæ уæлдай æргом здахын хъæуы.

* * *

Махмæ абоны онг нæй культурæйы æмæ культурон рæзты концепци. Адæмы фылдæр хай (уыдонимæ «паддзахадон лæгтæ» дæр) культурæйæн йæ мидис не ‘мбарынц, афтæ æнхъæлынц, цыма уырдæм æрмæст хауынц: театр, музейтæ, эстрадæ, музыкæ, литературæ, – хаттæй-хатт та наукæ, техникæ, ахуырад дæр культурæйыл нæ фæнымайынц. Уымæ гæсгæ, ныхас куы рауайы, уæд культурæйы алы хицæн къабазыл дæр фæдзурынц кæрæдзийæ иппæрдæй, ома, дам, театрæн, литературæйæн, филармонитæн, музейтæн сæ проблемæтæ хицæнтæ сты.

Афтæмæй культурæ иу егъау сферæ у, æмæ бæлвырд фæзуа-

ты цæрджытæй аразы адæмыхатт, наци. Культурæ, зæгъгæ, уыцы дзырдмæ хауы дин дæр, наукæ дæр, ахуырад дæр, æфсарм дæр, æгъдау дæр, удварны нормæтæ дæр. Цæвиттон, культурæйы фæрцы адæм дæр, наци дæр æвдисынц, цæрыны бар сын ис æви нæй.

* * *

Культурæ адæмæн у табуйаг, нацийæн у дзуары хуызæн.

Дмитри Лихачев

* * *

Мæнмæ гæсгæ, не ‘хсæнад не ‘мбары, культурæйæн йæ ахадæн тынг егъау кæй у, уый. Культурæ хъуамæ экономикæйы разæй æвæрд уаид. Адæмы интеллектуалон æмæ удварны æмвæзад нæм бынтон ныллæг ранмæ æрхауд, æмæ хъуамæ æппæты ахсджиагдæр хъуыддагыл нымайын райдаиккам ахуырадон æмæ хъомыладон куыст – цæмæй адæмы хæрзæгъдауы æмæ удварны фæндагмæ раздахæм. Мах та *(æз хицауадæй зæгъын)* культурæйы кой уæлæнгæйтты ракæнæм – доклады кæнæ ныхасы кæрон, уæдæ йын цы ‘хцайы муртæ радих кæнынц, уыдон дæр сты ницытæ ‘мæ мацытæ.

Станислав Говорухин,
АиФ, 2012, №48

ЦИТАТÆТÆ

Нацийы проблемæтæн сæ ахсджиагдæр у химбарынад. Адæм... наци свæййынц, сæ индивидуалон хæдхуыз æмбарын куы райдайынц, дунейы адæмты ‘хсæн бæлвырд бынат куы ‘рцахсынц, уæд. Национ химбарынады пульс куы ‘рхауы, уæд адæмы рынчыныл нымай; пульс æгæр уæлиау куы уа, уæд уый дæр низы бæрæггæнæн у – алы ран дæр куыд у, афтæ ам дæр бæрц зонын хъæуы.

Ныртæккæ уырысы сæйраг трагеди у, национ химбарынад сæм кæй нал и. Большевиктæн сæ фæндтæ сæ къухы бафтыдысты: бæстæйы фæзынди хицæн къордтæ, кæрæдзи ныхмæ чи лæууыд, ахæмтæ, алыхуызон къæлæстæ æмæ адæмыхæттытæй иутæ иннæтæм тудджыны цæстæй акастысты. Кæрæдзи нал æмбæрстой.

Арсени Гулыга

* * *

Марксисттæ æмæ антимарксисттæ афтæ нымадтой, зæгъгæ, иугæр политикон уавæртæ куы аивай, уæд культурæ дæр аивдзæни. Æрмæст иу марксист – Плеханов – уыди раст зондыл хæст. Уый дзырдта, зæгъгæ, хицаудзинад къухы куы бафта, уæддæр «русская история еще не смолола той муки, из которой можно испечь пирог социализма». Плеханов æмбæрста, уырысы истори, куыд культурæйы рæзты процесс, ахæм æмвæзадмæ нæма схызти, цæмæй социализм сараза. Цæвиттон, фæстæзад бæстæйы социалистон æхсæнад аразын бынтон æнæсæрфат ми у.

Андрей Кончаловский

ÆВЗАГ – НАЦИЙЫ БЫНДУР

* * *

Æвзагыл иудадзыг аудын у нацийы ахсджиагдæр хæстæй иу... Æвзаг у адæмы иугæнæг тых, уæлдайдæр, зын замантæ куы скæны, бæллæхтæ куы ‘рцæуы, уæд. Уый райхъал кæны дзыллæты зонд æмæ хъарутæ, иу туг, иу стæг кæй сты, уынгæджы бон æмдых-æмзонд цæмæй уой, уымæ сæ сразæнгард кæны. Цæвиттон, æвзаг у адæмы иудзинад бахъахъхъæныны хъомысджын фæрæз. Адæмы хъæлæс уæвгæйæ, уый райхалы æппæты табуйагдæр бæллицтæ, сагъæстæ. Дзырды фарны æххуысæй стыр поэт равдисы йе ‘мбæстæгты æхсидгæ æнкъарæнтæ, патриотон тырнæнтæ, цæмæй нацийæн йæ мидхъарутæ, йæ зонды авналæнтæ, йæ уды монцтæ иннæ адæмтæм дæр фæхæццæ уой.

* * *

Адæмы æвзагæн йæ хæдхуызыл рæстырдæм ахадынц æндæр адæмты фысджытæ: æцæг национ литературæйæн æнæ тæлмацгонд уацмыстæй цæрæн нæй.

Иоганнес Бехер

АНЕКДОТТÆ

* * *

Экзамен историйæ. Ахуыргæнæг Аланы фæрсы:

– Чапаев чи уыди?

– Негрты командир.

– Уый та куыд?

– Урсыты ныхмæ хæцыди...

* * *

Васили Иванович йæ дивизи рæнхъ слæууын кодта æмæ дзуры:

– Сырх салдæттæ! Куыд уæм кæсы, мæргъты æхца истæмæн хъæуы?

– Нæ хъæуы, Васили Иванович!

Гъемæ уын, уæдæ, мæ цæргæстæ, уæ мызд ноздтыл схардз кодтон.

Анкæ йæм бадзырдта:

– Мæ мызд та, Васили Иванович?

– Дæ мызд дæр, мæ зæрватыкк...

* * *

– Васили Иванович, – дзуры Петкæ. – Урс афицеры æрцахстам, фæрсæм æй, фæлæ нын дзуапп нæ дæтты.

– Æхсаргардæй йæ нæ «ахъыдзы кодтат»?

– «Ахъыдзы кодтам», фæлæ уæддæр йæ дзыхæй сым нæ хауы.

– Зынгæй дæр æй афæлвæрдтат?

– О.

– Мæ цъындатæ йæм бадардтат смудынмæ?

– Уæууа, Васили Иванович, æмæ удхортæ стæм?

* * *

Иу чызг скъолайы фондз райста æмæ фырцинæй гæппытæгæнгæ сæхимæ згъордта. Гъемæ, мæгуыр, йæ къах асаста. Иннæ чызг та дыууæ райста. Сæхимæ уæнтæхъил-сæргуыбырæй цыд æмæ æхцайы чыссæ ссардта.

Мораль: царды цы цаутæ цæуы, уыдон сæ фæдыл расайынц æндæр цаутæ. Уымæ гæсгæ лыстæг хъуыддæгтыл тыхсын нæ хъæуы, чысыл уæлахизты фæстæ та хъуамæ фырцинæй тыртына ма фестай.

УÆЛÆМХАСÆН

Зынгæ уырыссаг фыссæг Петр Вайль у бирæ чингуыты автор. Дунейы алы рæтты уæвгæйæ цы фены, уыдон ныффыссы аив æвзагæй. 2003 азы йын рацыди чиныг «Карта Родины» – Советон Цæдис куы фехæлд, уæд Петр зилын райдыдта, Уæрæсейы Федерацийæ чи ахицæн, уыцы бæстæтыл – афтæ райгуырд йæ «фæндаггон прозæ». Фæскавказмæ балцы рæстæг уыдис Ирыстоны дæр. Джиппы йын уадзæм йе ‘рмæг «Ермоловский камень».

Петр ВАЙЛЬ

ЕРМОЛОВСКИЙ КАМЕНЬ

Веселой компанией на двух машинах отправились из Владикавказа в Дарьяльское ущелье. На Военно-Грузинскую дорогу выехать не получалось: за Верхним Ларсом кончается Северная Осетия-Алания (после того как их предки аланы были узаконены, осетины удлинили название не только всей республики, но и любимой футбольной команды – «Спартак-Алания»).

Дальше начинается суверенная Грузия с охраняемой границей, так что в программе значились обед и Дарьял. День стоял полетнему теплый, как бывает в этих краях поздней осенью, но небо затянула легкая дымка, и мы надеялись, подъехав поближе, все-таки увидеть Казбек. Вообще-то он доступен взгляду: Казбек не Фудзияма, но усилия и терпение приложить надо. Я вспомнил, как впервые увидал эту самую воспетую в русской культуре вершину (от великих стихов до популярных папирос). Границы тогда не было, да и город назывался по-другому. Здесь путаются даже местные: в 31-м Владикавказ переименовали в Орджоникидзе, в 44-м – в Дзауджикау, в 54-м – в Орджоникидзе, в 90-м – во Владикавказ. Выехав из Орджоникидзе, часа через два я стоял возле хинкальной в Казбеги и глядел на карту-путеводитель «По Военно-Грузинской дороге». Там помещалась картинка «Вид на Казбек из села Казбеги». Село было, горы – нет. Все остальное

на месте: склон слева, склон справа, на склоне слева – храм. Между ними должен быть Казбек, но нету. Посмотрел на год издания путеводителя и пошел в хинкальную.

Там оживленные люди кричали, размахивали руками, выхватывали с тарелок большие бараньи пельменины, вцепившись щепотью в тестяной узелок, осторожно откусывали, чтобы не вытек пряный, на травах, бульон. На тарелках хинкали были не видны, засыпанные плотным слоем черного перца, который стоял на каждом столе в винных бутылках. Заказав и себе, я снова вышел, на что-то надеясь. Гора слева, гора справа, на горе слева храм, а между ними – огромный кусок рафинада. Ослепительно белый искрящийся Казбек.

Сейчас это пограничная гора. По-грузински – Мкинвари, по-осетински – Урсхох. Северные склоны – Осетия, вершина и южные – Грузия. Казбек все еще прятался в дымке, и мы свернули в Кобанское ущелье пообедать на берегу Гизельдона, притока Терека. В открытую беседку у реки принесли все, что положено: отварную говядину в чесночно-кефирном соусе нурыцахдоне, осетинские пироги, шашлык, вино. В центре каждого здешнего обеда – прославленные пироги: с мясом – фыдчин, с сыром – олибах, вкуснейший из всех с молодой свекольной ботвой и гортанным именем – цахараджин.

Статную официантку звали, конечно, Жизель. Здесь покрывают жизнь красотой, как хинкали перцем, как наш отель «Империал» роскошной живописью местной выделки на мифологические темы, как обед тостами. Когда-то, в начале уже прошлого века, так покрывали привозимым с Каспия морским песком бульварные дорожки Александровского проспекта (он же Нестеровский, Пролетарский, Сталина, ныне – Мира). Владикавказ и теперь сохранил очарование уютного южного города, но даже на главном проспекте, уставленном старыми домами, эту прелесть надо уметь разглядеть, захотеть увидеть, она прячется, как Казбек, в дымку времени, становящемся все гуще, все непрогляднее, все беспросветнее. Невозможно ведь представить, что нынешние власти станут привозить морской песок на проспект Мира. Наш старшой, московский владикавказец Олег, произносил в правильной последовательности тосты по-осетински и по-русски. Много внимания в них уделялось гостям: выходило, что мы достойно продолжаем славный список

тех, кто своим присутствием украшал город и окрестности. Во Владикавказе родился Вахтангов, бывали Грибоедов, Пушкин («Во Владикавказе нашел я Дорохова и Пущина...»), Лермонтов (здесь авторский персонаж «Героя нашего времени» познакомился с Печориным, здесь Печорин расстался с Максим Максимычем), Толстой, Чайковский, работал Булгаков.

Могла оказаться в городе и иностранная литературная знаменитость. В своей книге о путешествии по Кавказу Александр Дюма пишет: «Живя в Тифлисе, я решил потратить неделю на поездку во Владикавказ. Не хватало мне проехать через Дербентские железные ворота – я хотел видеть и Дарьяльские». Однако время оказалось неподходящее – снежный декабрь 1858 года. Проехав большую часть Военно-Грузинской дороги, Дюма вынужден был вернуться: «Страшный завал прекратил сообщение... Не было никакой надежды ехать дальше... Через три дня я был уже в Тифлисе; меня считали погибшим в снегу и надеялись отыскать только весной». В кавказских заметках Дюма много интересных и точных наблюдений, как много и отчаянной чепухи, вроде того что осетины близки к эстонцам, генерал Ермолов сносил голову буйволу ударом сабли, а грузин «в среднем каждый выпивал за один раз пятнадцать бутылок». Непьющий вообще-то французский писатель на Кавказе развязал и с гордостью рассказывает о том, что в тифлисском журнале «Заря» ему выдали документ: «Г-н Александр Дюма посетил нашу скромную редакцию, где на данном в его честь обеде выпил вина больше, чем грузины».

При всем том исторически главное Дюма разглядел, сказав, например, что на деньги, потраченные на Военно-Грузинскую дорогу, можно было бы вымостить весь путь серебряными рублями. В другом месте пораженный француз записывает: «Вот так все и делается в России: никогда начатое дело не доводится до конца, не простирается за пределы абсолютной необходимости конкретного момента. Когда же нужда миновала, начатое дело бросается на полпути, на произвол судьбы вместо того, чтобы поддержать, довести до конца, пополнить, продолжить, завершить...». Что-то очень важное он, не будучи глубоким аналитиком, а просто заинтересованным наблюдателем, понял и в российской политической философии: очень уж это бросалось и бросается в глаза. В политической философии и

социальной психологии, не изменившейся, по сути, за прошедшие полтора столетия: «Россия является неуправляемой стихией... В ее современных завоеваниях есть отголоски варварства скифов, гуннов и татар. Нельзя понять – тем более при современном уровне цивилизации и культуры – эту одновременную и равную потребность в захвате чужого и беспечность в сохранении и улучшении собственного...». Ничто лучше не иллюстрирует мысль о желании чужого и пренебрежении своим, чем то, что происходит на Северном Кавказе. Осетино-ингушский конфликт, чеченские войны, российско-грузинские отношения... Границы здесь не столько государственные и административные, сколько установленные злобой, нетерпимостью, мстительностью, тупостью, алчностью. Границы смертельно непроходимы и в то же время цинично проницаемы. Дюма пишет о «современных завоеваниях», и эта «современность» перемещается из века в век, времени не подвластная. Побродив вдоль обмелевшего Гизельдона, двинулись в Дарьял. Проехали Чми, Нижний Ларс. Ближе к границе машин становилось все больше, у Верхнего Ларса, возле погранзаставы, скопилось множество грузовиков в ожидании пропуска на Военно-Грузинскую дорогу. Мы поглядели на узкий Терек, выпили плохого кофе в придорожной палатке и пошли к Ермоловскому камню – огромному, как считается, самому большому в Европе валуну, на котором будто бы подписал договор с дербентским ханом генерал Ермолов. Тот, который отсекал голову буйволу и, что более примечательно, в начале XIX века разработал на Кавказе победоносную тактику войны на уничтожение: блокировать селение, несколько дней вести непрерывный артиллерийский обстрел, затем вводить пехоту для зачистки. Знакомо, только к пушечным снарядам добавились авиабомбы и вертолетные ракеты, а цель – победа – по-прежнему оправдывает средства. Втроем полезли на вершину Ермоловского камня, цепляясь за редко вбитые стальные скобы и обрывки тросов. Сверху открывалась захватывающая картина. Казбека все равно не видно, но все остальное представало в другом ракурсе – единственно правильном: когда главными становятся не грузовики, челноки и пограничники, а горы, снега, облака. Оттого мы не сразу заметили, как из ворот заставы выбежали и помчались к Ермоловскому камню, разворачиваясь веером, как на

учении, отсекая возможность бегства к шоссе, восемь автоматчиков. Они окружили наших, оставшихся внизу, и приказали нам спускаться. «Кто такие? Сдать камеры! Ты, давай сюда!» – орал сержант. Я увидел, как побледнел Олег и тихо сказал: «Шепотом и на вы». – «Что-о-о?!» «Шепотом и на вы, – повторил Олег. – Кто вас боится?» Сержант вполголоса попросил: «Предъявите, пожалуйста, снимающую аппаратуру».

Нас повели к заставе, где у ворот мы вступили в культурологический диспут с капитаном, который объяснял, что Ермоловский камень есть стратегический военный объект, мы же доказывали, что это упомянутый в путеводителях и краеведческой литературе исторический памятник. Спор прервал взъерошенный усатый человек, прибежавший с дороги: «Капитан, нехорошо получается, понимаешь, одного меня пропускают, а я тебе за двоих заплатил!» Капитан осекся на самом интересном месте. «Ну, армия», – громко произнес Олег, покрутив головой.

Рассаживаясь по машинам, мы обернулись. Капитан, стоя у КПП, поднял руку с растопыренными буквой V пальцами. «Неужели он нас с победой поздравляет?» – удивился я. «Как же, дождешься, – сказал Олег – Напоминает, что во всех случаях победа за ними».

* * *

Гл. редактор	*К. Г. МАМУКАЕВ*
Зам. гл. редактора	*А. М. КОДЗАТИ*
Ред. отд. критики и публицистики	*Р. С. БЗАРОВ*
Шеф-редактор	*И. А. КОДЗАТИ*
Ред. отд. поэзии	*М. Л. ДЖУСОЕВ*
Ред. отдела прозы	*Е. К. МЕДОЕВА*
Корректор	*З. З. КАРАЦЕВА*
Технический редактор	*Н. М. ПРОВОТОРОВА*
Дизайн	*З. Р. ГУРИЕВА*
Компьютерный набор	*М. К. КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 20.08.18. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,63. Учетно-изд. л. 8,72.
Тираж 1000 экз. Заказ № 508. Цена свободная.
Выход из печати 28 сентября 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Æппæлæнтæ, цъыфкалæнтæ дæ зæрдæмæ
ды ма хæсс,
Æрраимæ-иу макуы кæ быцæу.

А. С. Пушкин

Индекс 73247

+12